Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

1/2021
январь - февраль

**ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА**

Дун АхIулгохIалде ахIулей йиго...






АДМИНИСТРАЦИЯ
МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА
"СУЛЕЙМАН-СТАЛЬСКИЙ РАЙОН"


ИСТОРИЯ РОССИИ

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**1**

**2021**

**январь - февраль**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул редактор** ХIамзат ГIизудинов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ТубхIат Зургъалова,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
МухIамадрасул ГIумаров.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

## Номералда руго:

### Редакторасул калам

**ХIамзат ГIизудинов.** Надир-шагь дур цIаралъ цIорозавуна…...........................................3

### Къечон холел руго магIарул иццал…

**МухIамад АхIмадов.** Дун – Дагъистаналъул даимав асир................................................…4

### Кавказалъул гьалдолел къоязул къиса…

**ТубхIат Зургьалова.** Дун АхIулгохIалде ахIулей йиго...................................................… 16

### Къалам, дуца щуре щакъиялдехун…

**ГъазимухIамад ГъалбацIов.** Унти сасунеб гIуж щибдай букIунеб?................................ 39

**ТубхIат Зургьалова.** Эбелалъухъ чIвараб чIегIераб дир кIаз, дур бакIлъи борцунеб роцен бугодай?. «Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб?» *(ЖабрагIил ХIасановасул хIакъалъулъ пикрабиги ракIалдещвеялги)*…......................................................................................................42

### ТIерхьунарел цIваби

**КъурбангIали ПатахIов.** Мунагьал чураяв МухIамад ПатахIовасул эмен КъурбангIалил «Гъудуллъи» журналалде кагъат.................................................................................................…61

**МухIамад Исбагиев**. ПатахIов МухIамад – къадруяв гьудул............................................…63

**ПатIимат МухIамадова.** Ана ПатахIов …...........................................................................64

**Низамудин Гъазиев.** ПатахIов МухIамадиде…................................................................. 65

**НасихIат ГIабдурашидова.** МухIамад ПатахIовасде…..................................................... 66

### ЦIияб тIехь

**МухIамад БисавгIалиев.** ХвечIого хутIарав. .............................…................................. 67

### Буго АхIулгохIил ахIи жегиги…

**Манарша ГIисаева.** ГIиса Шарапудиновасул шигIрияб нух…......................................... 74

### Проза

**ГIали-хIажи МухIамадов.** КIиго хвел…............................................................................ 78

**ХIайдар ХIажиев.** Кьурулъ хутIарал цIцIани. Цоги кьуру. Къисмат..….............................80

### Аваразул Шолохов. Муса МухIамадовас 95 сон тIубаялде

**Муса МухIамадов.** ГIурччинаб квербацIцI......................................................................... 83

---

Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**

**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №1 2021 г.**

*январь - февраль*

*На аварском языке*

Выход в свет 1.03.2021 г.

Тираж 502 экз

Печать офсетная. Бумага офсетная

Формат 70х108 1/16

Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7

Заказ № 819 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*

***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# Редакторасул калам

## НАДИР-ШАГЬ ДУР ЦIАРАЛЪ ЦIОРОЗАВУНА

### ДАССРалъ нусго сон тIубаялде дагьалго пикраби

Ассаламу гIалайкум, хIурматиял магIарулал!

Гьале нилъ дандчIвана 2021 соналда. Араб, 2020 сон, дунялалъего букIана захIматаб, ковид абураб унти багъарараб, пашманал лъугьа-бахъинал гьарзаяб. 2020 соналъул «Гьудуллъи» журналалъул анлъабилеб номер сайгъат гьабуна нилъее киназего камурав аваразул машгьурав хъвадарухъан МухIамад ПатахIовасе. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги.

МухIамад ПатахIов камуна магIарул халкъалъе, гьесул рухIияб ва адабияб ирс хутIана магIарулазе, Дагъистаналъе, литература бокьулезе…

Кинал захIмалъаби дандчIваниги, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовасул нухмалъиялда гьоркь Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъ гIемераб хIалтIи гьабулеб буго нилъер халкъалъул рухIияб даража борхизабиялъе, мацI, адабият ва маданият цIуниялъе, церетIезариялъе.

ДАССРалъ нусго сон тIубалеб сонлъун рагIизабуна Дагъистаналъул нухмалъулев Сергей Меликовас 2021 сон. Гьеб кIудияб лъугьа-бахъиналда хурхун, Дагъистаналъул бетIерас республикаялъул тарихалъулъ кIудияб бакI ккурал гIадамазе шапакъаталги кьуна. «БахIарчияб захIматалъе гIоло» медаль щвана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовасе. «Гьудуллъи» журналалъул редколлегиялъул ва дирго рахьалдасан баркула МухIамад АхIмадовасда гьеб шапакъат, гьарула цIиял бергьенлъаби ва щулияб сахлъи!

«Гьудуллъи» журналалъул исанасеб номер байбихьулеб буго МухIамад АхIмадовасул цIиял асараздасан. Гьединго гьаб номералда магIарулазул машгьурай шагIир ТубхIат Зургьаловалъ 60 сон тIубаялде гьелъул цIияб поэмаги бахъулеб буго.

«Гьудуллъи» ва «Лачен» журналазе подписка почалдасанги, «Дагъпечаталдасанги», редакциялдасанги гьабизе бегьула. Аллагьас магIарулазе тавпикь кьеги гьеб нилъер миллаталъе цIакъ кIудияб кIвар бугеб суалалъулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе!

Араб соналда ковид абураб гIузруялъ гIемерал хIалтIаби гьаричIого хутIана, рагIалде рахъинчIо, хьул буго 2021-абилеб сон икъбалаб букIинилан.

Киназего гьарула унта-щокълъи тIаса агиян, магIарул халкъалъул анищал ва мурадал тIурагиян.

ДАССРалъ нусго сон тIубаялъул хIисаб гьабидал, цIидасанги цебе тIамула нилъер ракьалъул бахIарчияб тарих.

«Гъолода» абураб тарихияб поэмаялда гьадинал мухъал рукIана:

Надир-шагь дур цIаралъ цIорозавуна,
ЦIоралда гьесул вац щущазавуна.
Щибаб щобда гьаниб – бидул лъалкI бессун,
БахIарзазул тарих – заназда бикIун.

Исана 280 сон тIубала Дагъистаналда Надир-шагь щущазавуралдаса, 150 сон ана Шамил имам накълулъаралдаса. Нилъер миллаталъул дунял асир гьабураб тарихалъул ва бахIарзазул баракат камугеги нилъее. Амин.



**МухIамад АХIМАДОВ**

## РЕКIЕЛ АХИ

**Дун – Дагъистаналъул даимав асир,**
**Сириги бан, вуго гьелъухъ валагьун.**
**Аллагьас цIунараб цIар араб улка,**
**ЦIарги кIочон буго, чара хун хутIун.**
**Хунзахъ – болмацIалъул тахшагьаралда**
**Рахьдал мацI кIочараб гIел буго гIолеб...**
**ГIолохъабаз руго росаби толел,**
**Россиялда руго гьанже гьел холел.**

**Рорхатал мугIрузул гохIалги гьарун,**
**ГурхIараб хIал буго дир ватIаналъул.**
**ТIадчагIазе какал ралел лагъзаца**
**Мугъзада лъун буго хIакъирлъидул гьир…**
**Гьанже намусалъул нус бекун буго,**
**Наслабазе къадру къваригIун гьечIо…**
**ГIурус мацIги бицун, гIумру гьабулел**
**МагIарулал руго магIарухъ рижун.**

**Боржун унеб цIудул эркенлъи бугеб**
**Улкалъун букIана некIо Дагъистан.**
**Тана гьелъ гIасрабалъ тIадегIанаб лъалкI,**
**Лъана дунялалда гьелъул кIодолъи,**
**КIудияв Шамилил рагъдаса хадуб**
**Дунялалда лъана нилъер эркенлъи…**
**Гьеб эркенлъиялъул хутIелалъ буго**
**Хвел гьечIолъи кьолеб жеги халкъалъе.**

**Дун – Дагъистаналъул даимав асир,**
**Сардазги къоязги къваридго вуго.**
**Къоло цоабилеб векалъ дир ватIан**

**ТIад малги чIун буго чIчIинтIизабулеб…**
**Рехун тун хабалал, рекарал занал,**
**Руго чIороголъун мугIрул росаби.**
**Рес къотIараб къисмат къабул гьабулел**
**Къоял руго рачIун щибаб рокъоре.**

**Дир хирияб ватIан, гьарула дуда**
**Гьаб дуниялалда дурго бакI цIуне,**
**РакI унтулеб буго духъ валагьидал,**
**Аллагь, хвасар гьабе дуца Дагъистан!**
**Дир магIарул рагIи магIулъун буго**
**МагIарул мацI хвараб гьаб магIирокъоб…**
**МагIарулал, бищун дие хириял,**
**Хвел гьечIелллъун рукIа, ракI магIарухъ те.**

## АХИРАЛ ШАГIИРЗАБИ

**Ракьалда, кьалда гIадин,**
**ГIумруялъ рахIат течIел,**
**РачIунел, унел руго**
**Ахирал шагIирзаби.**
**Ругънал сахлъизаризе**
**Соназул кумек щвечIел,**
**ЧIалгIаде холел руго**
**Ахирал шагIирзаби.**

**ТIерхьула шагIирзаби,**
**ГIемераб заман бачIел,**
**БачIарабгун батараб**
**Балагьалъ росун арал,**
**Росулъ рукъулел руго,**
**Шагьаралда къанщарал,**
**Къадар щун шагьидлъарал**
**ШигIрабазул муридал.**

**Уна бетIер къуличIел,**
**Къуркьизаризе кIвечIел,**
**РекIелъ бугеб АхIулгохI**
**Авар мацIалъе тарал.**

**Гьезул суратал руго**
**РикIкIадасан ралагьун,**
**Гьурмада канлъи бугел,**
**Каранда ватIан бугел.**

**ХутIана гьезул цIарал**
**ЦIар гьечIеб улкаялда,**
**ЦIализе кодобе тIехь**
**Босулареб ракьалда.**
**Рокьул шигIрабиги тун,**
**ЩинкIун ана гьезул бакъ.**
**Поэзия, дуй гIоло**
**ГIаламгун рагъана гьел.**

**Поэзия, дуй гIоло**
**ГIажал къабул гьабуна,**
**Поэзия, дуй гIоло**
**ЖужахI тIаса бищана…**
**Ракьалда, кьалда гIадин,**
**Камула шагIирзаби,**
**ШигIрабазул ракIги чIун,**
**РекIелъ шигIрабиги чIван.**

***2021***

## ЭЛЕГИЯ

**Дунги ина рикIкIаде,**
**РукIкIараб дунялалде,**
**РикIкIун къоял лъугIидал,**
**Къадар къаданиб чIедал.**

**ГIодила КьилимегIер,**
**МагIарул магIуги тIун,**
**ТIуркIила дир Гьонода,**
**Гьунаралъул чIчIваги тIун.**

**Дир бухIараб хIухьелалъ**
**Хьухьазда цIа бакила,**
**ЦIар бугел дир шигIрабаз**
**МугIрул рорхизарила.**

**Дунги ина аниса,**
**Аниб бугеб аниб тун,**
**Абго дунял хутIила,**
**ВатIанги хисиларо.**

**РикIкIаде анагIан дун**
**ГIагарде щвезе вуго,**
**ГIагарал дир мугIрузде,**
**МагIу тIун, цIад балелъул.**

**ГIазул хIеренлъи босун**
**ХIулаби роржунелъул,**
**Вижараб ракьалде гьез**
**ХъахIаб хIикмат кьолелъул.**

**Кьурабазул хIанчIаца**
**ХIайранаб кечI ахIидал,**
**ХIикматал мугIрул цIумал,**
**ЦIар дир ахIун, роржидал.**

**Дун мугIрузда хутIила,**
**МагIарул мацI букIаго,**
**РакIазулъа инаро,**
**Аниб дир халкъ букIаго.**

***2020***

*** * ***

**Пашмалъиги гьекъон, унеб буго къо,**
**Къосараб пачалихъ балагьула дихъ.**
**Аллагьасда цеве эхетун вуго:**
**Буго цохIо рохел – гIужда балеб как.**

***2020***

## ХI А Н ЧI И

**ЛъикI рачIарал, хIанчIи, рогьалилъ рорчIун,**
**РорчIами дий кьезе гордухъ рещтIарал.**
**БитIахъе бакъулал бакънալги рачун,**
**Чанги цIияб къо дий къалъизабулел.**

**Дие нуж рокьула, ракьалдаса тIун,**
**ТIавап зобалазда гьабулел ругел,**
**Гьенир свакаралго, куркьбалги сукIун,**
**РекIелъ роржен лъалхъун, гIодор рещтIунел.**

**Нуж кинабго рахъалъ камилал руго,**
**Калам тIад гьабизе дида кIоларо.**

**Рокьулги кьалулги кьурди берцинал,**
**Кьурабазул сиртахъ свери бахъулел.**

**Их босун рачIунел милъирщабазул**
**Щибаб лахIзат дида ракIалда буго,**
**Риидалил къоял, мокъокъал гIадин,**
**Хуриса хурире роржунел руго.**

**Макказул руккелал раккула тIохтIе,**
**ГонгитIаги рещтIун, гъургъур бачине.**
**Чияр улкаялде роржун унаро,**
**Росулъ къо хIехьола къадакабаца.**

**ТIабигIат хисанин, хаслихълъи щванин,**
**Хасаб сапаралде уна къункъраби…**
**Къо-лъикIилан гьезда хадур ралагьун,**
**Гьорое керен кьун, роржуна цIумал.**

**Булбулалъ гIадинан кечI ахIичIони,**
**ГьечIо щибго пайда кочIохъанасул.**
**Дий хIанчIи рокьула… Гьездасан мисал**
**Босун унеб буго ракьалда гIумру.**
***2020***

## ЛАХIЗАТАЛ ПИКРАБИ

**Кванирукъалъ рукъ хисун,**
**БакIвалиялъ ракI хисун,**
**Холел руго гIадамал,**
**ГIадаллъун буго дунял.**
***2020***

* * *

**Дида батана талихI**
**ЛахIзаталъ гьаб ракьалда,**
**Рокьи, МахIмудил гIадаб,**
**Ккелин букIараб анищ.**
***2020***

## ГI И Н ТI И

**Гьанже дун, магIарул гIинтIи гIадинан,**
**ТIугьдулги тIад ракъван, заз гIадин вуго.**
**ГIадамазда хIенсон, гьел дида хIенчон,**
**ХIал хисун, мех хисун вуго ракьалда.**

РакI рагьанщинахъе, гьурмалъ хьат балей
Хьартай гIадин буго гIагараб ватIан,
РитIухълъи тIагIараб, тIабигIат хвараб,
ХутIел хутIун буго дир улкаялъул.

ШагIир хIажат гьечIин ахIдола хIанчIи.
АхIула гьез кучIдул чияр мацIалда.
ЧиякIо гIадинан гIасрудал ахикь
Ахирзаманалда цеве чIун вуго.

РагIи бижулаго, магIуги гирун,
МагIарул мацIалда угьдулев вуго.
Унти сасунеб бакI батулеб гьечIо,
ЧIобого хутIараб шигIрудул нухда.

Кье дуца, БетIергьан, дун тIовитIизе
ТIогьазда вижарав магIарул шагIир,
ГIинтIи тIегьазабун, бакъ къалъизабун,
Бакъул дунялалда дир халкъ цIунизе.

*2020*

* * *

Дида цо лахIзаталъ кIочана заман,
Ана дир рекIелъа ракIалдещвеял,
БакIиде вахъана дидего данде,
Дицаго диего гьабуна диван.
Щайзе гьеб букIараб? Дида лъаларо,
Лъала хIажат букIин гьеб щибаб къойил:
Къоабилеб векалъ рагIи кьурав дун
Къоло цоабилеб векгун вагъула.

*2020*

* * *

Дон Кихотида тIад бельана дунял,
Данде ккаравщинас речIчIана ганчIал.
Лъималаз рокъоса къватIиве гъурав
Къирал Лир гIадинан, бихьула ватIан.

* * *

Мунагьал гIемерлъараб
ГIумру букIана, Аллагь,
Мун дида тIаса лъугьа,
Гьабула дица тавбу.

ГIемераб хIажат гьечIеб
ХIажатаблъун гьабуна,
Гьабилеб щиб, БетIергьан? –
Мун дида тIаса лъугьа.

*2020*

* * *

**Дир гьинал ракI, гьинал ракI,**
**Гьунар бахчун бугеб бакI,**
**БукIине биччай даим**
**Дур кIутIиялъул бакъан,**
**Рокъове вуссунелъул,**
**Сапараздаса кватIун.**

**Дуда тIад роржанхъизе**
**Риччай магIарул накIкIал,**
**РикIкIада вугеб мехалъ**
**Рохалил салам кьурал, -**
**Дир гьинал ракI, гьинал ракI,**
**Гьоноде ваче дуца!**

**Дир гьинал ракI, гьинал ракI,**
**Гьинлъун лъугьун буго мун,**
**МагIарул рагIи кколеб**
**КочIое канлъи кьолеб, -**
**Кинилъун буго дуе**
**Каранда бугеб ватIан.**

**Дир гьинал ракI, гьинал ракI,**
**БукIине те дур кIутIи,**
**КIудияб дунялги тун**
**Дун арабго, ракьалда:**
**Рокьулел гьал мугIрулги,**
**МагIарул дир миллатги.**

***2020***

* * *

**Черх бакIлъулеб буго, ракI свакан буго,**
**РакIалдещвеязда нух къосун буго.**
**Бакизе анищ цIа цIорораб гъастIа,**
**Гъаргъар барал сонал хинлъизаризе,**
**Хасалил сардица чирахъги бакун,**
**Чиярлъараб ватIан кунчIизабизе.**

**Бокьула Дагъистан, рокьула мугIрул,**
**Кьуна гьез дий къисмат къисаслъун бугеб,**
**Бегуниса чIвараб заманаялда**
**Зани шагIирасда чIагого чIвараб, -**
**ЧIваниги, хваниги дун гьезул вуго, -**
**ЧIахъаги Дагъистан, чIахъаги мугIрул!**

**Дун гьечIо, кечI гьечIо, гьел гьечIонани,**
**ЧIунтарал росабаз ахIулев вуго:**
**«АхIмадил МухIамад, магIарул мацIалъ**
**ЦIале нижее кечI, дугIа гIадинан».**
**ГIадада кьун гьечIо дий магIарухъ бакI,**
**Гьениб, хун хадубги, кIетIела дир ракI.**

***2020***

* * *

**Гьадал щобазде нахъе**
**ЩинкIун арабщинаб бакъ,**
**Бакъул бусен бугилан**
**Ккола доба даимаб.**

**ГIумруялъул щобдасан**
**ЩинкIун анщинал сонал,**
**Бакъул бусада гьезда**
**БатичIо кидаго бакI.**

***2020***

* * *

**Чодаса рещтIуна росдал рагIалда –**
**ГIадат гьеб букIана некIо магIарухъ.**
**Дун гIодосан уна, гIедегIичIого,**
**ГIагараб росулъе вуссунеб мехалъ.**

**Дир лъимерлъиялъул гIицIал хIатIаца**
**ЛъалкIал лъечIел бакIал гьанир хутIичIо.**
**Дун вачIунев вуго, ракIалдещвеяз**
**Бакараб чирахъул канлъиги цIунун.**

**БукIуна Гьонода батIияб гьогьен,**
**Гьунаралъ рекIелъе тIола гьуинлъи.**
**Гьанже дир кочIоца абулеб буго**
**Инсул гъастIа бугин дур бусенилан.**

**Дун талихIав вуго, росулъе щведал,**
**Росу талихIлъани, чIухIилаан дун.**

***2020***

* * *

**Щибниги бицунге, щибго беццуге,**
**Бицун пайда гьечIеб бачIана заман,**
**Замзам гьекъаниги, къеч буссунареб,**
**ЧамасдакI кваниги, ракъи унареб.**

**Мажгиталъул кIалтIа лъалхъун вуго дун,**
**Лъалеб гьечIо нуцIа кинан рагьилеб:**
**Жанибе рагьани, къватIив ватула,**
**КъватIибе рагьани, жаниве ккола.**

**Цебе бекерулеб бихьула илбис,**
**Элда хадуб буго бекерулеб халкъ.**
**Халикъас абула илбис чIвайилан,**
**ЧIаго гьеб гьабулел руго гIадамал.**

**ГIад-хочI гьавула гьез дун унеб нухда,**
**Дуда лъалеб щибин, шигIручийилан.**
**Чиярлъана ватIан, чиярлъана халкъ,**
**ЧиякIо кинигин хутIана шагIир.**

***2020***

* * *

**Дир гIинтIеги къулун, араб гIумруялъ**
**ГIемерал балъгоял бакънал рачуна.**
**Бакъ щинкIараб мехалъ щобазда тарал**
**ТалихIалъул чIорал чIаго гьарула.**

**РагIула щурулеб, букIанин заман**
**ЗахIматаб гIумруялъ рокьул кечI кьураб.**
**Гьеб хутIанин рикIкIад, рукIкIараб сардилъ**
**РекIел кIутIиялъул гьаракьги свакан.**

**Гьанже цебе бугин батIияб гIумру,**
**БетIергьанасул нух гIагар гьабулеб.**
**Гьалдолел къасдалги, къосараб мехги**
**Хираго чIанин дий дуниялалда.**

**Гьанже дир макьилъе лъугьунеб буго**
**ЛъугIел гьечIеб ургъел – ине мех щванин.**
**Щибго хIадур гьечIо цадахъ босизе,**
**Цо вугесда цеве кин эхетилев?**

**Гьединлъидал магIу, рекIелъ бижараб,**
**БакIарулеб буго берзул тIелхазде…**
**ТIадегIанал бераз борхалъудасан**
**Буго канлъи кьолеб, ракьалда гьечIеб.**

***2020***

* * *

**Кье дуца, БетIергьан, рекIее хIалхьи,**
**ХIал лъугIулеб мехалъ хIажатаб сабру…**
**ХIежалде ваче дун цогиги нухалъ,**
**Нухлул ахир гьабе ихдалил ахлъун.**

**Кье дуца, БетIергьан, рухIалъе къуват,**
**Къулараб борхизе хвел гьечIеб дир кечI.**
**ГьечIо гьеб гуреб дир цоги бечелъи,**
**Биччанте хутIизе гьелъул эркенлъи.**

**Дир беразул канлъи дагьлъараб мехалъ,**
**Валагьизе те дун рекIел бераца,**
**Берцинлъи бихьизе дуниялалъул,**
**Дун араб мехалда аниб хутIулеб.**

**Кье дуца, БетІергьан, соназе сахлъи,**
**Лъималазул адаб, рукъалъул хинлъи.**
**Хириялщиназда чІалгІине тоге,**
**ЧІалгІен буссунареб мацІ хвезе тоге.**

**ЦІаралъ цІа цІунараб, цІва борхалъараб**
**БукІине биччанте хутІараб заман,**
**Зани эхетараб къо бачІарабго,**
**Къоло цоабилеб век пашманлъизе.**

***2020***

*** * ***

**Къечон холел руго магІарул иццал,**
**Беццлъулел руго гьел гьанже росабалъ.**
**Балъгоял бералгун дихъ ралагьарал**
**Гьел ратулел гьечІо гьанже Гьонода.**

**Дида цебе чІана НикІкІикь нохъода**
**Кьурулъан рецІцІулел къатІрабазул иццщ,**
**Инсуца, хІикматаб лъимерлъиялда,**
**Дангъура цІун, гьелъул лъим гьекъолеб къо.**

**Гьес, дир бетІералда тІад кверги бахъун,**
**Урхъун дихъ валагьун, буго абулеб:**
**«Гьадинаб иццщ гьечІин, Гьонода гуреб,**
**Гьаб дуда кидаго кІочон тогейин».**

***2020***

*** * ***

**Огь, рукІарал анищ рекІел анищал,**
**ЩущачІел, щапичІел, щобде ртотичІел.**
**ГьечІеб талихІалъул хІухьелги босун,**
**Мискинаб дуниял данде бачунел.**

**Огь, хутІарал анищ рекІел хиялал,**
**Хириял, хвел гьечІел, халкъ гІенеккулел.**
**ГІандаллъуда боял данделъилаан,**
**Дун АхІулгохІалда шагьидлъилаан.**

**Огь, тІуралел ани тІолго мурадал,**
**Дагъистаналъ бетІер борхун кквелаан.**
**ВатІаналъ ахІулеб кинидахъ кочІохъ,**
**Киналгоги цолъун, гІенеккилаан.**

**БестIал лъимер гIадин, гIодулеб бугеб**
**МагIарул мацIалъухъ гIенеккун вуго.**
**ГIеккон тIохалги ун, тIатIала ккарал,**
**ТIадмагIарухъ тарал росаби руго.**

**Эркенлъи, рекарал квералги сукIун,**
**Гъаримго бахчун чIун бихьула бокIнилъ.**
**БукIинесеб гьечIеб цIияб мехалда**
**Ахирзаманалъул гьаракь рагIула.**

***2020***

*** * ***

**Бицунге, бицунге рекIее маргьу,**
**Гьунар херлъун буго, хвел хехлъун буго.**
**Ххвел гьабун ругьунал балагьун руго**
**Гьаб дуниялалъухъ, ургъел гьечIого.**

**ВатIаналъ гьереси ритIухъ гьабуна,**
**БатIияб мацIгун цIар гIумрудуй кьуна.**
**ГIемераб билана, балагь батана,**
**ТалихIги рохелги рихх-рихxун ана.**

**Борцунге, борцунге рекIел берцинлъи,**
**Берцин тIамуларо гьелъухъ гIадамаз.**
**ГIакълу хисун ана, хасият хвана,**
**Хвел гьечIолъиялъул хабар къотIана.**

**Къояз босун буго рекъасул рилълъин,**
**ЛъикIаблъун лъугьана мекъасул гIакълу.**
**Къулун бугеб бетIер борхулеб гьечIо**
**Борхалъи кIочараб дир Дагъистаналъ.**

***2020***

*** * ***

**Кверал карандаса кире росилел,**
**Каранда рижула кочIое куркьбал.**
**РагIиги мун йиго, кечIги мун йиго,**
**КечI гьечIеб бакъанлъун хутIун вуго дун.**
**Панаяб хIухьелгун хIикматаб лахIзат**
**Аза-азар соназ хисичIо, хвечIо.**
**ХвелгьечIолъиялъул борхалъиялде**
**Бахун буго даим цого-цо рокьи.**

***2021***

* * *

**ГӀурччинал гъутӀбузул тӀадагьаб щурщур**
**ТӀаде гьурщулеб их щола ракӀалде.**
**Мехал рахъанагӀан, хасел щванагӀан,**
**ГӀумруялде ахӀи балеб буго гьелъ.**

**Щобазда тӀегьарал тӀугьдузул бадиб**
**ТӀокӀкӀараб ицц гӀадин, гӀодана рокьи.**
**Ракьалъул нухазда херлъи рещтӀиндал,**
**РакӀ хехлъулеб буго гьелъул гьаракьалъ.**

**ГӀурччинал гъутӀбузул гӀурччинаб щурщур…**
**ГӀурччинал чирахъал ракарал рохьал**
**Рихьула рикӀкӀада, рекӀеде бараб**
**РекӀкӀаб гӀазуца гьел кӀоченаричӀо.**

**БукӀинчӀо ракьалда рокьул цоги кьер,**
**Кьуна гьеб гӀурччинаб, гӀумру гӀадинаб.**

***2020***

* * *

**ГӀисинккун бачунеб бакъан къотӀана,**
**КъватӀазда маркӀачӀул бецӀлъи бегана.**
**Бальго гаргадилеб буго сихӀкъотӀи,**
**БатӀияб цо хӀасрат буго пикрабалъ.**

**ГъастӀа цӀа бакулей йихьула эбел,**
**Эмен магӀардаса вуго вуссунев, -**
**Гьелдаса талихӀаб лахӀзат букӀинчӀо,**
**КӀудияб ракьалда кьурал нухазда.**

**ГӀумруялъ гӀемераб гӀин кьурана дир,**
**Кьурабазул парсаз кьуна дий дарсал.**
**Санал ана роржун, божилъи босун,**
**БажаричӀо дихъа дунялгун рекъон.**

**Рокъове щваравго бачӀуна сабру,**
**Салам буго дие кьурабаз кьолеб,**
**…Эбелалъ гъастӀа цӀа бакулеб гьечӀо,**
**ЩӀадутӀе къулизе чи хутӀун гьечӀо.**

***2020***

* * *

**Дунги гаргалев тун, гарица чӀвана**
**ЧӀагояб рокьул их, рекӀелъ букӀараб.**
**БакӀал ургъелазул зобги гъугъадун,**
**Гъаргъар базабуна кочӀол мухъазда.**

**ХъахӀаб ахикь гъутӀби чӀегӀерлъун руго,**
**ГӀищкъуялъул цӀаялъ рухӀарал гӀадин,**

**ХIасраталъул гьаракь гьоркьоб ун буго,**
**Рокьул улка рагъда къураб кинигин.**

**Щиб хутIизе бугеб дун ун хадуса,**
**Хадуб гIодизе дур рокьи гьечIони?**
**ГьечIиланищ телеб букIараб гIумру,**
**РекIел кIутIиялъ дур цIар ахIичIони?**

**ВатIанги рокьиги цо букIана дий,**
**Цо бугеб гIумрулъун, цадахъ кьун ругел.**
**Кьун рукIарал гIадин, рахъунги ана,**
**Рахъу хадуб хьвагIун, гIумруги тана.**

***2020***

* * *

**Гьале цогиги лахIзат**
**ХIикматго боржун ана.**
**ХIикматаб лахIзаталъул**
**ЛахIзатаб хIикмат чIана.**
**ЛахIзат – даимлъиялъул**
**Дандерижи лъугьана,**
**Амма нилъей ракьалда**
**Кьола щивасул заман.**

**РакIалдещвеял руго,**
**РакIалдаса унарел.**
**РекIел пикраби руго,**
**Кинидахъ кечIлъун ругел.**

**МагIарухъа унебги**
**МагIарухъе унебги**
**Нухда хутIун вуго дун, –**
**ХутIараб как балаго.**

**Каранда канлъи буго,**
**БукIинеселда лъалеб.**
**БукIинесебги буго,**
**Нилъеда жиб лъалареб…**
**…Гьале цогиги лахIзат**
**ХIикматго боржун ана,**
**ХIикматаб лахIзаталъул**
**ЛахIзатаб хIикмат чIана.**

***2021***

* * *

**Шагьаралъул ахикь булбулалъул кечI**
**Буго дир рекIее дару гьабулеб:**
**Гьеб дида рагIана Тегераналда,**
**Лъана Ширазалда ва Рязаналда.**

**Гьеб дида рагIана магIарул росулъ**
**ГIинтIидул гьотIода тIад чIун ахIулеб,**
**ХIухьел гIумруялъе кьолеб кинигин,**
**Кинабго сверухълъи чIаго гьабулеб.**

**Булбул буго гений…Гьелъул гьаракьалъ**
**Гьаб ракьалъул гIумру берцин гьабула.**
**Бицаде хутIулел бакъналги рачун,**
**Ракъиги къечейги кIоченарула.**

**Дунялалда булбул букIинчIебани,**
**РукIинаан гъудул шагIирзабилъун.**

***2021***



**ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА**

## ДУН АХIУЛГОХIАЛДЕ АХIУЛЕЙ ЙИГО...

*(АхIулгохIда къеркьарал руччабазул къисаби)*

Поэма

*«…Шамилил цIар цIунун хитIаб гьабулей*
*Херай чIужугIадан щола ракIалде:*
*ГIазабазин бугеб къулун гьаб дир черх,*
*ХутIана кьалазда дир лъабавго вас.*
*Амма, дир бахIарлъи нахъ буссанани,*
*БахIарзал гьарила жеги мугIрузе…»*

**А. Бестужев-Марлинский.**
**«МагIарул росабалъ гIоде, мусудул»**

**I.**

**Миллаталъул тарих хиралъанагIан,**
**Гьелъул тIадегIанлъи тIаде лъанагIан,**
**Авар руччабазул наслу ятидал,**
**Дун АхIулгохIалде ахIулей йиго…**

**МагIарулай йикIин бичIчIаралдаса**
**Дун чIухIарай гIадин, ясал чIухIизе,**
**ГIенекке, бабалин, нилъер аслудухъ,**
**АхIулгохIил гьезий бицуней йиго…**

**2.**

**ГьитIинго каранда рещтIана анищ**
**Имам Шамилида хьолбохъ йикIине,**
**Дун гIадал ясалгун АхIулгохIалъул**
**БахIарзазда гьоркьой дунги ятизе.**

Пикрабазулъ чанги паркъана цере
Церего къанщарал гьел итаркIаби…
Бихьиназда хадур тункIал цIолелъул
АнцIго сонцин гIечIел дир гъазизаби…

Цинги – гьезул улбул, бачун зикругун, –
Россабазда хьолбохъ, вацазда цадахъ,
Хъизанги ВатIанги цIунун, хучдузде
ЧахтIазулъ кIанцIулел мугIрул гъалбацIал…

Цинги… рагъ сасарал сардаз къвал байдал,
Къоялъ берго чIвачIел россал чIван рати…
Ракъунги къечонги рагъун хадуса
Рахь бакъвараб керен хахулел тIанчIи…

Нахъойги рахъун ун, рогьел щвелалде,
Шагьидзаби лъезе рухъулел хобал,
Рата–ратаралъур гьел рукъулаго,
Мукъулукъ къакъалел магIил рагIаби…

РекIей хириязул биялъ релъарал
РетIунел гужгатал, гурулел къвалал,
Гурун, дозул тIагъралъ гъалалги рахчун,
Гъерезе рорхулел дозул хвалчаби…

3.

…Цебеса унаро, хочодаги ян,
Зодое йорхарай дир магIарулалъ
Тушманасде тулеб багIараб хIацIу…
Беразулъ беролеб гьев тIутIулеб щцин…

Херай магIарулалъ, хьамигун цадахъ,
ХьвагIун, тушманасул чохьолъ къан гIащтIи…
КIиябго хIетIегун цо квер камурай
МагIарулалъул квер!
Дур хIалчIахъаги!

ХIатIазул бакIалда, гьеб квералъ яччун,
Цинги кIиябго гьеб цо квералъ хисун,
АхIулгохIалдаса тIураб гьорчолъун
Гьей ГIандигIурулъе «кIанцIулеб» лахIзат…

ЦIар хутIичIо гьелъул, «цо гIадан» гуреб,
ЦIаруй гIоло гуреб ВатIан бокьулеб…
Аммаха гьелъул квер, гьелъул цохIо квер –
Миллаталъул кверлъун хутIана дие!

…РекІелъа унаро мугІрул руччаби –
ГохІдасан гІурулъе роржунел цІумал!
Гьезда цере-цере – хачадилаго
«Баба!»-йин ахІдолел алжанул хІанчІи!

ХІулигІан тІадагьлъун ракъван лъугІулел
Лъимал цере тункун, хадур кІанцІарал!
Алжан босилалде гІурул лъимгІаги
Щванин нужейилан гьабула щукру…

4.
…Хъурщизе бабае кумек гьабейин
ГьитІинай кІияйго ясалги гуккун,
Гьелги каранде къан гІурулъе арай
ГІоротІаса Хутай! Жакъа анищ мун!

Шамилил Жавгьарат – къоялъги ягъун,
Къаси тІинав СагІид квенчІелда лъолей,
Радал рикьун щварал чІералъул мугьал,
КъулчІичІого, кІалдир гьесий цІунарай…

Шамилил багьадур – Колоса Сурхай,
Дургун бикьараб тІул кьвагьун иналде,
Дур чухъаги ретІун, дур хвалчен босун,
Босараб духъ рецІел дур яц Нуцалалъ.

АхІулгохІ телалде, тушманасухъе
Щвезе гурин жиндир тІинаб жавгьарин,
Яс, гъоркье рехизе, кьурде ячунев
Огь Балахьуниса бахІарчи Муса…

Микьго сон гурони, гІумрудул гьечІей
ГьитІинай Эгъелда – дий хиралъарай:
Рехугеха, дада, дун кІкІалахъейин,
Нохъодаго чІелин, дун чІаго тейин…

5.
Августалъул бакъукь АхІулгохІалда
АхІул ишараби – мугІрул руччаби!
Чалмаби чІухІарал огь нужер чахтІал!
Хвалчабазда хьолбохъ огь нужер хунжрул!

…Дун АхІулгохІалъе къулун, йорхидал,
Гьениб Къиямасеб къо цебе чІола…
Черхалъул хутІелалъ гІащтІи хьвагІулей
Херай магІарулай даим йихьула…

6.
ВатІанги миллатги хиралъун кьурай,
Гьеб хвасар гьабизе гьунарги гьечІей
Дун АхІулгохІалде ахІулей йиго…
Гьебги каранде къан, гІодулей йиго…

* * *

*Умумулгун ургъун, улбулгун чучун,*
*Чан ургъалил сордо бадиб борчIараб?*
*Радал тIаде рахъун, тIул бикьаразда,*
*Къасде рихьиларин, къочардулаан.*

*ХIанчIаз рехун тараб АхIулгохIалда*
*Ургьиб ракI хIеккараб магIу тIолаан.*
*Зобалазда ругел малаикзаби!*
*Чара бухIун бугин, гурхIуларищ нуж?!*

**Халкъияб кечIалдаса.**

* * *

**Дуниялалъулго тарих бегани,**
**БахIарзал-руччаби гIезегIан руго.**
**Амма АхIулгохIда магIарулалъул**
**МагIна, гьеб ГохIалда гуреб, лъаларо…**

**Нилъер бихьиназул къадар дагьлъани,**
**Къадарлъилагури гъазаватилан,**
**Гьезда цере кIанцIун, кIиго нухалда**
**Гьужумалъ арал гьел рагIун ратичIо…**

**Живго тушмангицин асир гьавураб**
**Гьезул багьадурлъи борцун батичIо,**
**БетIергьан Аллагьги эркенлъигиян**
**АхIун, гьеролел гьел рехсон ратичIо.**

**ЦIакъго дагьал щвана дихъе гьел цIарал,**
**Нилъер тарихчагIаз цIунун ратарал.**
**Нилъеего гIадин, нилъ рокьиларо…**
**Гьезул рокьиялъе дун къулун йиго.**

* * *

*Шамил-имамас Гох1 тун, къоло щуго сон индал,*
*Г1уриса шайхун гьарим гьенив щойзе ун вуго.*
*Щибго хиси гьеч1ого, ч1аго йигей кинигин,*
*Ч1ужуг1адан херасда г1одой ч1ун ятун йиго.*

*Парталцин турич1ого, тамашаяб х1алалда,*
*Рух1 гьеч1еб гьеб къаркъала берцинго бук1ун буго.*
*Цойгиги г1ажаиблъи – бот1рода къараб к1азил*
*К1иябго г1инщ койраца гьелъ ккунги батун буго.*

*Ккурал гьел к1азил г1инщдул рухьунги рук1ун руго,*
*Ричун, гьав к1удияв чи жанив валагьун вуго.*
*Гьелъул цояб рахъалда – хъатг1анцин гьеч1еб ханжу,*
*Цогидаб рахъалдаги ц1ам гьесда батун буго…*

*Гьадинаб ракъи-къечги, къварилъи-балагьалги,*
*Балагье, бусурбаби, нелъеда рихьун ругищ!?*
*Шукру ккела гьабизе гьалщинал ниг1матазе, -*
*Щун гьеч1ищ нелъей заман тавбоялде руссине!?*

**Ч1ик1аса Саг1ид-афанди (къ.с.)**

* * *

**Гьанир жал рехсаралги,**
**Рехсезе дий щвечIелги,**
**Дагьалги бахIарчиял**
**Ратизе рес бугелги,**
**Амма АхIулгохIалда**
**Мачуяз цIар хъван тарал**
**Дир магIарул руччаби,**
**Нуж гьардарал, дахIалал!**

**ГIагарал бихьиназул**
**Адаб борхатго кквезе,**
**Гьал ясазе, яцазе**
**ЯхI, нужер гIадаб, кьеги!**
**Кьуру гIадин щулияб**
**Намусги цадахъ босун,**
**Кьурса гъоркье кIанцIарал**
**Нуж гьезда кIочонгеги!**

**Нужер даража-макъам**
**Жеги тIадегIанлъаги!**
**Нужер баракат камун,**
**Наслаби хутIугеги!**
**Хиралъаги гьезие,**
**Нужее гIадин, ВатIан!**
**ТIеги гьезул чорхолъе**
**Нужер гIадинаб иман!**

**Дунги гьаюрай анищ**
**Нуж гьарурал соназда,**
**Сси бугел нужгун цадахъ**
**АхIулгохIда ятизе…**
**Кинниги, нуж хиралъун,**
**Къалам кодоб босидал,**
**ШафагIаталъул бутIа**
**Хъван гьечIодай дий щвезе?!**

I.

*«Бищун ракI ссудизабулеб сурат АхIулгохIалда букIана хварай эбелалъул керен хахулеб лъимер».*

**Генерал Милютин**
***(гIурусазул рагъул тарихчи).***

## ШАМИЛИЛ ЧIУЖУ ЖАВГЬАРАТ

**АхIулгохIда рагъуе**
**ХIадурлъулеб замана.**
**Хъизан-лъималгун цадахъ**
**Гьеб гIуцIулел муридал…**
**Цо нухалъ гьенивейин**
**КъачIарав имамасда**

**Цадахъ йилълъине изну**
**Гьарулей йиго лъади.**
**Каранда вас хахулей**
**Дуе захIмат букIинин,**
**Лъоба бихьиназулги**
**ХIалтIи гьабизе кколин,**

Бадий юссун кӀалъачӀей,
Гъасул рекӀел тӀегь гӀадай
Жавгьаратил гьеб пикру
РикӀкӀад цуна имамас.

Амма, ургъараб мехалъ,
Гьей йитӀарай ятана:
Гьей гӀадинал дагьалищ
АхӀулгохӀалда ругел?
Гьезул гьечӀелищ лъимал
Карандагун мугъзада,
 Гьезда гъорлъ рекъеларищ
Имамасулги лъади?

КъачӀайха йилълъинейин,
Кодове восана вас,
Жавгьаратихъ валагьун,
Дагьав гьимана Шамил:
ГӀолохъанго йикӀаго
Гьелъул гӀакъиллъи бихьун,
Жинда хьолбохъ ятизе
Бокьана гьесий лъади…

Гьей ячӀиндал, дандего
Рекерана руччаби.
Имамасул мисалалъ
Рохана муридзаби.
ЯчӀун яхъиналдего,
Васги мугъзада вухьун,
ХӀалтӀуда гъорлъ жуяна
Шамилил Жавгьаратги.

СагӀид хахизе гурей,
Гьей гӀодой чӀолароан.
Свакго лъаларейилан
Руччабаз абулаан.
Имам хиралъиялъги,
Гьев разилъи щвеялъги,
Къойил гьев вихьи гуреб,
ХӀалхьи цӀехечӀо гьелъги.

Минаби ралезулъги,
Лъим бахъулезда гъорлъги,
Вас кьижидал мугъзада
ГамачӀ баччулелъулги –

Руччабазе мисаллъун
Лъугьун йиго Жавгьарат.
Гьимулаго, гӀедерго
Кийго щола Жавгьарат.

Гьелъухъ валагьун, Шамил
Живгоги хӀайранлъула.
«ХӀалалай дир лъади…» – йин
РекӀелъго эдула.
Амма, гьанал бугелъул,
Гьелъул черх свакаларищ?
СагӀидие хахизе
Рахьги ккезе ккеларищ?

Цо къоялъ, чӀезе гьаюн,
Имам гьелда кӀалъана:
ЗахӀмат бугоха, гьудул,
Дуейилан абуна.
Гъоба росулъ букӀараб
РахӀаталдаса дие
Гьаниб захӀмат бокьилин
Лъадуца жаваб кьуна…

…Гьединан ана къоял
Шамилил Жавгьаратил,
ТалихӀаллъун рукӀана
Гьел имамасул лъадул.
ЛъачӀого тӀаде щвана
Жал щвезе рукӀин лъалел,
Амма гӀазаб къулчӀарал
Гъазаваталъул къоял;

Къадруги эркенлъиги
Сундухъниги кьолареб
Кьурабазул наслуялъ
Лъим къулчӀичӀел дол къоял;
Гьоболасе квен кьурал
МагӀарулалъул квераз
ВачӀарав тушманасе
Хвел кьолел кьогӀал къоял;

КӀазал чӀварал гъалбацӀаз
Гъурулеб солдат бихьун,
ГӀурус офицерзаби
Асир гьарурал къоял…

Рагъул цебесеб кьерда
КъотIарилей йикIарай
Гьединаб цо къоялда
Жавгьаратги лъукъарай.

Гьелъул мугъзада вукIун,
Гъажалда гуллаги щун,
АхIделев, чIичIидилев
Вуго гьитIинав СагIид.
РухI лъугIулей бабаца
Вас кереналде цIцIана,
Гьесул рухI хвасарлъизе,
Гурдил кIичIал рагьана:

«Дагьалъги сабру гьабе,
РухI бахъулев малаик,
РухI букIаго гурони,
БачIинаро диде рахь!
Изну кье, дун хвелалде,
Гьаб тIинчI гIорцIизабизе,
ЩIакъго гьитIинго вугин,
Виччанте гьев хахизе!..»

ХIацIуялъ тамахлъидал,
ЧIамун, васасе кьезе,
Якъун, тату хваниги,
КъулчIичIого цIунараб
ЧIерги гьесие баккун,
Лъим жинцаго гьарана,
АскIов Унсоколоса
ТIагьир ватун, йохана.

(Огь, бухIаяб дуниял! –
БухIун бежулареб ракI!
Лълъехъ гIащикълъун - бабал кIал!
Бабал рахь къваригIун - тIинчI!
Эбелалъе лъим щвани,
Щвелаан тIанчIие гьеб…
Биги магIуги гуреб,
ЧвахxичIеб, огь, АхIулгохI!)

РухI бахъулелщиназе
Кьезе лъим щун хадуса
РухI кьезе хIадуралги
РукIана АхIулгохIда.

Амма месед щвелаан
Лъим щвезегIан гьесухъе…
Чунтбузухъ цох1о курак
Батана Т1агьирида.

ГьитIинаб УхIуд гIадаб
АхIулгохIда батараб
Куракги къулчIун, ана
Жавгьарат алжаналде.
Хварай гьелъул каранда,
Дада-бабаги бачун,
Бида бецIцIулеб гъежгун
ГIодулеб тана гьелъ тIинчI!..

Тушмангицин чучулеб
Гьеб сурат бихьун хадуб,
Имамги ракIалде щун,
Къварилъана муридал…
АхIулгохIалда гуреб,
БихьичIеб гьеб сураталъ
Ссудизавун пайда щиб
Пачаясул генерал?!

Жавгьаратида тIадго
ТIепун, керен хахулев
Шагьидлъи хъван батана
Шамилил СагIидие… -
КIиго лъагIел букIаго
Лъукъарав гъазиясе,
Бабахъе боржун араб
Алжаналъул хIанчIие…

Лъукъаразул цIун бугеб
Нохъоялъул чIарбида
РухI бахъана цин бабал,
Цинги гьелъул СагIидил.
Жий хвезегIан чIайилан
Гьелъ гьарун, нохъо течIев
Балахъуниса Мусал
Щвана гьезие ясин.
…МоцIал ун хадув щвана
Шамил гьезул хабаде,
Муридзабаз, кIкIалахъе
Риччан, гьенир лъуразде.
Рукъараб къоялъ гIадин,

**Ратана жаназаби…**
**Имамасе бокьухъе**
**Росана АхIулгохIде.**
**Гьедин парахалъана**
**Жавгьаратги СагIидги –**

**Шамилие хириял**
**Лъадиги гьезул васги.**
**АхIулгохIда бухъараб**
**Ахирияб хабада**
**ДугIа гьабулев тана**
**Муридзабаз имамги…**

**II.**

*МугIрул чIужугIадан, чIинчIуялъ гурищ*
*ЙикIарай некIого берцин гьаюн мун?*
*Гъурщарал расазул гIурусай гуро*
*ГIурулъе кIанцIарай АхIулгохIалда.*

*…Бице, кибе араб авараზул яхI,*
*Гучал умумузул учузал ясал?*
*Кибе рехун тараб магIарул намус,*
*ГIоралъ хъамулареб, цIед бухIулареб?*

**ЖабрагIил ХIасанов.**

## ГIОРОТIАСА ХУТАЙ

**Имамасе ритIухъав,**
**Бищун лебалав мурид –**
**СагIадуллагь ГIоротIи**
**ГIажал гIагарлъун вуго.**
**ТIолго хъизанги бачун,**
**АхIулгохIде вачIарав**
**ВатIан хирияв цойги**
**Мурид къанщулев вуго.**

**Тушманасул гуллбуца**
**Сипат-сурат хисарав**
**Росасда тIад хурхана**
**Хирияй гьесул Хутай.**
**Иман щулалъаниги,**
**Щукру кIоченчIониги,**
**Хоге, дир лаченилан,**
**Чара хун йиго Хутай.**

**Хвалил кьогIлъи гурони,**
**РухI черхалъулъ хутIичIев**
**СагIадуллагьил бераз**
**Бихьизабуна ярагъ.**
**Росасул балагьицин**
**БичIчIулей магIарулалъ,**
**Гьес берал къанщилалде,**
**МагIу тIун, борчана гьеб.**

**АхIулгохIалъул тIугьдулъ**
**ТIолаздаго халлъулей,**
**Хадуй, хIаталдаса ун,**
**Берцинайгун чIурканай**
**СагIадуллагьил чIужу**
**Йоржана тушманасде,**
**Ххарун, магIарде щолел**
**Апшероналъулазде.**

**Дир хьергъу чIвазе кIварал,**
**Гьай дица гъурилин нуж,**
**Гъерезе байбихьана,**
**Бихьинчияс гIадин, гьелъ.**
**ЧIужугIаданалъ хвалчен**
**ХьвагIулеб куц бихьидал,**

РекIеда ратилалде
Хъвехъана солдатал гьелъ.

Амма гьезул чангояз
Ишаналъе йосарай,
Жийгоги хьергъу гIадай
Лъукъана магIарулай.
МугIрузде рачIун ругел
Гьел зулмучагIазухъе
КкечIого йикIинелъун
Нахъе хъурщана Хутай.

Щуго, анкьго сон барал
КIияйго жиндирго яс
АхIана гьелъ аскIоре,
Гьарана гьезда кумек:
«Яче, бабал дарманал,
Дун доб кьурул рагIалде,
Нилъерго дадал рухIалъ
Нилъго хвасар гьаризе…»

Бида ецIцIулей бабал
Калам бичIчIичIел гьезул
ГьитIинал квераз цIцIана
Кьурде гьелъул къаркъала.
Къуват лъугIун иналде,
Ялагьана гьей гъоркье,
Гъоба беролеб бугеб
Гучаб ГIандигIоралде.

Ахираб рухI бакIарун,
ТIанчIи каранде къана,
ХIасраталдаги баун,
Роржине риччан тана.
АхIдолел рекIел кескал
Кквезе дагьалъ хутIана…
Тушман гьезда хъвазегIан
ГIурулъе риччан тана.

ХIинкъуге, бабалилан,
Баба гьабсагIат щвелин,
ГIорцIизегIан лъабазго
ГIурул лъимги гьекъелин.
Цинги дадада аскIор
Алжаналда рукIинин,
КIанцIун ана гIурулъе
ГIоротIаса Хутайги…

## ТIИНЧI ЧIВАРАБ ГЪАЛБАЦI

Лъукъун, ругъназул цIурав
Мурид гIащикълъун вугеб
Лълъеда хадур кIкIалахъе
КIиго чIужу къачIана.
Жалго чIваялда хIинкъи
Цебего кIочон тарал
АхIулгохIил руччаби,
ГохI тун, кIкIалахъе щвана.

Лъимер каранде къарай
Кьурул ракьандаги тун,
Цояй – гIурул рагIалде
Рахълъенгун екерана.
ГохIдаса эхер унел
Гьел рихьарал солдатал
Гьел гIодоре щвезегIан,
ГъоркьчIел гьабун, рукIана.

Лъльел цIун ячIуней йигей,
Данде ун, чIезаюна,
ЧIван хучдулгун, эхеде –
Гьаваялде йорхана.
Бигин жубараб хIацIу
Капуразде тулаго,
МугIрузул гъазиялъул
Меседил рухI босана.

ВахIшиял тушбабаца
Ада чIвалеб куц бихьун,
ЧIичIидилеб лъимералъ
Жалги тIатинаруна.

Солдатал гІагарлъидал,
Гьел гурхІизе бегьулин,
Кьурул ракьанда чІаралъ
Лъимер кодоб босана.

Гьедин гурхІараб хІалалъ
Эбелгун тІинчІ бихьани,
Жибго жанаваргицин
РикІкІадасан инаан.
Чияр ракьалде рачІун
Гьеб талавур гьабулел
Гьал «жанавараз» лъимер,
Хеч къан, нахъе рехана.

ТІинчІ чІвараб мугІрул гьалбацІ
Бахъун нусгун йортана,
ТІад речІчІун, солдатасул
РекІелъ тІерхьинабуна…
Капурал мунапикъаз
Жиндир рухІ бахъилалде
Гьалъ ракІ борлъарав майор
Тарасевич ватана…

III.

*Унго, дир рекІел чІухІи –*
*АхІулгохІдаса яцал!*
*Вацасул къадру цІунун,*
*Кьурса гъоркье кІанцІарал!*

*Огь дир магІарул яцал –*
*Гьанир тІадегІанлъарал! –*
*ТІулиласда цадахъго*
*РухІ бахъизе хІадурал!*

## ШАМИЛИЛ ЯЦ ПАТІИМАТ

ГьитІинго дун хІайранаб
АхІулгохІалъул тарих
ЧІахІияз бицунелъул
Цо гьей цее чІолаан.
Цойгиязе мисаллъун
Вац – имамасул амру
ТІоцебе тІубарайлъун
ПатІимат йихьулаан.

АхІичІого рачІарал
Пачаясул чукъбузул
Чахьал рихъулей гьелъул
Цциналъ хІикмалъулаан.
Имам Шамилил яцалъ
ЦІунулеб мугІрул улка
Дийги гІахьалаб букІун,
Долдаса чІухІулаан.

…Гьале данде вачІунев
Пачаясул офицер,
ПатІиматил ханжаралъ
КъотІулеб гьесул бетІер…
Шамилил хирияй яц
ЙикІине кколин гьейин,
«ТІад речІчІун, ккун яче!» – йин
АхІи балев полковник.

Гьесул мацІ бичІчІуларей
БахІарчІужу ккевезейин
Жинде вортун вачІунев
Вихьана гьелда солдат.
АскІове гІагарлъарав
Тушманасда кодоса
Кьурун туманкІ бахъулей
Гьес лъукъана ПатІимат.

БацIаз сверун ккун бугеб
ГIалхул чаналда релълъун,
Чанги солдат бахилай
Сверун ккуна ПатIимат…
Унго, бихьарабани
Гьеб лахIзат Шамилида! –
Щу-щу цадахъ хъвелаан
Дур вацас гьел, ПатIимат!..

ГьебсагIаталъ паркъана
Яцалъул пикрабазулъ
ТIулбикьарав имамги,
Имамасул амруги. –
Нуж кверде унгейилан
Абун букIинчIищ вацас,
Нагагь ине ккканани,
Хваян букIинчIищ буйрухъ?!

… АхIулгохIда къеркьарал
Къадруял руччабазе
Бихьиназул бакIалда
Чанги хIалай бахъараб,
ХIал гьезде кколеб мехалъ
Мугъзадаго лъималгун
Гьезда цере къедлъун чIун,
Руччабаз жиб хьвагIараб;

МагIарулалъул хъатикь
Жибго ватIаналъ лъураб,
АхIулгохIда гьелъул цIар
Наслабазе хъван тараб
Ханжаралъ гьел «бацIазе»
ХIинкъабиги кьолаго,
Кьурул рагIалде юссун,
Екерана ПатIимат.

БетIералдаса бахъун,
Гъурмада шалги жемун,
Йоржун, ГIандигIурулъе
ТIерхьун гьей унеб мехалъ,
«У, Шамилил яц йигин,
Гьанже дирги ракIчIанин,
ЧIахъа мугIрул чIужу!» – йин
ЧIун хутIана полковник.

* * *

КIиго лъагIелалъ цебе,
Вацасул амру тIубан,
Бахъун ракI унеб гIадин,
Ана ПатIиматил вас.
ТIелекь аманаталъе
Гьалъул ХIамзат аниги,
АхIулгохIда имамас
Кьуна Жамалудинги…

КIиясулго цо къисмат –
ГIурус офицерзаби.
КIиязулго цо унти –
Цадахъ гIадинаб къадар…
Цояй – яц, цояй – лъади –
КIияйго ПатIиматил
ГIекколел берал рихьун,
ГурхIун пайда щиб имам…

Вацасул хIукмуялъе
Гьенийги мутIигIлъарай,
Вас тIадвуссунги кьелин,
Хьулаз хьихьун йикIарай,
Вацасул амру тIубай –
Яцалъе борч букIиндал,
Нахъойги гьебги тIубан,
ТIерхьана гьей гIурулъе…

## ЦО ГIАДАН – МАГIАРУЛАЙ

«Цо гIадан…» – гьедин буго
Тарихалда хъван гьелъул,
АнцIила анкьго сонилъ
Йигей гьитIинай бабал…
Кинабго гIагарлъигун
АхIулгохIалде ккарай,
Лъимаде жий йикIаго,
Гьенив рос чIван хутIарай…
Ургьиб бугеб тIинчIгицин
ЧIералъул мугъаз хьихьун,

Хьибил гIодоб лъезецин
Намусалъ жий йиччачIей;
Тушман ганчIица чIвалел
БахIарзал-руччабахъе,
Чехьалда лъун, кодоб ккун,
ГамачI къоялъ баччарай.

Яс гьаюн хадусаги
Гьелго ишал тIуралей;
Цо ракIчIей, цохIо мугъчIвай –
Эбел йикIун йохарай.
Амма, солдатас хеч чIван,
Гьейги жиндий камурай, –
Сундасаго захIматаб –
Эбел юкъизе щвечIей…

Хочоца гьалъул баба
Кьурса гъоркье рехана,
Цо гамачIалдаги ян,
Гьений далун хутIана.
Хирияй эбелалъул
Жаназадухъ ялагьун,
Кьурул рагIалда кIусун,
Гьей къойил гIодулаан.

Каранде лъимерги къан,
(Жийгоги лъимер гIадай)
Цо сордоялъ ургъана
Бабахъ къисас босизе.
МоцIрол канлъухъеги ун,
Гьеб тIубазе анищгун,
ГIедегIун, яхъана гьей
Яс цадахъ хIадуризе.

Ратарал цо чIартазулъ
Жемун, гьейги кодой ккун,
Бабаца жинда гIадин,
ГьитIичида баана.
МагIу лъугIарал берал
Бид рецIцIулел рукIана,
Макьу тараб черхалъул
Чара тIагIун букIана…

БитIун тушбабазухъе
Гьей къватIие яхъиндал,
АхIулгохIда тIибитIун
Рогьалил как ахIана.
ХIанчIулаго кIутIбигун
Гьезде гIагарлъулаго,
«ХIарамзада! Жасус!» – ин
Хадуб ахIи рагIана.

РакIалдаго гьечIого
ТIаде ячIарай ясалъ
ГIурусазул солдатал
ГIажаиблъизаруна.
Ракъи-къечалъ кьер тIунин,
Гьурмал берцинлъи свинчIей
БахIарчIужу йихьидал
Гьел сагьвиллъун хутIана.

Гьале яс гIагарлъулей
Росгун эбел чIваразде,
РухIгIан хириял гьезул
РухI бахъизе кIваразде;
Рогьалилъ тушбабахъе
ЯчIарай магIарулай
Риччалъ йикIине кколин
Васвасаз ккун ругезде…

Гьез кверал регьун руго:
Лъимер жидехъе кьейин.
Ясалъ ишан гьабуна:
КIудиясухъе кьелин.
Гьеб бичIчIун, цеве чIана
Цевехъан гIадинав чи,
Месед бекьарал гIадал
Погонал рарав цо чи.

Гьаругьинан гьелъухъа
Лъимер гьес босулелъул,
Яс жемараб чIартилъан
Чохьолъ гьелъ ханжар къана…
Гьеб параялъ солдатаз
Хучдузда гьейги къана…
Хадуйго, хочода ян,
Ясги тIаде рехана.

## ГIАШИЛТIАСА ГIОЛИЛАЙ

**АхIулгохIда вагъулев
ГIурус тарихчиясда
ГIешдерил ахакь дандчIван,
Дидаги лъазаюрай,
Рукъалъул бихьиназе
Бахъун рухI кьезе кIолей,
Унго, дир магIарулай –
ГIашилтIаса гIолилай!**

**Бихх-биххараб расалъул,
ТIутIураб ретIелалъул,
Йиххун ккарай яс йиго
Цееса унарого.
Гъоркьа тIаде хIалица
Ххарун ячIунеей гьелъул
Мугъзада гIолиласул
Жаназа баччун буго.**

**ТIулбикьарав вацищ гьев,
РакI бикьарав гьудулищ,
Лъаларо… Амма лъала
Гьев гьелъул кьуру вукIин,
Жал лагъзаллъун гьаризе
РачIарал хъамалчагIаз
ЧIвараб «кьуру» гIумруялъ
Баччизе хIадур йикIин…**

**Тарихчи вихьаравго,
Жаназаги гIодоб лъун,
ГIедегIун, гьелъ рачлихъа
Ханжар къватIибе цIцIала.
Къоринибе ккун бугеб
БацIил тIинчIалда релълъун,
АскIове къани, чIвалин,
ЧIваркьун гьесде юссуна.**

**Гьелда гурхIарав тушман
РикIкIадго чIун кIалъана:
«ХIинкъуге, гIолилайин,
Дуй зарал гьабиларин,
Амма солдатаз чIвазе
Бегьулаха мунилан,
Гьаний кийгIаги яхчун
ЧIани, лъикI букIинилан…»**

**Рахьдал гуреб мацI гьелда
ЛъачIониги, вичIчIилин,
Гьелъул хIинкъиги бихьун,
Тарихчи нахъе ана.
Амма, мех иналдего,
Мехтарал солдатазул
Цо чангояв вугоан
ГIолилалде тIаделъун.**

**Цояб квералъ ханжар ккун,
Цойгиялъ жаназа ккун,
Ягъулей гьей яс йихьун,
ХIайранлъана гIурус чи:
ГIешдерил ахикь гIураб
ТIегь гIадай гIолилалъул
ТIегь бетIизе рижарал
Гьел кверал! Гьезул цIакълъи!**

**Цинги, нахъасан вачIун,
Ккуна гьей цо солдатас.
Ясалъ къвалакь ккун бугеб
Бортун ана жаназа.
Гьеб гирун унеб бихьун,
Тункун солдатги рехун,
Хирияб гьелда хадуй
Хапдон, екерана яс.**

**Унеб буго жаназа
Щобдасан эхеб гирун.
Жиб гьечIого гIоларей
ГIолилайги хадуй цIцIан.
Унеб буго жаназа,
Доба-гьанибги тункун,
Жиб тункарабщинахъе
ГIолилалдаги унтун…**

**Унеб буго жаназа
Жан гIадинав вацасул, –
«Дир ва-а-ац!» – илан ахIдолей**

**Яцалъул тIулги бихьун.**
**Унеб буго жаназа**
**Хирияв гьудуласул,**
**«Гьуду-у-ул!» – ин хачадулей**
**Гьелъухъа ракIги бахъун…**

**Хаган вуго тарихчи,**
**Ригьун руго солдатал,**
**Жал кIанцIараб ракьалда**
**Рокьул роценги бихьун! –**
**Кьурдасан бортун араб**

**Жаназаялда хадуй**
**Гьеб кквечIого гIоларей**
**Яс кIанцIун уней йихьун!**

**Йохханилан ккана гьей,**
**Гьелда хадуй гъурайго,**
**Гьаваялдаго гьелда,**
**Урхъун, къвал жемарабго.**
**РухIдаллъанилан ккана**
**Тушбаби гьеб рокьуда…**
**Бахиллъанилан ккана**
**Гьел гьоб жаназаялда…**

**IV.**

*Жеги балугълъичIел лъимал – бахIарзал,*
*Ракъи – бигьаяб жо нужер гIелалъе…*
*ГIун рукIинчIоха нуж, хучдуздаги къан,*
*Зодоре рорхарал улбул рихьизе…*

**Э Г Ъ Е Л Д А**

*Балахьуниса Мусал*
*Дие хиралъарай яс,*
*Дир мацIалъе гьоцIолъун*
*Лъугьараб цIаралъул яс!*
*АхIулгохIил цо кьурда,*
*Гьейги каранде ячун,*
*ГьитIинай Эгъелдае*
*Ахх бачуней йиго дун…*

**АхIулгохI тезе ккарал**
**Къоял рачIана тIаде,**
**РухI бугел, бохдул ругел**
**Дагь-дагьккун ана нахъе.**
**Цо нохъо цIун букIана**
**ЦIакъго жан лъугIаразул,**
**Лъукъун-къотIун, къо бухIун,**
**Къо щвезегIан чIаразул.**

**Гьез ният гьабун буго**
**Гьениб къадар дандчIвазе,**
**Гъазаваталъул ахир**
**Ахиратлъун лъугьине.**
**Инкар гьабулеб буго**
**Гьез кумекалдасаги,**
**Солдатаз сверун ккураб**
**Нохъо теялдасаги.**

**Гьезда гьорлъе ккун вуго**
**Имам чIухIарав мурид –**
**Чабхъеназул багьадур**
**Балахьуниса Муса.**
**Цадахъ тIулилай яцги,**
**ГIагарал руччабиги,**
**Гьасул гьитIинаб жайран –**
**Жиндирго Эгъелдаги.**

**ЦIакъго чара хун буго**
**Мусал хирияб тIанчIил,**

ЧIарбида егахъего
Якъван унеи Эгъелдал.
Ахирияб къоялъ гьей
Яхъун чIезего кIвечIо,
Микьго сон гуреб гьечIей
Гьелъул анищ хутIичIо…

Гьасул ясалъул тIалаб
ТIаде босун йикIарай
Мусае хирияй яц –
ЗахIматго йиго Зугьра.
Загьруялъ гIадин буго
Кваналеб гьасулги черх,
Тушманасул хучдузги
Гуллбуцаги басараб…

…МаркIачIумех рещтIунеб
Буго АхIулгохIалде,
Угьи-зигараялда
Бугеб гьелъул нохъоде,
Хвалиде гурони хьул
ХутIичIел муридазде,
Ахир гьарулел ругел
Ахирал гъазиязде.

Гъазаваталда цадахъ
Цо-цоккун къанщун унел
Гьезухъ валагьун, Мусал
МагIу буго гьенолеб.
Метерги хвалчен хьвагIун,
Хвезе хIукму гьабурав
Гьесул рекIел ургъеллъун
Эгъелда йиго кколей…

Эменги хун хутIани,
Гьелъ кин жийго цIунилей?!
ЧIаго капуразухъе
Яс щвани, щиб гьабилеб?!
Шагьидазухъе ине
Живго къачIан вугони,
Гьасул гьитIинаб жавгьар –
Гьей лъида божун телей?!

Йилълъине чара гьечIей
Ясалде къулана гьев,
Нохъодаса къватIие
Ехьерхъана, цIцIана гьей.
Инсул гьитIинаб намус –
ЦIар гьуинай Эгъелда
Живго гьелъул дадаца
Лъуна кьурул рагIалда.

Тушманасухъе яс щвей
Цебе чIезабурабго,
Къуват щвана Эгъелда
Кьурса гъоркье рехизе.
Амма, микьго гурони,
Сон гьечIей, рухIги гьечIей
Гьелъул квераз къан ккуна
Дадал кIиябго хIетIе.

КIиабизеги Муса
Яс рехизе жувана,
Жеги цIакъ рекIун чIарай
Яс тIезайизе кIвечIо…
 Хвезе къачIалев – дада!
«ГIумру!»-йилан – Эгъелда! –
АхIулгохIда гьеб сурат
Цебеса унеб гьечIо…

ЦинтIаго тIаса гъоркье,
Гъугъдузда гъорлъа гIадин,
«Муса! Ва Муса! – йилан
РагIулеб буго гьаракь. –
Те, гьудул, жийго гьей яс,
ГурхIа гьей пуланалда!
Дир ракI бежулеб бугин,
Барахще гьеб тIинчIалда».

Гьаракь тIеренлъаниги,
Холев вугев херав чи
ГIоротIаса Чулахил
МухIамад вукIин лъана.
«Аллагьас гьей ясалъе
Къадар жеги хьван гьечIин,
Гьейги тун, нахъе а!» - йин
Нахъойги гьес ахIана.

Гьев лъикIав кIудадае
Баркала рекIелъ бессун,

Инсул ракI хIеккиналде
Эгъелдалъ хьул бижана.
«Нохъодаго чIелилан,
ЧIаго те, дада, дунин!» –
ГIумруялъухъ гIащикъай
Гьелда дада гурхIана.

Балахьуниса Мусал
Чучлъараб чармил ракIалъ
Эгъелда Аллагьасде
Аманат гьаюн тана.
Гьеб кьурул рагIалдаго
РухI бахъилин гьелъулин,
Гьеб бакIалда ясги тун,
Сардилъе тIерхьун ана.

Ана гьев, хвалчадалъун
Шагьидлъи щвезе хьулгун,
Гъазават лъугIилалде
Алжан щвезе анищгун…
Амма…
чIаго хутIана.
Яс…
асирлъуде ккана.
Эгъелда цIехолаго
ХутIараб гIумру ана.

## ГI А Й Ш А Т

«ГIайшат – цо магIарулай» –
Гьеб цIарги тун къанщана
Цойгиги бахIарчIужу,
АхIулгохIда лъалкI тарай,
Имамасул ярагъги
Лъукъарал муридалги
Жанир ругеб нохъоде
Нух цIунарай гъазияй.

Кьурда магIалги къабун,
Кварил малиги гьабун,
Нохъоялде рахине
Къасдалъ руго солдатал.
Ярагъ кквезе кIоледухъ
Йиго кIиго гIолилай,
Гьезухъе тункIал цIолел –
Цадахъ гIисинал лъимал.

АскIой гIодое рехун –
ГIолохъанай цойгияй,
Бидул цIураб каранда
Хахулеб гьелъул лъимер.
Кьурде вакканщинасде
Ишан босун – добаб рахъ,
ДандбитIараб магIарда –
ГIурусазул гIужихъан.

ХIажат вукIана мурид,
Лебаллъи жиндилъ бугев,
Кьурдасан кIанцIунги ун,
Мали къотIизе кIолев.
Лъукъарав гурев мурид
Нохъода гьечIев лъалей,
Гьеб иш жинца тIубалин,
ТIаде яхъана ГIайшат.

«Бабал Шамил!» – ин абун,
Урхъун убачги гьабун,
БалугълъичIев васасда
«Къо-лъикI, дарман!» –
ин шурун,
Щулаго хвалченги ккун,
Кьурул рагIалдеги ун,
ЩIум гIадин, йоржун ана
ГIайшат гьениса гъоркье.

Амма дов гIужихъанас
РечIчIараб гуллаги щун,
Шагьидлъана гъазияй,
Гъуризе щвечIо солдат…
Гьел абуни, гьеб мехалъ
Нохъоде гIагарлъана…
Щив иневин имамас
Муридазда гьикъана.

Киналго руцIцIун чIедал,
ГIайшатил васас, вачIун,
МагIил цIурал бералгун
Имамасда абуна:
ХIурматияв дир имам,
Дихъе кьеларищ ханжар,
Дир эбелалъул ният
ТIубазе бокьун бугин.

Бида вецIцIулев вугев
Цо херас вас ахIана:
Босе, дир вас, дирабин,
Дий гьеб хIажалъиларин…

Гьесул ханжарги борхун,
КIанцIана ГIайшатил вас,
Воржун унев гьесухъе
Кквезе щвана молол гIучI.

ГIолохъанчийин жеги
Абизе гIечIев васас,
Эбелалъе рес щвечIел,
КъотIун рехана кварал…
Мали цIурал солдатал
Рортана кIкIалал тIинде…
ГIайшатил шагьид – Шамил
Щвана эбелалъухъе…

V.

*БахIарзаз, хвалчабазул лъелалги гъурун рехун,*
*Харбие нахъе тараб къалгIат буго АхIулгохI.*
*Къо ккедал руччабаца чалмаби къан, тIагърал лъун,*
*Черхалда ярагъ бараб бакIги буго АхIулгохI.*

**ЧIикIаса СагIид-афанди (къ.с.)**

## ГIАШИЛТIАСА ХАНЗАДАЙ

МугIрузул улкаялъул
Каранда ракI гIадинаб,
Жиб рагIун, тIолго ракIал
КIорокIизе гьарураб,
Гьаргьадулеб букIана
Гьеб къоялъги АхIулгохI,
Гумпарабаз рорлъарал
Ругъназ цIураб АхIулгохI…

Гьебги Къиямасеб къо
Къасиялде сасана,
Ссудулел пикрабигун
ДугIадулъ вуго имам…
Вахъун муридзабазул
Горсверулъеги лъугьун,
Цо васвас бачIун бугин
АскIов кIусана имам:

«Цо вихьичIев гIадинав
Мурид вихьана жакъа,
ЦIакъго хIаракат бахъун,
Тушбабигун вагъулев.
Нилъеда тIаде-гьоркье
ВачIарав чиго вугищ?
Дир боялъул бахIарчи
ЛъачIев дие нич гьечIищ?»

Цоцазухъ ралагьизе
Рес кьечIеб рагъ букIиндал,
Имамасе жаваб кьун,
КIалъана гIашилтIисев:
«Дуда вихьарав мурид –
Бихьинчи гуро, Шамил,
ЧIварав росасул гужгат
РетIарай чIужу йиго.

Гьесул хвалченги хьвагIун,
Гьесухъ рецIел босулей
ГIашилтIаса Ханзадай
Дуца цIехолей йиго.

ЧIужугIадан жий йикIин
Дудацин лъаларедухъ,
Гъурмада лахI лъулъарай
Нилъер Ханзадай йиго…»

Имам хIайран гъаврурай,
Огь мугIрул чIужугIадан,
АхIулгохIалъул тарих
Борхарай дир Ханзадай!
Мун цее чIун, къан ккуна
Квераз имамас бетIер,
ГъажибутIруздаса гьеб
Бахъулев вугев гIадин!

Гьеб букIана Шамилил
Малъкъосиналъул сурат,
МагIилъан гьес гьабулеб
ДугIадулъ бугеб къисмат:
Жиндир къавмалъе бугеб
Зулмуги цIакъ бичIчIараб,
Амма, лагълъуде ккани,
Гьеб – дагьабги захIматаб…

Бидулъго бахIарчилъи
БетIергьанас лъун бугеб,
Исламги эркенлъиги,
РухI къуниги¸ кьолареб,
Гьаб жиндие хирияб,
ГIагараб, багьадураб,
БахIарчиял руччаби –
Гъазизаби рахъараб;

Гьел гъалбацIаз, гъежги цун,
Бихьиназе кьолеб жан,
Гьеб жужахIалда къеркьон,
Босизе бугеб алжан…
Лагълъи, йохъ, хIехьоларо,
ХIалихьалъи гIадинан,
Гьал мугIрузда бижараб,
ГьелгIан борхатаб халкъалъ…

Гьеб кинабго бичIчIарав,
Гьеб кинабго бихьарав,
Бихьинал руччабазул
РухIалдаса чIухIарав
Имамас магIил гарал
Гиризе риччан тана,
БетIер къан ккурал кверал
БетIергьанасе ккуна…

* * *

РухIгIан жиндий хирияв
Росасул бидул цIураб
Гужгат жиндирги биялъ
БагIарлъана Ханзадал –
Тушманасул хучдуца
ЦIехечIо чIужугIадан…
Ругъназ цIурай ахирги
ГIодой лъуна Ханзадай.

Холей бабада хурхун,
Лъабабго гьелъул тIинчIалъ
ТIутIун балеб бугилан
Кколеб букIана дунял.
Баба кIалъазе кIвезе,
Гьелъул кIутIби риччизе,
МагIугун хIацIу гьезда
Лъулъалеб букIана гьез.

Гъаругьинан щурана
Ханзадалъ: «Аллагь! – илан, –
Гьав дир лъабавго ятим
Дуде аманат!» – илан.
Цинги баба юссана
Васазулъ кIудиясде, –
ГIелалъ гурев, гIумруялъ
КIодолъизе ккарасде:

«Дир дарман Абубакар,
Мун кIудияв вугелъул,
Гьабе вацазул тIалаб,
Баба холей йигелъул.
РетIе, тIаса рахъуге
Дир буртинадул хьитал,
Къо ккедал, гьезул тIукъби
ЧIалхе, бабал хазина.

Гьениб дуда батараб,
Баракатаб батани,
Нужейго бетIербахъи
Гьабизе гIезе ккола…»
ГIодулел, хачадулел
Чохьол рухIелалги тун,
РухI босулей Ханзадай!
Дихъе анищ дур васал!!!

…ЧIваркьун ралагьун руго
Холей Ханзадал берал,
БестIалазухъ балагьун
ГIорцIулел рукIинчIо гьел.
ГьакIкIахъе хутIун буго
Лъим гьарулеб гьелъул кIал…
КIкIалахъа мун кватIана,
Огь, ГIашилтIаса АхIмад!

КватIаниги, цIалана
АхIмадица ясинги,
АхIана кумекалъе
КIиго-лъабго муридги.
Гуллбузул цIадалда гъоркь,
КъулчIулаго магIугун,
Ахираб сапаралде
КъачIана Ханзадайги…

Шагьид Нуричул лъади,
Лъабго васасул эбел,
Росасухъ рецIелги щун,
Уней йиго гьесухъе.

РухIалил гарал гIадин
Гьанир ятималги тун,
Гьесул гужгаталда гъорлъ
Хъван батана къокъине…

Ханзадалъ лъун букIараб
Нуричул чалма-тIагъур,
ТIаса дагьабги хъущтIун,
Цере лъун руго гъалал…
Росасул щиб, росдалцин
Къадру борхарай шагьид –
ГIашилтIаса Ханзадал
Хвалчаби гIадал гъалал…

Нуричул тIагъуралда
ТIанкI лъезе течIел гъалал…
Рагъда гъалбацI гIадинай
МагIарулалъул гъалал…
ГъажибутIрузда гъорлъа
БетIер бахъулев гIадин,
Имам асир гьавурав
Дов «муридасул» гъалал!..

Къечалъ хIал бергьаразе
КIкIалахъа лъим баччизе
Кварил бакIалда хIалтIун,
КIкIорал лъугьарал гъалал…
Гьел гъалал гьаругьинан
Нуричул тIаргъинир лъун,
Досул гужгаталда гъоркь
Хабалъ лъуна Ханзадай.

## ЧАЧАНАЙ ПАТIИМАТ

Имам Шамилил вакил
Ахъбердил МухIамадгун
АхIулгохIде къачIана
Чачаналдаса мурид:
Мун унеб гьеб гъазават
Дий гIахьалаб гьечIищан,
Гьелъул цевехъан Шамил –
Дир имам кколарищан;

Амма дир маулхIаят –
ЦохIо йигей ПатIимат,
ТIадкъан, боржел гьабизе
Чи дир гьечIоха, гьудул,
Жий гьаюраб къоялъго
Бабаги хун хутIарай
Дир яс цадахъ ячине
Изну дур букIинищан.

«ВахI, вас гурищ дур вугев,
ГIавухъалдаго лъалев?
ГьитIинав багьадурин
Белти росулъ рехсолев?» –
Гьедин рагIун букIанин,
ГIайибги гьабугейин,
Жиндаго щакдарилев
ХутIана Ахъбердилав.

«Гуро, цо яс йиго дир,
Вас гIадин гIезаюрай.
Гьей гьаюлаго хведал,
Баба жинда лъаларей.
Гьелда барахщун, дица
ТIокIай чIужу ячинчIо.
Жеги, ясги жийго тун,
Сордо къватIибги бачIо.

Гьелъ лъагIелал ранагIан
РакI ургъелалъул цIуна,
Жийго цIунизегIаги
ТуманкI кквезе малъана.
Нагагь дун цевеса ун,
Цо йигей гьей хутIани,
ХинкI кьолеб магIишатги
Бачине гьей куцана…»

Цин кодой, цин мугъзада
ГIезе гьаюна гьес яс.
Хадуб чу-ярагъалде
Ругьун гьаюна гьес яс.
ГьитIинго чухъидасан
Борчун ханжар-рачелгун
Гьей йихьун, росуцояз
Васин тана гьесул яс.

Ахъбердил МухIамадил
Гьудул – чачанасул яс,
Чухъа ретIун, тIагъур лъун
Ругьунаб ратIлилъ йикIун,
Яс йикIин лъиданиги
ЛъачIо АхIулгохIдаги.
Алхунароан гулла,
Гьелъ речIчIараб, цониги.

Кваридасан инсуца
ГIандигIурухье йиччан,
Лъим цIун ГохIде юссуней
Лъукъана гьелъул хIетIе.
Рекъдулаго йортана
Кьвагьдолев инсухье яс,
Гьесий хIалае яхъун,
ЦIунго-цIун кьуна туманкI.

ГIарададул гуллица
Лугби ратIа гьарурав
Дада вихьун хадуйги
ЙиххичIо лебалай яс.
Рукъулаго заралгун,
Къерщолаго цабигун
Йортана ГохIде щолел
Солдатазда цIа лъезе.

Кварил малиялдасан
Ххарун тIаде вахунев
ТIоцевесев офицер
Инсул тункIица чIвана.
Хвалчадалъун цо-цоккун
Гъурана цойгидалги,
Хирияв инсухъ рецIел
Босун, яс къотIарана.

Ахирги, хьвагIулаго,
Бортун ана хвалченги,
Дадал тункIие тIокIаб
ХутIичIо гулла-ххерги.
Бидуца ецIцIулей гьей,
ЧIухIун бетIерги борхун,
ХантIан кIанцIун йиччана
Тушбабазул хучдузде.

«Огь, нагIана батаял
ТалавурчагIи!» – йилан
Йоржунаго ханжаралъ
Чанго солдат лъукъана.
РухI босулаго цадахъ
Анкьгоявги вехьерхьун,
КIкIалахъе кIанцIун ана
БахIарчияй чачанай.

Чармил кьурдаса тIураб
Гьорчолъун йоржун уней
Ясалъул яхI борцараб
Бортана гьелъул тIагъур,
АхIулгохIда къеркьезе
КъватIире рахъунаго
Инсуца гьалъий кьураб
КьагIрил тIехьалъул тIагъур.

Гьава къотIун унаго
ТIиритIун, риххун ана
Гьава жеги бихьичIел
ПатIиматил кIиго гъал.

МагIарул АхIулгохIда
Инсул жаназаги тун,
Аваразул зоб къотIун,
Ана чачаназул яс.

Имамасе ритIухъав
ГIавухъалдаса мурид!
Тарихалда цIар течIев
Гъазаваталъул шагьид!
Дур цIарлъун, дур чIухIилъун
Лъугьана дур ПатIимат –
Дуда хадуб шагьидлъи
Щварай дур маулхIаят…

## А Х И Р

АсхIабзаби гъурараб
Бадру-УхIуд кIочараб,
ХъамалчагIазда данде
Эбел-лъимер багъараб,
Бидул хIоралгун лъарал
Лъим анищилан ккараб
Гьеб рагъ хIехьезе кIвараб
КьватIичIеб мун,
АхIулгохI!

Жидерго ГохIалда тIад
Гуллбузгун гумпарабаз
Пачаяс гъурун балеб,
Унго, бахIарчияб халкъ!

Гьезда тIадеги къулун,
Къерщолеб цебе чIола
Мун,
ганчIил Эмен гIадаб,
Аваразул АхIулгохI!

ХIанчIазцин рехун тараб
АхIулгохIалъул зодоб
АхIулеб бугин ккола:
Лаиллагь илаллагьин,
Исламги эркенлъиги
Гьаниб гIадин, борцине,
Цинги ВатIан цIунизе,
ЦIуне, Аллагь, гьаб халкъин!

* * *

Щайха дуе букIараб
Россиялъулго пача,
Бичасе къулун бугеб
Гьаб халкъалда цIа лъезе?!
Гьез, рухIал кьунаниги,
Эркенлъи кьолареблъи
Лъималаз-руччабазцин
Бихьизабунин дуда.

Гьоболлъун щай вачIинчIев
МугIрузул улкаялде,
Гьаниб гьесие тараб
Тахида гIодов чIезе,

Цинги, мун кIодо гьавун,
МугIрузул законазда,
Гьоболасда тIад лъолеб
Таж дудаго бихьизе?!

Дурго тахги дур тажги
ГIодоре руссинаан,
СогIаб, амма ритIухъаб
Халкъ дуе бокьилаан.
Бищун тIагIамаб бищун
Квен гьоболасе кьолей
МагIарулалъул квераз
Хвел кьезе ккелароан.

Цинги, ккараб къоялда,
Гьаб халкъалъул гъалбацIал,
Гьобол – дуй хIажаталъур,
РухIал кьун, къеркьелаан…

Къадаралъ дагьлъаниги,
Къадарлъи хIехьолареб
Гьаб халкъ, хазина гIадин,
Дуцаго цIунилаан…

* * *

… Амма щиб бицуней дун,
Бегани гIола тарих…
АхIулгохIилан ккола
Даимго гьаб дуниял.
Пачалихъазул бутIруз
ТIезабурабщинаб би!..
ХIажат гьечIел рагъазда
ЧIванщинал гIолохъаби…

Амма, нилъер КIудияб
ВатIанияб рагъ букIун,
ВатIанцоязул ракIал
Гьеб цIунизе цолъизе,

АхIулгохIда къеркьарал
МугIрузул бахIарзазул
Къисаби пачалихъалъ,
ЧIухIун, чанги рехсана…

Амма АхIулгохIалда
ГанчIазде сверапазул
Жидерго наслуялда
Гьел даим кIочонаро,
АхIулгохI бугебгIан гьел,
Нилъее дарсал гIадин,
ГьитIинабгун кIудияб
ВатIан цIунулел руго…

* * *

Нахъойги цебе чIола
Исламалъул хъалалъун,
Къоял, сонал анагIан
Хиралъулеб АхIулгохI!
Ахирзаманаялъул
ЧIужугIаданлъун ятун,
Дур руччабалъ анищан
Кколеб бугеб АхIулгохI!..

Жакъа гьал цо-цо чагIаз
ЧамгIалаб гIарцуй гIоло
ГIодор накаби чIвазе
ТIамураб чIухIиялъги;
Нилъералго бихьиназ
Нилъерго руччабицин
Ращалъи гьечIеб рагъде
АхIулеб хIусудалъги;

Ахирзаманаялъул
Унтабазго гIадинан,
Цоцазул гIумру кунел
ГIадамазул ццинальги;

ВатIангун халкъ хирияз
Лагълъи хIехьолареблъи
Лъаниги, бекун мугъгун
ХIелейин чIун ругезги;

Лагъзал цере ругони,
РекIел чIоло битIулел
ЧIухIи бидулъго гьечIел
Гьал цо-цо хIакимазги;
Амма жалго гуккулел
КIигьумерчагIи лъазе
Гьунар, кватIун гурони,
Кьоларел тIадчагIазги;

Гьез, хIетIе чIун, чIчIинтIулеб
Бугеб ритIухълъиялъги,
Иман гьечIез тIутIун бан
ЛъугIулеб ВатIаналъги, –
Гьеб киналъго тIутIулеб
РекIеда квер лъурабго
БачIун, цебе эхетун
АхIулгохI чIолеб буго.

**ГIаданги заманаги**
**Къаникье цIцIан гурони,**
**Жалгоги хвезе ругел**
**ЧIеларин ругеб мехалъ,**
**Лъиедай хIелилаян**
**Радал къватIир рахъунез**
**Жалго гIадал чагIазул**
**Кверал чIикIулеб мехалъ;**

**Унго, рихьизе анищ**
**Нуж умумуздайилан**
**АхIулгохIда гъеролел**
**Гьел цере чIолел руго… –**
**Гьеб кинабго чороклъи**
**Гьаниб гIодоблъуда тун,**
**ГIагараб АхIулгохIде**
**Дун уней, уней йиго…**

**Дир миллаталъул ракIал**
**РацIцIад гьарулеб КагIба**
**Гьеб букIине кколилан**
**КIалъала дида ургъел…**
**АхIулгохI нилъер букIун,**
**Нилъее цолъи кьолеб**
**Кьурабазул зар гIадин**
**Бихьула дида гьеб ГохI.**

**МацIги цIарги билани,**
**Мунгоги билулилан**
**АхIулгохIалъул наслу**
**Хвасарлъизе къваригIун,**
**ГIандигIурулъе чанги**
**МагIарулай кIанцIараб**
**АхIулгохIил кьурдасан**
**АхIи балей йиго дун…**

***2020 с.***



## УНТИ САСУНЕБ ГІУЖ ЩИБДАЙ БУКІУНЕБ?

ТубхІат Зургьаловалъул магІил горогІанасеб тІехь бачІана къватІибе… лахІчІегІераб кьералъул. МагІил горогІанасебги бугин гьеб, чІегІерабги бугилан дица чІалгІаде гуро хъвалеб бугеб – гьеб тІехь, кинабгІаги гьениб хъванщинаб кечІ, ятІалъарай эбелалда хадуб гьабураб магІу ккола. ТІехьалда цІарги буго: «Эбелалъухъ чІвараб чІегІераб дир кІаз» – илан.

ЦІакъ захІматаб жо ккола рокьулги эбелалъулги хІакъалъулъ хъвазе. ЗахІматаб гьеб букІуна, щайгурелъул цониги поэт ватиларо эбелалдеги рокьиялдеги кечІ хъвачІев. Щибаб къойил хъвалел ругел гьезда гьоркьоб цІияб ва батІаго хъвараб жо батуларо. Кинавго чи квалквадараб темаялдаги квалквадун, гьеб цІияб къагІидаялъ хъвазе цІакъ захІматаб хІалтІи ккола. Ургъун бахъулеб жо букІунаро гьеб. Нилъер магІарулазул поэзия цебетІуна кинацаго цо кинаб бугониги лъугьа-бахъиналъул хІакъалъулъ хъван. Гьединан ТубхІатил гІумруялда ккараб къваридаб лъугьа-бахъиналъ хъвазе тІамураб тІехь ккола «Эбелалъухъ чІвараб чІегІераб дир кІазги».

Дагьа-макъабниги магІарул поэзияги бокьулев, гьебги бичІчІулев, гьеб щибалиги лъалев чияс ТубхІатил гьеб тІехь цІализе ккола. Амма дица лъикІаб бугилан абун тІехь лъикІлъиларо, дида кІвезе ккола гьеб щай лъикІаб бугебали бичІчІизабизе. Гьеб бичІчІизабизехъин вуго дунги.

Цин какилин. ТубхІат Зургьаловалъ жиндицаго тІехьалъе хъвараб цебераг Іи дица нахъе рехилаан. ЦебераrІиялъул байбихьиго буго батІияб. «МагІарулал! ГІажаибго дие рокьулел!» – илан балеб ахІиялъул магІна щиб? ТІехьалъул цебераrІиялда жаниб чанго нухалъ такрарлъулеб буго гьеб. Руччаби-чагІазда абизе бегьила дие мун гІажаибго йокьулилан, халкъалда - бихьизабизе ккола, бихьизабичІони, халкъ божуларо. Эбел гьанжего-гьанже хварай ясалъул, шаг1иралъул асар дида т1олабго бич1ч1ич1ого бук1инеги бегьула, амма шаг1ир Тубх1атил аслияб асар буго гьенир ругел куч1дузулъ, цебераг1иялъ гьезул къадруялде раг1ад рехулеб буго. ТІехьалъул редакторасдаги бихьизе кколаан цебераrІиги тІехьалда жанир лъун ругел кучІдулги, гъурущги долларгигІанги, батІи-батІиял рукІин.

ЦебераrІиялда дица гІайиб гьабулеб батани, жанир ругел кучІдузухъ, кучІдулцин абизе бачІунеб гьечІо, рагІабазухъ дица авторалъе баркала кьезе ккола.

«Ахирияб ахх» – илан абулеб кочІолъ авторалъ бицунеб буго хвалил бусада йигей эбелалда цадахъ жиндицаго рорчІарал сардазул:

**Чандай тІубан бугеб, щай рогьунареб,**
**Унти сасунеб гІуж щибдай букІунеб?**
**ЙорчІун йиго эбел. Гьалегури дун:**
**Дир хирияй, лъикІай! Лъимищ? ГьабсагІат!**

Гьединан, эбелалъе хъулухъги гьабун, екерахъдилей йикІарай яс, эбелалъ аскІой егизеги гьаюн, кьижизаюлей йиго. Эбелалдаги бичІчІулелъул гьей свакан йикІин.

**Дир мадарги бугин, дагьай егаян,**
**Дуца дун аскІойго егизаюна.**
**«Дир рукъалъе гІураб яхІалъул хІуби –**
**Бабал дарман», – илан магІу бацІцІана.**

Амма, яс йорчIилалде, эбел хун ятун йиго:

**Дие ахх бачунел багIарал кIутIби**
**ХъахIиллъулел руго дир эбелалъул!**
**Дун каранде къарал хинал квеpазда**
**Квач хурхунеб буго дир эбелалъул!**

Гьаб куплеталда кIиго нухалъ такрарлъулеб буго «дир эбелалъул» – илан абулеб рагIи. Гьел рагIаби такрарлъичIого рукIине батIияб къагIидаялъ гIуцIизе бегьулаан предложение. Амма, авторалъ батIияб къагIидаялъ хъвазе хIалцин бихьулеб гьечIо, гьелъие ургъелго гьечIо кинан жиндицаго хъвалеб бугебали. Гьей гьабсагIаталда гьел рагIаби ралагьизе регIун гьечIо. Эбел хун йиго! Эбел хвараб мехалда рагIаби хIажалъуларо, рагIабазул кIвар букIунаро! Гьелъ кIиго нухалъ цого рагIи такрарлъиялъ т1адеги кьолеб буго гIажаибго бакIаб ритм. Гьединан¸ хIунсиледухъ асар кьезе кIола авторасул бетIералдаса ракI бергьараб мехалда, ай авторасул гьунар бугеб мехалда.

Кинаб асар букIине кколеб ясалъул, сордо-къоялъ хъулухъ гьабулейги йикIун, битIун кьижун ккарайго, эбел хун ятараб мехалъ? ТIоцебесеб иргаялда¸ гьеб ккола трагедия, цIакъ захIматаб жо буго гьеб. КIиабизеги, гьениб бижула жиндидаго гIайиб чIвалеб асар, «Щай кьижун ккарай дун?» «Вацаздаги, яцаздаги щибилан абилеб?» «Дида кIвечIо эбел цIунизе…» Гьеле ясалъул пикраби. Лъабабилеб асарги буго гьениб – ккараб жо тIад буссунгутIи, щибниги гьабизе кIунгутIи, малъкъоси. Гьеб лъабабго асар Зургьаловалъ кьун буго цохIо предложениялдалъун. Гьаб ахираб заманалда дица цIалун рукIинчIо гьадинан ракI унтун хъварал рагIаби.

Гьале гьел:

**Анлъабго лъимаде ахIизе тараб**
**Ахирияб ахх щун дунищ бергьарай?**

Гьединал махщалида хъварал ва рукIине кколеб бакIалда хIалтIизарурал мухъал ТубхIатил тIехьалда гIемерал руго. Щибаб рагIи буго гьениб магIилъ ччун бахъараб. Щибаб кечIги босун обзор гьабизе бегьилаан газеталда бакI гIолебани. (Макъала бахъун бук1ана «Х1акъикъат» газеталда. –ред.)

Кин букIаниги, яхI гьабизе кIолеб гьечIо цойгиги магIуялъул бицинчIого. Зургьаловалъул гьаб тIехьалда буго «Харицелалъ лъураб ругънал баллада» – ян абураб гIажаибаб кечI. Гьеб балладаялда авторалъ ракIалде щвезабулеб буго жиндирго гьитIинаб заман. ТубхIат эбелалъ ячун йикIун йиго росулъа руччабигун ххариде уней жиндаго цадахъ росдал колот1е. Эбелалъе кумек гьабулейин, гьит1инай жо Тубх1ат ххарида хадуй лъугьун йиго Ч1ег1ер г1оралде т1аде балагьараб, эбелалда йихьулареб хьонлъиялде. Рек1еда ятарай эбелалъе гьелъ, киг1ан ах1даниги, г1урул сасалъ гьаракь раг1изе теч1ого, жаваб гьабун гьеч1о. Цееса яс тIагIараб мехалда эбел хIинкъун йиго яс гIурулъе йортун ятилилан. Ясги хIинкъун йиго, жийго йиларайлъи бичIчIигун, жий ялагьизе хьонлъиялдеги лъугьун, эбелги гъобго г1урулъе йортун ятилилан. Гьел кIиялго руго цоцаз ралагьулел:

**Циндаго дир каранда**
**БорчIараб хасаб урхъи:**
**«Эбел! Вай дир эбел!» – ин**
**Бортун араб харицел.**
**ХъущтIун гьелде йортарай**

**Дир кверда лъураб ругъун…**
**Кинниги дун ххарана**
**Эбел йикIараб ссанде,**
**Гьаниб-доба цо-цо хьит!**
**Дой гьечIо! Щущараб ххер!..**

Дие бокьун буго гьаб кечI гIуцIараб къагIидаялда кIвар кьезе. Анкь-анкь слогал гьаричIого, авторалъ анцIила цо-цо слогалъул мухъал гьарун рукIаралани, кечI лъугьунароан. Ясалъ эбелги, эбелалъ ясги ралагьулел, цадахъ лъугьун руччабиги, - гьеб ахIи-хIур загьир гьабизе кIолароан анцIила цо-цо слог бугел мухъазда. Авторалъул йихха-хочиги, хIинкъиги, харицелалъ къотIараб кверги, магIуги…

**Гьаниб-доба цо-цо хьит!**
**Дой гьечIо! Щущараб ххер!..**

БатIияб къагIидаялъ гьединан бачIунароан.

Цойгиги буго гьеб балладаялда гIажаибаб жо, ТубхIатил гьеб буго эбелалда хадуй гIодилаго хъвараб асар, асаралъулъ бихьизабулеб буго жиндаго хадуй эбел гIодилей йикIараб куц! Балагье кин гьабун бугебали. Эбелалда йилун йикIарай яс ятулей йиго:

**Циндаго руччабазул**
**ГIоди дида рагIана:**
**«ГIайишат! Доле ясин,**
**Доле дур ТубхIатилан!»**
**Цояз ахIулеб буго:**
**Вай гьей яс юхейилан!**
**Цоял гIодилел руго:**
**Аллагь, дуе щукруйин!**
**Эбел?! Ссанда кIусахье**
**Хачадилей йикIана.**
**Яхъине кIоларого**
**Йигелъуй гIодой чIана;**
**Дир даруги, дарманги,**
**Мун йикIарай кийилан,**
**Накабазда ккарай дир**
**Гьурмада къочардана,**
**Дир хирияб лъимерин**
**МагIу чваххизе тана.**
**Хабалъ лъун йикIарай яс**
**Юхулищан ахIдана.**
**Дол руччаби дагьалги**
**Къварилъулел рукIана…**

Ва кочIол багьаял мухъал:

**Лъимер гьечIей цо гIадан**
**Нижеда тIад хурхана…**

Гьаб дица гелгедизе гьабулеб бугеб кечI халатаб кечI буго. Гьединлъидал, цо гьитIинаб бутIаялда гурони, дун хъвалев гьечIо. Гьединан гелгедизаризе кколел бакIал гьеб тIехьалда цIакъ гIемералги руго. Амма гьадал мухъазде щвараб мехалда, дагьаб мехалда лъалхъичIого, хадусеб кечI цIалун бажаруларо. ЦIалулев чиясда ракI бугонаниха…

ГIемерал гIакъилалги, цIодоралги рагIаби руго магIарул поэзиялда, амма гьадинан рекIеда квалквадулел рагIабиги, гьадинаб тIехьги къанагIат гурони дандчIваларо…

Баркала, ТубхIат.

*ГъазимухIамад ГЪАЛБАЦIОВ,*
*«Тирулеб, сверулеб гьобоги буго» тIехьалдаса босараб (2019 с.)*

## «ЭБЕЛАЛЪУХЪ ЧІВАРАБ ЧІЕГІЕРАБ ДИР КІАЗ» ТІЕХЬАЛДАСА (1997 с.)

* * *

– Эбелалъухъ чIвараб чIегIераб дир кIаз,
Дур бакIлъи борцунеб роцен бугодай?
«Бабал ТубхIат!» - илан ахIулеб гьаракь,
Духъ урхъи рагьулеб рагIи бугодай?

– ЧIегIераб кIазалъул бакIлъи борцунеб
Роцен эбел гьечIел ясазулъ буго.
Бабалин баулел кIутIбузул бухIи
БухIун магIу тIолел тIанчIазулъ буго.

* * *

Цо хассаб хасият буго гIумрудул, –
Дий бокьичIониги, чIаго йикIине,
ЧIалгIаде гьайичIин мун эбелалъин,
БажаричIониги, галаби лъезе.

Лъаларо, жакъагIан къварид йикIинчIо,
КIвезе кколеб буго магIу бацIцIине…
Бакъги, дунги, цохIо салул авлахъги! –
Эбелалъул зани! Къай дун каранде!

## ГІАЗУ БАЛЕБ БУГО

1.

ГIазу балеб буго. Гьеб балеб мехалъ
Лъимадулаб рохел рещтIунаан дилъ;
Дунялалъул хъахIлъи. ХъахIаб бацIцIалъи.
БецIдерил цIаязул гIагараб хинлъи.

Хирияй эбелалъ бакараб гъастIе,
Бусадаго йикIун, ялагьарай дун.
Гьегь цIураб рагIиги панзие къачIан,
Печалъуб дагьабги цIул лъолаан долъ.

Лъимал рорчIилалде рукъ хинлъулаан,
Рахъайин нижеде дой къулулаан.
КъадегIан кьижани, къо букIунарин,
КIудияй яс – дие дарсал кьолаан.

Амма эбелалъул хIасратаб гьаракь
Рогьалил макьие дарулъулаан;
Болъодухъан эбел тIокъоде щвейгун,
Нахъойги бусалъе дун лъугьунаан.

Эбелалъул квераз бакараб цIаги,
Бече беэдулеб долъул гьаракьги,
Гьор-бокь тIубарабго, росу хьвадулеб
Нижер къватI лъухьулеб жулалъул сасги.

Сордо букIунарей ГIайишатилан,
ГIансиде къуларав лъикIав мадугьал.
Дур гьаюдиялъе гьадаб квар цIураб
РетIел гIелаанин, гьесул рецц-бакъал.

Бакъ баккараб мехалъ дир эбелалъул
Гьабин абизе иш хутIулароан.
Амма, лъабайго яс гIураб мехалъги,
Лъихъего ине гьей регIулароан...

2.

ЛъачIого тIерхьунеб хасалил къогIан
ГIедерго регана гIезегIан сонал.
Эбелалъ малъухъе, «сордо хIалай ккун»,
Гьарурал тIурала тIолалго ишал.

Унго, эбелалда дур релъъинилан
РахIат гьечIей дида абураб мехалъ,
Мурад тIубанилан, херлъарай эбел,
Рагъида бакIги лъун, гьелда кIусана.

Ясал дунго гIадал ругони гIелин,
ГIансидеги къулун, тIаде яхъана.
Исана хасалил халалъи щибин,
Щокълъарай эбелалъ берал рацIцIана.

ЦIул босе, цIагIаги дица бакилин,
Квер гIодоб лъезе гьей къабуллъуларо.
«КъотIаясул бохги багъун чIоларин»,
ЧIараб гIумруялда разилъуларо...

3.

Лъимал роржун арал нухазде юссун,
Руссунарел сонал ахIулей йиго.
Янгъизго хутIарай, хасалил сардаз
Васасул ясалъе дарс кьолей йиго.

Гьаюдун ругьунай хирияй эбел
Их щолеб бугилан дагьай йохула.
«ТІабигІат хисидал дун унтичІони,
Иншаллагь, гьаб гІанса телин», - абула.

4.

БачІана гІагараб росулъе ихги,
Эбел макьилъ йихьун ячІана дунги.
«Дур гьумер рагъиде бакълъун баккулин»
Болъодул хІокІазда дандчІвана дойги.

Дун урхъун йикІараб гъастІа доб цІаги,
Дагьай херлъаниги, гьений эбелги. –
Унго, дир лъимерлъи! Рогьалилъ яхъун,
«Яхъа, дир яс» - илан добго гьаракьги.

ТІадюссине къоял дий щвараб мехалъ
Мехелалда жаний унтана эбел.
Бакараб цІа свана. Бусаде ккана.
Ахирияб ахх дий гІумрудуй тана...

5.

Эбел, мун унтидал, квачазе гурин,
Дуда тІад кверги лъун йикІунаан дун...
ЛъимергІан недегьлъун, гьебгІан хІеренлъун,
ЦІагІаги бакейин кІалъалаан мун.

Мун ахираталде тІойитІулелъул
ТІабигІат гІунилин букІана дир ракІ.
Дир эбелгун араб их даимлъилин
Долъул хабалъилан кколаан дида.

ГІодоцун букІараб дир пашманлъиялъ
Нахъойги эбелин ахІулеб буго.
Гьадинги рихарал халатал сардалълъ
Хасалил саринал гІодулел руго.

6.

ГІазу балеб буго, гІазизай эбел!
(ГІагараб росулъе балеб бугодай?)
Дуниял цІорона, хирияй эбел!
(Росдал хабзалазда хасел лъанадай?)

Нагагь дуда тІаса юргъан инилан
АскІорго ругьунал, унго, дир кверал?!

Кир дица гьал лъелел, сунде ритӀилел?
ТӀуртӀудулел гьазда кий мун ятилей?

Квачалей йигищ мун гьеб ракьуда гъоркь,
Кьижун йорчӀилалде рукъ батичӀого?
АхӀулей гьечӀищ дун, данде бер арай,
Рогьалилъго яхъун печь бакичӀого?

Бакиладай, эбел, тӀокӀаб дица цӀа,
ЦӀорораб дур хобгӀан рукъ кваганиги.
ЦӀаладай дур ясалъ гъуждузде юргъан,
Дир квер гӀунтӀулелъуй мун гьечӀониги...

7.

ГӀазу балеб буго, гӀазизай эбел,
ГӀазул юргъаналъул хинлъиго бугищ?
Дуца ахӀанилан тӀуркӀун йорчӀулей
Дир гьал кверазе мун камурай лъачӀищ?

Лъаларо, лъаларо. Щибго лъаларо.
Лъала, къаси сордо цӀорораб буго.
Бусада дунги чӀун, росдал хабзалалъ
Дие хирияб хоб квачалеб буго...

## ЭБЕЛ, ДУН ЮССУН ЙИГО

1.

Эбел! Дун юссун йиго,
ЯчӀа дида дандчӀвазе!
«Даим кӀудияй гӀечӀей
КӀудияй яс» йихьизе.

Заманаялъ ялгъузлъи
Гъуждузда лъурай эбел,
Рахъ-рахъалъ арал нижехъ
Урхьи рачӀа хъамизе.

ХъахӀаб дур гъумералде
Дир магӀу гиризе те.
Ясалъул гӀанабазде
Дур магӀу чваххизе те.

Ясал гьечӀел улбулги,
Улбул гьечӀел ясалги,
Нилъ кӀиялго рихьидал,
Риччаларо гӀодизе.

Эбел! Дун юссун йиго, -
ЯчӀа дида дандчӀвазе,
ЧӀарбида хӀетӀ хъвачӀого
Цоцахъе гӀедегӀизе!..

2.

Нагагь рокъой гьечӀони?..
Толелъуб кӀулги гьечӀо.
Дун щвелелде бакулеб
ЦӀадул кӀкӀуй бихьуларо.

Рагъида цӀилицӀ гьечӀо,
Чурараб партал гьечӀо.
РукӀкӀен-кун лъолеб таргьа
Гьадаб бакӀида гьечӀо.

«Бакъул гьумер гьабизе»
Рагьда кIусулелъулцин
Кверал гIодор лъоларей
Долъул тIагIелал гьечIо.

Гьороб долъул сас гьечIо,
Бокьоб долъул панз гьечIо,
Гьадаб тIохда бакъалда
ТIибитIун мугьги гьечIо.

ГьечIо, гьечIо, дой гьечIо!
Гьаниб чIаголъи гьечIо!
Гьимулаго гIодулей
Дой данде ячIунаро!

ЧIунтараб дир каранде
Дванкиялда рачIунел
РакIалдещвеяздаса
Дун хвасарлъулей гьечIо.

Лъицаяли рагьулеб
НуцIа дий хIажат гьечIо.
Эбел гьечIеб рокъобе
ТIанчIие бокьун гьечIо!

Бабал кверазул лъалкIал
Ратизе хIинкъун йиго.
Къеда бан долъул сурат!
Дун рокъое инаро!

3.

Эбел! Дун юссун йиго!
Мун ялагьулей йиго!
ЯтичIо. Щаялиго
Щибго гIодулеб буго.

ГIодулеб буго каву,
Дур кверазде ругьунаб:
Рогьалилъ гьеб рагьидал
Баракат бачIунилан.

ГIодулеб буго гIеретI,
Дур мугъалъ жиб баччараб:
Радалго цIураб гIадаб
ГIумрудул лъим гьечIилан.

ГIодулеб буго рагьи,
Дур гьаюдиялъ ккураб,

Цин лъухьун, цинги бацIцIун
Ниж рорчIидал батулеб.

ГIодулеб буго гьор-бокь,
Дур агъазалъ бечедаб:
БоцIи гьечIого хъизан
Хьихьун бажаруларин.

ГIодулеб буго дунял,
ГIодулеб буго гIумру,
Рокъой эбел ятичIей
Ялгъузай яс – дун гIадин!

ГIоде, гIоде, тIабигIат,
Долъ дун толелъул гIадин.
Доб къоялъ чваххараб цIад, –
Чваххе, чваххе, дир магIу!

4.

Кидаяли бихьиназ
Цоцахъе кьун хъамураб
Мали босун араб нух!
Яче дун дир бабахъе!

Эбелалъе росарал
Сайигъатал рагьизе,
Гьуинал хабаразда
Сардал цадахъ рогьизе.

Ахираталъул рокъой
Дой квачалей ятила. –

Унтидал дир кверазде
Дой ругьунлъун йикIана...

Яче дун щибаб ихдал
Росулъе щванщинахъе,
Дирго гъансито гьечIей,
Гьоболлъи долъухъ базе...

Баба гьечIеб росдал яс –
Дун долъул гурей гьечIо.
Эбел гьечIеб гьагаб тIинчI
Долъухъ балагьун буго.

5.

АхIуге дун лъихъего,
ГIодуге, дихъ ралагьун.
Эбел рокъой ятичIо...
ЯчIинегIан чIун йиго.

ЧIун йикIина. КIул гуро,
Жийго дой яккизегIан.
НуцIаги ричIиларо,
Эбелалъ рагьизегIан.

ЧIинчIуялъ гIетIги бацIцIун,
Болъодухъе щолелъул,
Дун данде йортичIони,
Дой пашманлъизе йиго.

Эбел хванин абуге,
Эбел гIадай Жарибат,
Дуца ясин цIалулеб
Дир рухIалда бихьанин.

Дун гIадаллъун йигилан,
ГIадамал, щакдаруге.
Долъул кIазалда гьале
Эбелалъул махI буго.

Те дунги, аха нужги,
Хабаде щвезе кколин.
Эбелалъухъги кIусун,
ТIадюссун ине кколин.

Умумузул рокъобе
РакI цIалареб къо щванин.
Къаникье эбел индал
Аб росу чиярлъанин.

## ХАРИЦЕЛАЛЪ ЛЪУРАБ
## РУГЪНАЛ БАЛЛАДА

1.

ГьитIинай дун ххаричIеб
ХарибакI толароан:
Ай – дир кумекчIужуйин
Бабаца еццулаан.

Долъул квенчIел биччан тун
Гали бахъуларoан,
Бабал кIертищ мунилан
Махсаро рагIулаан.

РакIалдаса унаро
Кветхада колохъ рукIин,
Хер бецулей эбелги
Кумек гьабулей дунги.

Долдаги йихьичIого
Дун лъугьараб цо хьонлъи,
Гъоба гъоркьан чваххулеб
ЧIегIер гIоралъул хъуди.

Дир гьитIинал кверазул
Квали щибха букIинеб,
Хер лъикIаб бакI бугилан
Дун ххарараб бегIерлъи...

ГIурул сасгун жубараб
КечI ахIулеб дир гьаракь,
Анищазде машгъуллъун
Ун батараб замана.

ЦинтIаго дир каранда
БорчIараб хассаб урхъи:
«Эбел! Вай дир эбел!» - ин
Бортун араб харицел.

ХъуштIун гьелде йортарай
Дир кверда лъураб ругъун...
Гьале гьеб, доб къоялъул
РакIалдещвейлъун буго.

Кинниги дун ххарана
Эбел йикIараб ссанде,
Гьаниб-доба цо-цо хьит! –
Дой гьечIо! Щущараб ххер!..

2.

Екерун уней дица
«Эбел!» - ин ахIулелъул,
Дун гурони, ракьалда
Инсан гьечIин кколаан.

Цо-цо ккун хур, цинги ссан
Дир гьитIинал галабаз
Галан гIадин бахана,
Дир гьаракь гьитIинлъана.

Эбел йилараб лъимер –
Дун гIодулей йикIана. –
БукIанадай гьелдаса
Къваридаб сагIат дие.

Эбел биларраб тIинчIалъ
ТIутIун балеб сверухълъи!
Гьеб сураталда гурхIун,
ГIоданадай тIабигIат.

Эбел йиларай ясалъ
Эбел цIехолей йиго:
ГIарада речIчIаниги,
ГьитIич чIезе рес гьечIо.

Гьелъулги хIатIаздаса
Роротун ун хьитал руго,
ХIатIилгIицIаб лъимералъ
Мерхьунеб дунял буго.

Гьеб тIанчIидаса эбел
Яхъулеб къуват гьечIо,
Квердаса чваххулеб би,
Бичун-биххун цояб гьал.

Гъурулеб бугин ккола
Гьелъ тIолабго тIабигIат,
Жийго нартайин ккола
ГьабсагIат гьитIинай яс!

Сверулеб буго зоб-ракь
Гьелъул берзда цебе.
Эбел?! Анадай гирун...
Гьадаб хьондаса гъоркье!

Гуро! Ине рес гьечIо!
ЧIегIер гIор?! Цее чIана
Дир хирияй баба гьелъ...
Лъаларо! Бицинаро!

3.

ЦинтIаго руччабазул
ГIоди дида рагIана:
«ГIайишат! Доле ясин!
Доле дур ТубхIатилан!»

Гъоба гъоркь Зазил ахин
Цо гIодоблъи букIана,
Гьенир къайицадахъал
Росуцоял рукIана.

Цояз ахIулеб буго:
Вай гьей яс юхейилан!
Цоял гIодулел руго:
Аллагь, дуде щукруйин!

Эбел?! Ссанда кIусахъе
Хачадулей йикIана.

Яхъине кIоларого,
Йигелъуй гIодой чIана.

Дир даруги дарманги,
Мун йикIарай кийилан,
Накабазде ккарай дир
Гъурмада къочардана.

Дир хирияб лъимерин,
МагIу чвахизе тана,
Хабалъ лъун йикIарай яс
Юхулищан ахIдана.

Дол руччаби дагьалги
Къварилъулел рукIана.
Лъимер гьечIей цо гIадан
Нижеда тIад хурхана...

## 4.

«Вай бабал, гьаб би кисса,
Бице кин квер къотIараб.
ХIатIазда къарал зазал, -
Кир, хирад, хьитал тарал?

КIваричIо, гьабсагIаталъ
Яхъина эбел тIаде,
ТIинчIги каранде бачун,
Как бала Аллагьасе!»

Огь, гьеб букIараб сурат,
Сверухълъиго бахилаб!
БукIинчIо дие лахIзат
Доб къоялъгIан талихIаб!

Эбел-тIинчIалъул рокьи
Ракьалда бихьараб куц!
Камилаб нижер дандчIвай
Зобалазда лъараб куц!

Цинги бицана дие
Бабада букIараб хIал:
ГIадамал! Дир яс гьечIин
Гьей чIичIидараб дунял.

Дун хьонлъудаса гъоркье
Геегун ун ятилин,
ТубхIатилан ахIидал
Дандерижи кIалъанин.

«Дир лъимер хъамун унеб
ЧIегIергIор цебе чIана...
ЧIегIераб къо чIарай дун
Доб авал тун тIурана...

Ясги ячун Кветхаде
Дун йикIарай щайилан,
Гьаб кули чIунтагиян
Балеб хьами букIана.

Нахъойги дир пикрабалъ
Добго гIассияб сурат, -
ГIоралъ унеб дир лъимер...
ГIурулъе кIанцIулей дун...

Дунялалда щибниги
Дий хIажатаб букIинчIо.
Дур эмен, вацал-яцал
РакIалдацин ратичIо.

ХутIараб гьаз бицина,
Бице гьалда, гIадамал.
Гуро, щибго абуге.
МагIирукъ лъугIизе те.

ТIадегIанав Аллагьас
ТIадюссун кьуна дир яс!
Садакъа дие дагьаб –
Бице, сунца бецIилеб?!

Бабал, бабал! БачIана
Диде рухIги, рахъая,
Хьиталги ралагьила,
Росулъеги руссина.

Руччаби, дун чIагого
Гьаб колотIе щвеларо.
Гьадаб щоб гирун хадуб
Гьание юссинаро...»

* * *

Гьеб лъугьа-бахъин хадуб
Долъ гIемер бицунаан.
Дагьайги хиралъанин
Дунгийин йикIунаан.

Доб мехалъ жиндир ахIи
Дида рагIизе течIеб
ГIорги гьелъул хъудиги
Долъий бокьулароан...

## 5.

Гьаб кверда хутIун бугеб
Харицелалъул ругъун
Гьанже ссудулеб буго,
Дир эбел йилун йиго.

...Долдаса нахъе тIокIалъ
Ниж щвечIеб Кветхада хур,
Гьелъул ссанда гъоркь –
хьонлъи,
Цо тарани – ЧIегIергIор...

**Цинги екерулей дун,**
**Дица ахIулей эбел.**
**Гьей тIокIай йикIинчIони?!**
**Дунги щайха йикIуней?!**

**Хадуб – хIасратаб талихI!**
**Цоцалъ хурхун кIиго бакъ.**
**Бакъул дуниялалда**
**Ниж гурев чи вукIинчIо.**

**ТIокIал ратIалъиларин**
**Эбел-ясалъул ракIал!**

**Росулъе щвезегIан гьелъ**
**Дида тIад лъурал берал!**

**Бакъанида росдае**
**Гьелъ гьабураб садакъа.**
**Къаси жиндаго аскIой**
**Егизе ячарай дун.**

**«Йиччаларо эбелалъ**
**ТIокIай мун рикIкIалъизе.**
**АлхIамдулиллагь щукру!**
**БухIуге, улбузул чехь!»**

*** * ***

**Чара къосарай дица**
**Къаси ахIулеб буго:**
**«Эбел! Ва эбел! – илан, -**
**Унго, ятиларищ мун!»**

**Мун гьадаб къоялдаса**
**Доб колоде юссинчIо.**
**Дун – мун дидаса араб**
**Рокъое юссунаро.**

**Сонал кигIан аниги**
**Нилъеда кIочон течIеб**
**Гьадаб лъугьа-бахъиналъ**
**Дун жакъа чIвалей йиго.**

**Квер гуро, керен буго**
**Пикрабаз къотIун балеб,**
**Мун гуро, цо дун йиго**
**Дуниялго хъирщулей.**

**Щущараб ххарил квацIи,**
**Гьаниб-доба дур хьитал...**
**Эбел! Эбел! Дир эбел!**
**ЛъагIелалъ кий мун йигей?!**

**Доб къоялъ нилъ рихьарал**
**Руччаби данде чIвала:**

**Эбел билараб тIинчIин**
**Гьез дун каранде къала;**

**Кветхада колохъ гIадин,**
**ГIодула, нилъ цере чIун.**
**БичIчIула, меседилан,**
**Лъухьула дир ругънал гIуж.**

**Киназго гIадин, гьезги**
**Абула мун гьечIилан.**
**Гьаб кверда харицелалъ**
**Хъван батана: йигилан...**

**Амма маргьа батана,**
**Эбел, дунялалъул рукъ.**
**Даимабин бицана**
**Мун араб гьеб ахират.**

**Хвела дунги къо щведал,**
**Щвела дур авалалде.**
**«Эбел! Ва эбел!» - илан**
**АхIила мун, цIехела.**

**Кветхада хурир гIадин,**
**Нилъ цоцада хурхина.**
**АхираталдагIаги**
**Даим цадахъ рукIина.**

## «ГЬАДИНАБ ЖОЙИЩ ГЬАБ ГІУМРУ БУКІАРАБ…»

*(ЖабрагІил ХІасановасул хІакъалъулъ пикрабиги ракІалдещвеялги)*

* * *

**«Гьадинаб жойищ гьаб гІумру букІараб,**
**ГІурччинаб ихилан дир хиял ккараб,**
**ГІадамасул гьумер гьимараб мехалъ,**
**Цо хІилла батилин хІинкъизе ккараб.**

**…Гьадинаб жойищ гьаб гІумру букІараб,**
**ГІуруца жиб аяб, дир ракІ унтараб,**
**ЦІвак-цІвакун зобалахъ цІвабиги ругеб,**
**ЦІар ахІун ватизе гІаданги гьечІеб.»**

* * *

**«РекІее гІагараб доба магІарухъ**
**МагІу баккуларо, би гуронани.**
**Бергьенлъи босарав вукІуна дова**
**БукІине кколеб жо лъугьарав гІадин.**

**…Доба гуреб гьечІо хъала АхІулгохІ,**
**Инсанrealiy жинца пана гьабураб…**
**…Доя гурей гьечІо магІарул чІужу,**
**Бихьинчи нечарав жиндир гьунаралъ».**

### ЭБЕЛАЛДЕ

**«Дуда эбелалъул берал рихьанищ,**
**Балагьун гІорцІичІел гІумруялъго духъ?**
**Дуда эбелалъул кверал рихьанищ,**
**Кинабго дуе кьун, ракъван тІагІарал?..**

**…Эбелилан абун, Аллагьас йижун,**
**Ракьалде биччараб Бичасул хІикмат,**
**Мун вихьараб мехалъ кІудияй гІолей,**
**Дуца тараб мехалъ гьитІинлъун уней».**

* * *

**«Гуро, гьудул, гуро, дуниял гуро**
**Дуда бичІчІулареб, дида лъалареб.**
**РичІчІуларел чагІи руго гІадамал,**
**Я кІудиял гІечІел, я гІакълу щвечІел.**

**Гьал, сонал анагІан, согІлъун гурого,**
**Ссудуларел курмул, канлъичІел берал.**

Гьал, бидухъ гурого, лъехъ гIащикълъичIел
ГIасияб мехалъул мехтарал лъимал…»

* * *

«Щай гьабураб?» – абун жинца абичIев,
Жанисан Аварагараб дуниял.
Щиб къваригIун, гьудул, гьаб нилъер дагIба?
Досие гIураб жо гIоларелищ нилъ?..»

## АХIУЛГОХIДЕ

«Гьабищ доб АхIулгохI…МагIарул УхIуд,
МагIица халкъалъул гьумер чурараб?
Гьанибищ, дир гьудул, дир умумуца
Аллагь тун нахъияб нахъегIан тараб?..

Гьанибищ букIараб кIкIуйдул цIураб зоб
ГьитIинаб магIарул дир миллаталда?
Гьанибищ гIарада гIергIезабураб,
ГIагараб Дагъистан, дур кереналде?...»

* * *

«Гьал михъалги кIкIварал, тIажалги къарал,
ТIад бугеб парзалъул ургъелги тарал,
Бульварал сверулел, барал мерхьунел
Бихьинал рукIинчIо Шамилил рагъда.

Гьал чIинчIалги чIвачIел, каралги ххарал,
Керенги бетIерги бакъалда лъурал,
Гьал эгъе борхатал ясаца гуро
ЦIунараб АхIулгохI имамгун цадахъ.

Гьал бащдал толохIоч къватIахъ рихьулел,
Рахьдал мацI лъаларел лъималги гуро
Улбузул хьолбода, хунжрулги рахъун,
ХвезегIан рагъарал гъазаваталда…»

## ДАЛАЙ-ДАЛАЛАЙ

«Гьаб нилъер векалъул пикру гьабидал,
Бикъулел, хъамулел хъурмал рихьидал,
Дарман къотIарабго, къо бухIарабго,
Дица ахIун тола: далай-далалай…

…Реццун ругьунлъарал хIакимзабиги,
ХIелхIедун ругьунал гьал гIадамалги,
Бихьинчилъи гьечIеб гьаб гIаламалде
Дица ахIун тола: далай-далалай»…

## ТIАДЕ РАХЪА, УМУМУЛ

**«ТIаде рахъа, умумул,**
**АхIи балел руго ниж**
**ЧIагояз тIураларел**
**ТIалабал гIемер ругин:**

**Холезул ургъел гьечIин,**
**Хваразул адаб гьечIин,**
**Ханлъи бокьарал ругин,**
**ТIаде рахъа, умумул.**

**…Тушманасул боялда**
**Бадиб къараб магI гIадал,**
**Борхатаб къадруялъул,**
**Къуватаб лагаялъул…**

**ТIаде рахъа, умумул,**
**АхIи буго нужеде,**
**ГIорцIидал гIадамазе**
**Лъугьунеб жо бихьизе».**

Гьал, дица тIадехун лъуралщинал шигIрабиги шигIрабаздаса мухъалги руго дица жидер авторасул цIар рехселалдего чанги магIаруласда рагIарал, ахирал соназда чанги мажлисалги жидехъ гIенеккарал, гIенеккун гурелги, жидеда рекIехъе лъалелги, лъазего лъачIого пикрабазулъ рессун ратаралги. Гьаниса-дораса раккун рачIарал цIиял шагIирзабаз жидерго кучIдузулъ хIалтIизаруралги, жалго шигIрабазул цIаралгицин, расги хисизаричIого, жидерго цIаразда гъоркь хъвaралги…

Гьал шигIраби руго Шамил районалъул Гъоркьа Бакълъухъа, жиндир мунагьал чураяв, кутакалда нилъерго миллат хириявги, гьелъул багьадураб тарихалъ гIумруялъго каранда ракI тватхезабуравги, жинцаго абухъе, МагIарул УхIуд – АхIулгохIалъ гьебго ракI гIеккезабуравги, бахIарчиял умумузда цеве, миллаталъего гIоло, гьелъул наслабазего гIоло налъулавлъун живго вугев гIадин, гьелъие къуларав ворхичIевги, ТIадегIанав Аллагьасул цIарги ахIулаго цIадулъе араздаги, гIурулъе кIанцIараздаги гъорлъ, гъазизабазда цадахъги вукIун, заманаялъ нилъее гьеб киналъулго бицине, бицун течIого, гьеб рекIелъе, бидулъе тIезе БетIергьанас вищун кьурав гIадав, щокълъиялда цадахъ магIарул мацIалда унго-унгояб магIарул кечI хъвазе бергьараб гьунар кьун букIарав Жабраг1ил Х1асановасул..

КIудияв шагIир ЖабрагIилил гьал шигIраби дица росана гьесул «Асарал» абураб гьитIинаб тIехьалдаса. Амма гьел киналго дидагоги рекIехъе лъалелги ратана, кIинусго гьумер бугеб гьеб тIехьалъул гьаб макъалаялда рехсезе гуреб мухъги батичIо… Макъалаялда лъураб цIаралъулги гьелъул байбихьуда гьел шигIраби лъеялъулги мурадги цо букIана: гьезул автор щивали цIалдолезе рагьиги, ахираталъул рокъов вугев гьев гъваридав магIарул шагIирасул шигIрабазул мухъалги магIнаги цIираккарал «шагIираз» хIалтIизари тезе мех щун букIин загьир гьабизе бокьиги. ГIурусазул хъвадарухъан Гоголица абун буго: «Берцинай яс тIегьалда тIоцее релълъинаюрав шагIир – шагIир вугила, гьеб дандекквей такрар гьабурав – шагIир кколарила»…

Цойгиги гIилла буго гьел шигIраби дица байбихьудаго лъеялъе: гьадинав шагIирасе къимат кьезе лъугьине ккани, дир махщел я гьесдаса бергьараб букIине ккола, ялъуни дагьабгIаги гьесулалде гIагараб букIине ккола. Абизе кIола цо жо: жакъа къоялъ я дир, я цойгиязул гьеб гьечIо. Гьеб бихьизабулеб буго гьесул кучIдул цо-цоязул рекIелъги пикрабалъги рессиялъ, гьездаса

тIун бажарулеб гьечIолъиялъ, ай дицаго какулеб бугеб гьаб гIурус рагIиялъ-плагиаталъ (нилъер мацIалде буссинабизе бокьун гьечIо… Нилъер миллаталъул кочIолаб рагIул борхалъиги гъварилъиги, жибго гьелъул тарих гIадаб, цойги миллаталъулалдаса кутакабги цIакъабги умумулъанго букIиналъги гьелъул кутак суризабулеб рагIи гьеб плагиат букIиналъги).

ШагIир ЖабрагIилилги, миллаталъул бидурихь гIадав магIарулав ЖабрагIилилги хIакъалъулъ ракIалдещвеязул макъалаялде сверизе биччан толеб буго гьабги.

Щай?! Щай гурелъул Аллагьас хъван батана дир гIумруялъе, дир хъвадариялъул пишаялъул байбихьуда гьев, гIолохъанго кутакалда гIакъилавги, шигIруялъе доб мехалъго бергьараб гьунар бугевги (гьаб «Асарал» тIехьалда руго гIолохъанго ЖабрагIилица хъван рукIарал шигIрабиги, гъоркь сон хъван гьечIониги, ниж цадахъ цIалулел рукIараб кIиго соналда жанир хъварал, амма гIумруялъул ахирал соназда хъвараздаса даражаялъ нахъе ккечIел) шаг1ир лъазе.

ЖабрагIил вукIана цIакъ гIадамал хириявги гьезие хириявги чи. ЖабрагIил вукIана гьудулзаби гьечIого гIоларевги инсан. КIиабилеб курс цIалун бахъинегIан университеталъул филологияб факультеталъул гIурусгун-дагъистанияб отделениялда гьев хутIичIо галаби тIамизе рес кьечIеб унтуца… Амма гьеб дагьаб заманаялдагицин мугIалимзабазулги цадахъ цIалулезулги ракIал гIатIид гьаризеги рацIцIад гьаризеги цо хIикматаб гьунар кьун букIана гьесие. Гьев лъаларев чиги, факультеталда гуребги, университеталдагоги вукIун ватиларо. Рилълъин гIажизав, вихьизе гвангъарав гьечIониги, гьев сверун ккун, гьесул махсароялъ кверде росун, макънатIисалъ гIадин, гьесухъе цIадарулел рукIунаан киналго.

Дарсидаса цIумур къабурабго дун йигеб аудиториялде рагьун нуцIагун: «ТубхIат! На выход!» – ин ахIулаан гьес, мугIалимасул санцин гьабичIого. Гьес ахIараб мехалъ, цоги нухалъ ахIизегIан тани, цо-цояз, «нилъер шагIирзаби»-йин махсаро цадахъал рагIаби абилалде, дун коридоралде щолаан. Перерывалъул заманалда жиндирго «каранда кьабгIелеб бугеб» цIияб кечI цIализе гьеб бичIчIизе кIолей студентка-магIарулай, шигIру хирияй гIадан доб мехалъ цIалулезда гъорлъ дун гурей йикIинчIолъиялъги батила, гьесухъ гIенеккун дунги, дихъ гIенеккун гьевги рихьи гIадатияб сурат букIана киназего. Амма, гIел бащадал ругониги, гьесул кечIалдаса «нечолаан» дир кечI, гьес какиялдаса, экзаменалдаса гIадин, хIинкъулаан дир сарин. Сон анагIан бичIчIана дида Бакълъухъа ЖабрагIил дие магIарул кочIол гIелму рекIелъе тIолев, гьеб гIелму жиндирго бидулъ бессарав, сахлъи кьечIелъухъ Аллагьас хIикматаб гьунар кьурав, рагIул бегIерлъиялъ цойгияздаса батIияв инсан вукIин. Гьанже ургъараб мехалъ пикру гьабула гIадада рукIун гьечIин Аллагьас нижер гIелги гIумруялъул нухги релълъинабурабин. Щай гурелъул нижер кIиязулго пикрабазулъги ракIазулъги аслияблъун, кечI цIалулеб мехалъ дуниял кIоченабулеблъун, бералги къанщун, квералги хьвагIун кучIдул цIализе ниж тIамулеблъун, жинда кинабгIаги асар бащалъулареблъун букIана ва хутIана хирияб миллаталдеги, гьелъул тарихалдеги, гьеб тарихалъул аслулъун вугев ТIадегIанав Аллагьасдеги рокьи… Гьеб рокьиялъ гьавуна ЖабрагIил гIолохъанго бергьараб гьунаралъул шагIирлъунги, Аварагасул хIадисалда

абухъе, ВатIан бокьи – иманалдасан букIиналъ, жибго ватIанги – баракат букIиналъ. Гьесул «Асарал» тIехьалъ жинцаго рагьула гьеб пикру. Гьеб баракат жиндиргоги къалмилги ракIазулъ рещтIиналъ бергьана, халкъалъе хиралъана, щиб замана бачIаниги хIажаталлъун, цIехолеллъун лъугьана гьесул асаралги. Цогияз хъвалел, риччалел рикIкIен гIемерал тIахьалги шигIрабиги гIодор лъун, регун ругеб мехалъ, дидаго чан чияс гьарулеб гьесул цогIаги тIехь жакъаги.

Гьедин, цIарал-шапакъатал цIехолел цойгиялги тун, ЖабрагIилил шигIраби цIехолел адабият бокьулел магIарулал рукIиналъги бицуна гьес дунялалда тараб лъалкIалъулги, я гьаниб лъиего пайда гьечIеб, я доба жидеего батулареб гIадада хъвадариялъ гьел цойгияз лъеда полоп гIадин инабун батараб гIумруялъулги. Гьесул гIадаб шигIру лъугьине ккани, гьевлъун рукIине ккола… ТIадехун рехсовухъе, гьесул гIадаб рокьи букIине ккола магIарул рагIудеги, гьесул гIадаб гIищкъу букIине ккола нилъерго миллаталдеги, гьесие гIадин, гIодулаго хиралъизе ккола АхIулгохIги; гьев гIадин къулизе ккола жиндирго миллат цойгияздаса борхалъизе гьабурал гьелъул имамзабазеги, гьелъул устарзабазеги, гьезул баракаталъ ккун бугеб гьелъул къисматалъеги; гьесул гIадин гиризе ккола магIу гьеб киналъулго къиматги гьабуларел, гьелъул къадруги цIунуларел «гIасияб мехалъул мехтарал лъимал» рихьунги, гурхIел тIадегIанав Аллагьасул сабруялъул хIисаб гьабунги…

Цеве чIола ЖабрагIил, гьеб киналъулго пикрабаз бакIарараб, бицине кIолареб, рехсон бажарулареб, малъкъосиналъ керен къакъалеб, гьадаб цо, магIил гороян жинда абулеб, дунялалъухъги валагьун, гьелъул хIакъалъулъ ургъел бикьизе щоларел, регIун гьечIел гIадамазухъги урхъун, «цIвак-цIвакун зобалахъ цIвабиги ругеб, цIар ахIун ватизе гIаданги гьечIеб» лахIзаталъ, зодоб бакъ бугонигицин, бачIанщинаб къоялъги, унебщинаб моцIалъги, лъугIун батараб соналъги, жинцаго гIадамазухъе гали базе рес гьечIолъиялъ, гордухъан гурони, бихьулареб гургинаб дунялалъулги, гьанибго толеб гьелъул хIисаб гьабуларел гьезулги хIакъалъулъ пикраби цолъун, лъимцин къулчIизе биччалареб магIил гIомоялъ мукъулукъ бацарав, столалдаги чIарбидаги, лъукъарал къункърабиги гIадин, тIиритIарал, къваридал, пашманал шигIраби берцинаб хатIалъ тIад хъварал тIанчазухъги валагьун…

ЦIала-цIалараб кечI чIарбиде «боржине» биччалаан ЖабрагIилица. Гьел кучIдул гIадамазухъе роржине, басмаялда рахъизе ккелин киданиги ракIалдеги кколароан. Гьудулзабазе цIалулаго гьел гIенеккун чIаниги, цIалун хадуб гьезул пикру лъаниги гIолаан. Эдинги живго гIадав судияв жиндирго кучIдузеги ватулароан, гьаб бакI лъугьун гьечIин, нужеца щай абуларебин, дица нужеда гIадинин, доб лъугьинчIеб бакI лъугьинабизе ургъулаан.

ЖабрагIилил кучIдузда бижизабуна ТIадегIанав Аллагьас гьесул бохдузе кьечIеб рухI, гьесул рекIелъе тIуна БетIергьанас гIадамал кантIулеб рагIи абизе шавкъ, гьесул ботIролъ бекьана Аллагьас унго-унгояб, бацIцIадаб, боцIиялъ беццлъаразе канлъи рагьулеб пикру, рагIарабго гIенеккарасул рекIелъги ботIролъги хутIичIого рес гьечIеб, кечIалъ тарбия кидаго кьолеб букIараб магIарул халкъалъе хиралъараб, бигьаго ургьибе унеб гIакъиллъи хасиятаб ШигIру.

Гьединлъидал гьесул шигIраби тIехьалдаса цере роржана халкъалъухъе, халкъиял кучIдул гIадин, авторасул цIаралдасаги цере тIиритIана магIарулазда гъорлъ (цо-цо шагIирзабазул, цIарал гурони, бадир-кIалдир къаниги, шигIраби халкъалда рагIичIеб мехалъ). Гьесул кучIдузул гьайбатлъиги гъварилъиги цойги миллаталдаги бихьизе, нилъер адабияталда жакъа байрахъулаблъунцин лъугьун бугеб, гьелъухъе жинцаго нух бахъараб ЖабрагIил ХIасановасул шигIруялъ гьелги асир гьаризе, гIурус мацIалде руссинаризе ккелин гьесул куч1дулин пикру бачIарай дун, дагьай ургъидал, рекIекълъана. Цониги таржамачи-шагIирасда ЖабрагIилил рагIабазул гъварилъиги, гьесул рахьдал мацIалъул бечелъиги, гьелъул хасаб гугьарги гIурус мацIалда кьун бажарулареблъи бичIчIана (ЦIадаса ХIамзатилги, ЧIанкIалги, ГIалихIажиясулги, МахIмудилги гIадин). Хасго АхIулгохIалдеги имамзабаздеги гьарурал шигIраби… Гьебги буго ЖабрагIилил хъвадари унго-унгояб, нилъерго мацIалъул халкъияб кочIол хаслъиялъги кочIолаб гIелму гьесда, дунялалъулго адабият цIалун хадуб, дагьабги лъикI лъаялъги жакъасел миллатцоязе хиралъиялъе гIилла.

* * *

Хъвадариялъе гьунаралда цадахъго Аллагьас ЖабрагIилие кьун букIана, тIадехун рехсовухъе, жив лъалелщинал жиндаго сверухъ цолъизарулеб гуребги, гьел жидедаго гъорлъги цолъизарулеб гуребги, гIумруялъго гьезул цоцаде божа–рокьи бижизабулеб, ЖабрагIилил жиндирго гIадин, цоцалъ гьуинлъи гьесул баракаталъ лъугьинабулеб, жахIда-хIусуд гьечIеб, рагIиги шигIруги хирияб, жакъаги цоцазе ритIухъаб гьудуллъи нижелъ доб мехалъго гьес бекьиялъ жиндие ниж налъулаблъун бугеб гьесул рекIел бацIцIалъиги, гьелдаго цадахъ гьев гьудулзабазе дагьавги хиралъизавулеб бегIераб рагIиги, гIажаибго гIужилаб махсараги. ГIунараб гIамалалъул чиясдаса гIадамал рикIкIалъулел гIадин, гIатIидаб рекIел ЖабрагIилида аскIоса нахъе ине бокьулароан. КочIодалъунги гьабулаан гьес махсаро (Студенталлъун ругеб мехалъго цо нухалъ дун гьаюраб къо баркизе, нижер общежитиялъул ункъабилеб этажалде вачIана ЖабрагIил… Жаниве лъугьун вачIунаго тIоцере абурал, жинда дур нуцIикIалтIа чIун ратанин гьал мухъалин, ахIулеб гIадин, гьес ххенезарурал рагIаби рукIана: «Тубх1ат! Мун гьаюраб къо буго къойил гьаб дунялалда, Мун йижичIеб къо буго къиямасеб ракьалда!» Гьев вачIин рохеллъун лъугьарал цадахъ ругел ясаз хадурги такрар гьарулаан гьел мухъал…) Гьеб махсара гIамалалъулъ бессараб, гьелъулъги хассаб гIакъиллъи бугеб хасияталъ гьес живгоги къисматалдаса хвасар гьавулев вугевлъи бихьулаан дида… Гьединлъидалги унаан дун, цIалиги рехун тезе ккун, магIарухъе гочун, лъова чIарав ЖабрагIил эхеве вачIиндал, гьес ахIаралъуе.

Гьесда сверун лъугьарал гьел данделъабазул цонигияб кьелароан дица гьаб заманаялъухъ. Бакълъухъа ЖабрагIилил ракIбацIцIалъиги, гьунарги, рагIулъги чорхолъги бессараб миллатги, гьелъул милат гьабуларел цо-цо «церехъабиги», жакъаги, гьелъул цIарги ахIун, цогиялги ахIуд рахъинарун, бухун керенгун, жидерго чвантие гIоло гьабулеб батулеб гьеб гьересияб цебехъанлъи бихьун турулеб шагIирасул ватIан бокьизе бижун батараб ракIги, рекIкIалъ цIураб сверухълъиялъ чIвалеб, лъугIулеб, лъимерлъиялдасаго жив хадуб цIараб анищги, хьулги, боржелги, бажаричIониги лъолеб галиги…

– гьеб киналдасаго ракI буссиндал, цIцIан аскIобе бачунеб жиндиего хасиятаб, хассаб, сундего данде дару гIадинаб ЖабрагIилил махсара сундаго бащалъиларoан жакъаги (жиндирго гIадал пикрабаз чIвалей дунгиха гьес гьездаса хвасар гьаюлей йикIарай, махсараялъул гуребги, вацасул гIадаб, ракI-макI гьабулеб каламалъ).

КочIолъ къваридаб ракI гIумруялъулъ кутакалда гIатIидаб букIана гьесул. КечI хъвалаго жибго дунялгун хутIидал, гьудулзабазул горсверулъ гьеб кIочон толеб букIиндал. Цо-цо кучIдузулъ релъизейилан ккаралги рагIабазулъгицин добго пашманлъи букIунаан. Гьеб бичIчIиларо цого–цо пикру гьечIев чиясда:

**«Мун гьаб дунялалъул боцIуе гIоло**
**ЦIан тIажу бахъизе лъугьунге, гьудул…»**

Гьаб кIиго мухъалъулъ батула кинабго, аслияб – гIадатияб къагIидаялъ гIадатиял магIарулаз абулел (гIурус мацIалде руссинаруни, лъидаго ричIчIизе гьечIел…), бегIералги магIна гъваридалги рагIаби ЖабрагIилихъе рачIун руго жалго рекерун, цIакъ гьел хIажатабги, гьел гурони, рекъезе рукIинчIебги бакIалде. БоцIуе гIоло «гIицIлъулел» ругел гIадамал рихьун, ракIкъалеб мех диргоги гIемераб букIуна. Пайда щибха, дир гьудул ЖабрагIил, эзда кколелъул жал рихьулел гьечIилан… Гьезул гIадаб гIумру гъадицаги гьабула, гьединлъидал, къокъаб букIаниги, къадруябги рагIулъгицин баракат бугебги дур гIумруги бергьана, дур цIарги халкъалъе хутIана.

ЖабрагIилил баракатлъун лъугьана дие сундасаго цебе гьесул сверухълъи. Гьесдасан щвезе хъван букIун буго, дир гIумруялъго дир дуниял чIаго гьабулел, дирги дир шигIруялъулги даража гIодобе ккезе биччачIел, жал рихьанщинахъе вацал рихьараб хIисаб дие кколел (гьезда дунги вацилан кколей ятула, щай гурелъул ЖабрагIилицаги гьесдаса хадув лъарав ГъалбацIовасги ТубхIатил бакIалда ТIалхIатин ахIулеб букIиндал диде), жалгун цадахъ, доб мехалъ гIадин, бокьараб бакIалде дун ине кIолел, дир гIамалалъе данде кколеб, шигIруги, рагIиги, миллаталъул тарихги хирияб ракIазул гьелчей бугел, гьелго ракIазул рацIцIалъи дие бокьулел, доб гIакълу гьечIеб гIолохъанаб мехалъ жидеца дир напсгицин цIунаралъухъ дица жидехъги БетIергьан Аллагьасе щукру гьабулел Кьурукьмухъалъул васал: Гъоркьа Бакълъухъа МухIамад ХIамзаевги, МухIамадрасул ГIумаровги, ЗанатIаса, ТIаса Бакълъухъа, Гъандихъа, Могьохъа ЖабрагIилилги шигIруялъулги адаб гьабулелщинал, вилълъине кIоларев гьев кодов ккун ралъдал рагIалдегицин вачунел рукIарал, гьесулъ шигIраби рекьизе квербакъарал, гьесул рекIел пашманлъи релъа-рохун бачахъизе кидаго аскIоре ртортулел гьел гIолохъаби, инсуца ункъабилев василанги ахIун, жиндирго боржелги гъуждузда лъун, шагьаралде цIализе йитIарай дида лъазеги дун жидеда гъорлъ йикIине изну инсул тарбиялъ кьун букIин гьезда лъазеги. (Дир гьудулзаби гьесдаги лъалаан). Даимго Аллагь разилъи гьарула дица гьезиеги, мунагьал чураги нижер гьудуллъиялъеги гьелъулъ гIаданлъиялъеги баракатлъун лъугьарав ЖабрагIилилги. Гьанибго абичIого гIоларо гьеб мухъалъул васазулъ, иманалда цадахъ, адабияталде, гIакъилаб каламалде, шигIруялде ракIазулъ бессараб рокьиялъ хIикмалъизе бачIунин кидаго. Гьелълъидал гьезие ЖабрагIилги хирияв вукIарав. Гьелълъидал

гьезда дилъ, гIолохъанай яс гурей, шигIруялъ жидеда гъорлъе ячарай, гьелде бугеб рокьиялъ жалгун ящалъизаюрай кочIол яс йихьулей йикIарай. Баркалаха нужее, Къурукьмухъалдаса къуричIого дида хьолбохъ жегиги ругел, ЖабрагIилица диде гьабулеб боржел бикьарал, нуж рихьанщинахъе ракIалдещвеяз дирги ракI тирхулел, тIул бикьичIониги, ракI бикьарал вацал. (Гьезда гъорлъа МухIамад ХIамзаевги МухIамадрасул ГIумаровги Жабраг1илида хьолбохъаги гьесул пикрабалъаги араб мехго букIун батиларо, росуцоял гурелги, тIоцереги ахиралдаги гьесда кверчIвалелги, гьес жиндирго кучIдузулъ «гьудул…» – ин абун, гIемерисеб мехалъ кечI бижулагоцин цадахъ рукIун, рехсолел, гьев АхIулгохIдеги цоги бакIаздеги вачунел рукIарал… Гьезул кучIдузулгицин букIуна релълъараб гъварилъи, релълъараб миллат бокьи, гьелъул тарих хиралъи… Цо-цоял дихъе кIалъазецин кIалъала гьаб кечI ЖабрагIилилищила, ХIамзаевасулищила… Гьеб релълъин буго, рагIабиги, мухъалги такрар гьарулеб гуреб, ракIазулъ бугеб, нилъго магIарулалги, нилъер тарихги, ВатIанги, ТIадегIанав Аллагьги цолъараб, гьеб цолъиялда тIаде (яги гьеб цолъизабуралъухъ) БетIергьанас гьунарги къураб жидеего хассаб релълъин. Дие бокьула гьеб релълъин).

* * *

РакIалдещвеяз чIаголъизавула инсан. Щай гурелъул гьезулъ букIуна араб, гIолохъанаб, агъаз дагьаб, умумул чIагояб, ракIал чIунти жеги щибали лъалареб, рагIалги ракьанги гьечIеб рохел гьарзаяб, бачIине бугелъул хIисаб гьабулеб гIел букIинчIолъиялъ, цо лъалареб, гIунараб зодоса накIкIалги тIагIун, ракIалдаго букIинчIеб бакъ баккараб гIадаб, дагьаб мехалъ бугониги, ургъел-агъазаз нилъ тараб асар.

Гьединал, ракIгъурал ракIалдещвеяз рукIкIалабицин тIагIуна нижерги гьурмаздаса, цIидасан доб мехалде щвараб хIисабги лъугьун, чIаголъиялъ кенчIола нижерги берал, кIочон тола соналги, гьез гIумруялъе дагьалги къурал цIиял гIадамалги… Нижер горсвериялъул буго батIияб, цойгиязда релълъинчIеб, шагIирзабазул къисмат. Гьеб горсвериялъул ракIалдещвеялги рукIуна батIиял, нижго гIадал, гIарацги боцIи-панзги гъорлъ гьечIел. Гьел ракIалдещвеязул аслияб асарлъун лъугьуна ниж урхъун ратараб мехалде щун рати… Гьеб асаралъулъ ращалъуларо цо-цо мехалъ, гIумруялъул гьадаб бутIа хутIун, хутIанщинал соналги, хъулхъал-ишалги, бищун кутакав хIакимчиясул креслоги…

Гьаб бакIалда ракIалде щванаха нижер цо данделъиги. ЖабрагIил эхеве вачIун вугин, хекко Батыраялде ахIулей йигин лъазаби щвана хIалтIуда, тIахьазул издательствоялда йигей дихъе. ЦIиял кучIдулги росизе кколаан кидаго. Гурони ЖабрагIилица, субалочин, дуда хъвадарейин гурищ лъазабун тун букIарабин, нечезаюлаан. Щванаха Батырайил къотIноб ХIамзаевас ккун букIараб, нуцIа рагьун, къотIносанго жанибе гали бегьани, гьеб гали рукъ бакьулъе кколеб, гьитIинаб, ЖабрагIил вачIанщинахъе гьесул штаб– квартиралде сверулеб букIараб, цо гьитIинаб диванги, цо гьитIинаб столги, цо борхатаб бакIги (элда ЖабрагIил гIодов чIун вукIунаан), рукъалъул солболъ чIарбида сокIкIун тIахьалги, тIиритIун гьесул кучIдуз чIаголъизаруралилан кколел тIанчалги. Щванаха, тIамун галигун, жание.

Дун гIодой йикIинеялъе гIоло диваналдаса васал хекко тIаде рахъана, кигIан гьел рортанхъаниги, дун гьений гIодой чIолареблъи дир гьудулзабазда

лъалеб букIаниги. Дунги ячIун вохарав ЖабрагIил ахIдана ХIамзаевасде: «МухIамад! Хекко гьанире бездарал! Бездарал сокIкIе ТубхIатида гъоркь!..» – илан. Дол тIахьазда гъорлъа бездарал рищулагоги букIана киназего кеп. СокIкIана гьезул сиги, ссиялда гIодой чIана дунги. Ягъарани, биххизе хIадураб гьадаб «бездаразул бакIуха» дица кьелареб гьаб жакъаги бищун борхатабги, тирулебги, сверулебги, жинда кIусизе ихтияр цо нухалъ щваравги, нагагь гьеб кодоса инадайин, кьижизе гурев, рокъове унаревги, у-унайин, гьебги ккун чIун, чIван гурони, нахъе унаревги хIакимчи кIусараб креслояльухъ.

ХIамзаевас ккун букIараб гьеб гьитIинаб рукъги кьелароан гьал хъулбузухъ. ХIанги, чедги, помидорги, гьезда гъоркьги тIадги ЖабрагIилил кучIдулги, адабияталъул вакилзабазул хIакъалъулъ рицунел, байкабийин абулел, кепал лъугьа-бахъиналги – гьебги кьелароан жалгоги бечедал, гIамалги учузал, чехь гIорцIиялъ гIагIаялда гурони, релъизе гIакълуги гьечIел, ракIалги мискинал цо–цо чагIазул гIумруялъухъго.

Нижер гьеб вацлъи дир хIалтIудаги лъалаан. Цо нухалъ директорасул секретар ячIана: «Тубхат, по–моему, это письмо тебе» –йилан. Ялагьана конверталде. «Кому» – йин абураб бакIалда хъван буго (кинабго машинкаялъ кьабун, дида хатI лъалелъулги, гьеб дихье битIараб бакIги – махсара дие гурелъулги): «Зургалову ТIалхIату», – йин. «От кого» – йин абураб бакIалда – «Советский РОВД» –йин (Доб мехалъ Шамил район Советский район букIиндал), МахIачхъалаялъул цо районги Советский букIиндал… ХIинкъараб дир куцги бихьун, гьей чIана дица конверт рагьизегIан. ТIоцебесеб мухъалдаго букIана: «ХIинкъарайищ, товарищ ТIалхIат? Гьедин хIинкъизайизе йиго нодо багьизегIан какал рачIони…».

Как-кIалалъе цIакъай кийха дун йикIиней доб мехалъ, жеги, ЖабрагIилица абухъе, Гъунисаги йигони. Ахирал соназ цо нухалъ гьес абуна: «Гьанже бегьула мун Бакълъухъ юкъизе…». АхIулгохIалъул тарих, жиндие гIадин, дие хиралъиялъги, СагIид-афандиясулги (къ.с.) цогиязулги исламиял тIахьазе редакторлъи гьабиялъги, жиндиргоги баракаталъ, жиндаго лъикI лъалеб, аскIоб бугеб ЗанатIаса хъизамалде дир къадар хъваялъги, цоги-цогидалъги мустахIикълъана дун гьесул рецц-бакъалъе. Гьебги дие Бакълъухъа ЖабрагIилил шапакъатлъун букIана…

Телефонал раккаралдаса гьенисанги цIалулаан нижеца цоцае кучIдул. Цо-цо Бакълъухъеги щолаан гьесухъе гьоболлъухъ. Гьединаб букIана, гIумруялъул киналгIаги законалги нижерго жинсиял гIаламаталги цIехолареб, ЖабрагIилица кьучI лъураб, гьесул гьудулзабазулги дирги, шагIирзабазул ракIазул законазе гурони мукIурлъулареб, бацIцIадабги борхатабги гьудуллъи.

ВихьичIого гIемерал сонал индал, МахIачхъалаялъул госпиталалда вегарав Жабраг1илиде яккизеги щун, тIадюссун унаго, пашманаб рекIелъе рачIарал пикраби рикьараб кечIги гьаниб лъун, лъугIизе тани гурони, лъугIелго батизехъин гьечIин мунагьал чураяв, сахлъи гьечIолъиялъ, кIудияв шагIирасул къисмат къокълъарав, амма жиндир къалмил тIогьиб ТIадегIанав Аллагьас ВатIан бокьиялъул баракат лъурав, цIаралгун шапакъатал щвечIониги, халкъалъул беразда вихьичIониги, гьелъ цIалулев, цIехолев Гъоркьа Бакълъухъа ЖабрагIил ХIасановасул хIакъалъулъ ракIалдещвеязул цо-цоялги гьесул шигIруялъе дида кьун бажарулареб къиматги…

## «ЧIАГО ХУТIАРАВ ШАГЬИД»

**ЖабрагIил вачIун вуго**
**МагIарухъа эхеве.**
**Анивго чIолевани,**
**Дунялалъул ракIгъезе…**
**ЖабрагIил вачIун вуго**
**Аб МахIачхъалаялде.**
**Бакълъухъа бакъалъ ахIун,**
**Инаха ав эхеде…**

**Жавгъар гIадаб рекIелъа,**
**ЛъикIлъи гуреб, бикьичIев,**
**Дуниялалъул рокъоб,**
**Рохел гуреб, бекьичIев,**
**БачIараб къоялъегун**
**Къанщараб сордоялъе**
**Даимав нугI гIадинан,**
**ГIодов чIарав ЖабрагIил.**

**БачIунебгун унелъе**
**Сапар-сагIат битIизе**
**БетIергьанас вищарав**
**Заманалъул хъаравул,**
**Аварагасде витIун,**
**Уммат кантIизабурав**
**Малаикасул цIаруй**
**МустахIикъав ЖабрагIил.**

**Сардалги рорчIун дуца**
**Аб дуниял кIикIула,**
**Басрияб тIимугъ гIадин,**
**Хадубго кIобокIула.**
**КIудиясул рагьдухъе**
**Рилълъин гIагарлъарабго,**
**ГIансилгIан пайда гьечIеб**
**Гьеб тIубан учузлъула.**

**АхIулгохIалъул тарих**
**Байрахълъун ккурав шагIир,**
**Дуцаго абухъего,**
**ЧIаго хутIарав шагьид,**
**Шагьиялде сверулеб**
**Буго панадуниял**
**Дур пикрабазухъ гIинбан**
**ГIенеккарай диеги.**

**Аллагьас нижей кьурав**
**РагIабазул малаик,**
**Мун гIун вуго гIумрудул**
**МагIна лъазе, ЖабрагIил.**
**Гордухъ маркIачIумехги,**
**Рагьдухъ ахирзаманги…**
**Дур палата, Парида…**
**Пардав къаге, ЖабрагIил!**

…Къана ЖабрагIилицаги пардав… ЛъугIана дунялалъул театралда «хIараб» шагIирасул, ахIи-хIур гьечIого араб, амма жиндирго халкъалъе, гьелъул наслабазе рагIудалъун тарбия кьураб, къокъаб, амма баракатаб гIумру. ЧIикIаса КIудиясухъе зияраталъ хIаллица галаби росулев ЖабрагIил вачIараб мехалъ устарас абун буго: «Гьедин, захIматго вилълъун вачIинчIониги гIелаан, дир вас, мун»…илан. «Гьаб дуниялалъе гьаб рилълъинги гIун буго, дур баракат щваяв дир устар» – ин ЖабрагIилидаса кьун борчIараб жаваб цIакъ рекIее гIун буго къуддиса сиругъу СагIид-афандиясе…

Дунялалъул рокъоб баракат гIадин, Ахираталъул рокъоб дурго устарасул шапагIатги камун хутIугеги мун, ЖабрагIил!

ЧIаго вукIаго рухIгIан дуе хириял АхIулгохIалъул шагьидзабазда гъорлъ хъванги ватаги мун, ЖабрагIил!

***ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА.***

## МУНАГЬАЛ ЧУРАЯВ МУХIАМАД ПАТАХIОВАСУЛ ЭМЕН КЪУРБАНГIАЛИЛ «ГЬУДУЛЛЪИ» ЖУРНАЛАЛДЕ КАГЪАТ

* * *

**Кинабго гIатIилъи, гIамал, хасият**
**Халкъалъе рагьулев нилъер ПатахIов.**
**Гьев къанщунин абун КъурбангIалица**
**КъотIизе теларо нужер гьоркьоблъи.**

Ассалам гIалайкум, адабияталъул шагIирзаби!

Квер кодобе босараб, урхъараб салам буго нижер киназулго рахъалдасан киналго хъвадарухъабазде, шагIирзабазде, гьаб хъвадарухъабазул рокъобе нуцIа рагьулезде, нижер вас ПатахIов МухIамадида лъалел рукIарал киналго вацал-яцазде. Мурадги буго нуж сах-саламат, лъикI рати. Гьари буго нужеде нижергун хурхен тIезе тогеян. Гьанже нужехъе ритIулел руго гьанире рачIаралги дицаго гьаруралги назмаби. ЦIакъ бокьилаан, рекъезарун, журналалда гьелги рахъани. Нужее лъикIабщинаб гьарулев нужер гьудул ПатахIов МухIамадил эмен КъурбангIали.

Сахлъи, сахлъи, сахлъи ва нахъеги сахлъи!

### РЕКIЕЛ БУХIИ

**РекIел бухIиялъул хIасратаб калам**
**Киридае херхе, хирияв Аллагь.**
**Эмен КъурбангIалил къваридаб сарин**
**КъватIибгIаги гьурще, «Гьудуллъи» журнал.**

**БухIараб магIу тIун, гIодизе анищ,**
**ГIадан-чи гьечIелъув дунго хутIидал.**
**Даимаб рокъове къокъидго арав**
**Къалам бегIерасухъ урхъи буссине.**

**Къоял рахъанагIан, ссудулеб буго**
**Сабруялда чIараб ургьиб гьинал ракI.**
**Сабруялдайилан вукIананиги,**
**КIолеб гьечIо чIезе, хIал хисичIого.**

**БихьичIесда гIадин, бухIи лъалареб,**
**БухIараб цIа буго цIилъулеб чорхолъ.**
**ЦIц1уни-унтийилан абичIониги,**
**Ургъалаби руго, тIаса унарел.**

**Сахлъи цIунизеян къватIивги вахъун,**
**Къадарищ батараб тахшагьаралда?**
**Унтунго гьечIилан кIалалъги абун,**
**КIудияб росулъе щай гIедегIарав?**

**Чохьол эбелалъул амру бачIунищ,**
**АскIоб бакIги бугин, хехго вачIаян?**
**Яги Аллагьасул вахIю рещтIунищ,**
**Щун бугин къадарин, къватIив вахъарав?**

**Ункъойилъа арав дунги анив тун,**
**Дуца сапар бухьин сунда релълъараб?**
**Соназул г1орхъоде г1умру щвелалде**
**Г1едег1изе ккани, ккараб жого щиб?**

**Дунялалъул къоял къокъал жал ругин,**
**Къудратав Аллагьас нахъ рахъуларел.**
**Къадар БетIергьанас хисуларелъул,**
**Хвалилъ иман цIунун, ун ватаги мун!**

**Рузман-хамизалъул хвел щварав шагIир,**
**Халикъас вачаги мун алжаналде!**
**Эбелалда аскIоб, росдал хабзалалъ,**
**Халатаб макьида кьижа, МухIамад…**

**Заман щведал, инсан анив толарин,**
**Аллагьасул хIукму лъица хисилеб?**
**Хвалда данде вахъун чи бергьунарин,**
**Гьаб дунивал тарав дуй нух битIаги…**

**Дур хIеренлъиялъул, хIалимлъиялъул**
**ХIал лъалелщинаца бицунеб буго:**
**ГIакълуги камилав, калам бегIерав,**
**МагIарул мацIалъул устар вукIанин.**

**Аллагь-БетIергьанас дур кIалзул калам**
**Кири гьарзаяблъун гьабун батаги!**
**Гьабураб тIагIатги тIолго гIамалги**
**ТIадегIанав Бичас кIодо гьабеги!**

**Дур кIияйго ясги, Расул, Сакиги**
**Сабруялда руго дур къадаралде.**
**Эменги, вацалги, яц ПатIиматги**
**Гьарделел рукIуна, рекIелъ мунги лъун.**

Дур къайицадахъал къваридго руго,
Къалам бегІерав мун цевесаги ун,
КъваригІанщинасе кумек кІудияв,
Кида кІочон толев ПатахІовилан.

Гъаб тІолабго гІалам хадуб гІодарав,
ГІажаибав инсан вукІун вуго мун.
Гъебго къиматалда къудрат тІокІасги
ТІовитІун ватаги ахираталде!

Нижеде бачІараб гІахьал гьабураб
ГІаламалъе буго тІолго баркала.
КъваригІараб къоялъ кумек гьабурал,
Киналго Аллагьас рохизареги!

Гьаб къо бачІунарев чи гьечІолъидал,
Чаран гІадин къвакІе къваригІаралъуб.
КъурбангІалидаги нуж кІочонарин,
КІвараб кумек гьабе ккараб бакІалда.

Бихьараб къварилъи къулчІизе кІолеб
Къуват кьегийилан гьабула дугІа.
ДугІа къабулазул къадар щвагиян,
Щибаб какда хадуб квер цебе ккола.

Я, Аллагь, БетІергьан, ахираталда
Аллагьас цоцазда рихьизареги!
Гьабураб тІагІатги тІолго гІамалги
ТІадегІанас нилъер къабул гьабеги!

*Къурбанг1али ПАТАХ1ОВ*

## ПАТАХІОВ МУХІАМАД – КЪАДРУЯВ ГЬУДУЛ

ПатахІов МухІамад – къадруяв гьудул,
Къокъидго щай арав ахираталде.
Сахлъи лъикІлъизеян къватІивги вахъун,
Къанщаралищ берал больницаялда.

Дур хІеренаб калам, камилаб рагІи
Кида кІочон телеб дир миллаталда.
Сивухъ росдай гуреб, Дагъистаналъе
Сванин цоги чирахъ абадиялъго.

Хадур инагьдилел хъизан-лъимал тун,
КъватIив вахъиналъе гIилла щиб ккараб?
Бакъулаб дунял тун, абадияб рукъ
Рекъон ккелиланищ ракIалде ккараб?

Махсаро гIемерав, гIамал берцинав,
Кида мун кIочонев гьалмагъзабазда?!
Гъоркье-тIаде щведал, хIурмат цIикIкIарав,
РакIалда хутIила тIолго росдада.

АхIмадил МухIамад чара хун гьечIищ,
Хьолбохъ чIезе гьанже мунги гьечIого?
Дур къалмил бегIерлъи, рагIул щвалде щвей
Щвела цIалдолезда даим ракIалде.

Цадахъ хIалтIулелги пашманго руго,
ТIокIалъ дур махсаро рагIиларилан.
ТIолабго коллектив къваридго буго,
Къадар дуе щведал, божуларого.

Дудаса чIухIарав хирияв инсул,
Квер бачун, къо-мех лъикI гьабун букIинчIо…
Дур адаб рехичIел тIулил вацазул
Ургъел бикьичIебищ, рухI босулелъул.

Дунялалъул рокъов лъикIав вукIарав,
ЛъикIавлъун гьавеги ахираталда.
Дур гIамалал цIалел цIадирабазул
ЩIайиги борцаги лъикIаб рахъалде.

Дуе нух битIаги, ПатахIов, гьанже,
Вуссунареб сапар бухьанин дуца.
Хъизан-лъималазе сабруги кьеги,
Бихьараб хIехьезе. Амин, я Аллагь!

*ИСБАГИЕВ МухIамад, Сивухъ росу*

## АНА ПАТАХIОВ

МахIмуд-Апандица ахIун бачIана,
Анин нилъедаса ПатахIовилан.
Гьеб мехалъ тIинкIараб бухIараб магIу,
ЯхIго гьабичIого, гьурщана къватIиб.

КунчIун баккараб цIва хехго сун унин,
Сапар къокъаб ккунищ рокъой вуссарав?

Москва битIуларин шагIирзабазе,
ЩвечIищха Расулги гьебго сапаралъ.

Дур бегIераб къалам, кици-биценал
Кидаго хутIила халкъалъул рекIелъ.
Дуца нахъа тарал гIакълудал дарсал
Даимго цIалилa цIи-цIиял гIелаз.

Лъоб Сивухъ бакараб канлъул чIораца
ЧIван букIанин гвангъи Дагъистаналда.
Дуца хъван рахъинчIел, гIагалун тарал
Чан асарал тарал, тIад хIурги бетун.

ШагIир хвананиги, хвезе гьечIеб цIар
ХутIила рехсезе гьал наслабазе.
Алжан насиблъаяв нилъер ПатахIов,
Ахираб лъикIаб кьун, вохун ватаги!

*ПатIимат МУХIАМАДОВА, Харахьи росу.*

## ПАТАХIОВ МУХIАМАДИДЕ

ПатахIов МухIамад – дир лъикIав гьудул,
Тарабищ дуцаги байтулман дунял?
Инагьдулеб хадуб гьалмагълъиги тун,
КъватIиб насиблъана хIалалаб дуй хвел.

Гьадинги пашманаб ракIалда тIаде
Радалго рагIана рокьукъаб хабар,
КIолеб гьечIо кквезе бухIараб магIу,
ПатахIов хванилан ахIун бачIиндал.

Телефоналъ дунгун кIалъалеб мехалъ,
Гьикъа-бакъи бана гьудулзабазул,
Дурго чорхолъ бугеб согIаб унтулцин
Ургъел гьабичIев мун, къвакIарав инсан.

Унтигун къеркьолел ахирал къояз,
АскIор чIун, ургъалилъ васгун дур вацал.
Дуе дугIа балел гьудул-гьалмагълъи,
ХIукму дуй къотIулев къудратав Аллагь.

ПатахIов, ана мун абадиялъе,
Къо-лъикI гьабизецин аскIове щвечIо,

**Анищаз ракI цIураб гIумрудул завал,**
**Къадар дуе щвелин щивха вукIарав?**

**Хаслихъе баккараб бакъул нур свана,**
**Къанщун гIоде, мугIрул, магIуги чвахун,**
**Къадруяв шагIирас къо-лъикI гьабуна,**
**Нахъе вуссунареб сапарги бухьун.**

**Махщел, гьунар тIокIав, пикру камилав,**
**Камуна магIарул халкъалъе шагIир.**
**ГIаданлъи, чилъигун гIумру тIамурав**
**Цеве чIун вукIина лъалелщиназда.**

**Къулана тIабигIат, тIогьиллъана ракь,**
**ТIокIалъ вихьиларо дида МухIамад.**
**Ана тохлъукьего, къанщана берал,**
**ГIасрабаз цIализе тана асарал.**

**Росда нахъа бугеб ТIалтIа хабалалъ**
**Къилбаялде вуссун, хIалхьуда вукIа.**
**Х1алк1олев Аллагьас дунял к1очараб**
**Х1адурун батаги дуе ахират!**

***Низамудин ГЪАЗИЕВ, ЦIолода росу.***

## МУХIАМАД ПАТАХIОВАСДЕ

**ПатахIов МухIамад,**
**Мун лъалароан,**
**ЛъикIай цо гьудулалъ**
**Ячана духъе.**
**Лъана дур бечелъи**
**КочIолъ бугеблъи,**
**БичIчIана гIаданлъи**
**ГIарцулъ гьечIеблъи.**

**Доб къо букIана дир**
**Анищ тIубараб,**
**Дуца шагIирилан**
**Дида абураб,**
**Дур рекIел лъикIлъиялъ**
**ХIайранги гьаюн,**
**Дур божи налъилъун**
**Дие лъугьараб.**

**Дун – гьитIинай шагIир**
**ГIодулей йиго,**
**ГIадан хирияв дур**
**Хвалида цее,**
**Дидехун букIараб**
**Дур рекIел бухIи**
**БухIараб магIуялъ**
**КъватIиб кьолаго.**

**Эбел лъаларей дир**
**Гьаб кIиябго квер**
**Дуе дугIаялъе**
**Цебе ккун буго.**
**Дун дудаса гIадин,**
**Аллагь разилъун,**
**Ахират лъикIаб кьун,**
**Вохагиха мун.**

***НасихIат ГIАБДУРАШИДОВА***

## «БАЛЪГОЯБ ДАПТАР»: АНКЬРАКЬАЛЪУЛ ВА ЦІОРАЛЪУЛ ТАРИХ



### КЪВАТІИБЕ БАЧІАНА МУХІАМАД БИСАВГІАЛИЕВАСУЛ ЦІИЯБ ТІЕХЬ

Араб соналда магIарул мацIалда къватIибе бачIана машгъурав журналист, хъвадарухъан, «Дагъистан» журналалъул бетIерав редактор МухIамад БисавгIалиевасул «Балъгояб даптар» абураб тIехь. 2019 соналда гьеб мажмугI гIурус мацIалда къатIибе бахъун букIана. ЦIалдолез лъикI къабул гьабуна гьеб харбазул ва къисабазул тIехь.

Россиялъул «Литературияб газета» басмаялда рахъана гьеб тIехьалдаса харбал, гьел росана Россиялъул халкъазул прозаялъул антологиялдеги. «Балъгояб даптар» 2021 соналда бихьизабун буго Дагъистаналъул пачалихъияб премия кьезе мустахIикъал асаразда гъорлъги. Гьарула МухIамад БисавгIалиевасе хадурккунги бергьенлъаби ва цIиял тIахьал. «Гъудуллъи» журналалъул гьаб номералда кьолел руго гьесул харбал.

**«Гъудуллъиялъул» редколлегия**

### ХВЕЛГУН ДАНДЧІВАЙ

Гьеб букIана 1946-абилеб соналъул кватIараб хасалихълъи. НекIсияб Анкьракьалъул ЧIурмутI жамагIаталдаса гIадамал унел рукIана ЦIоралде. Жеги Кавказалъул мугIрузул балалъа Алазаналъул жаниблъиялде бугеб нух гIазуца къан букIинчIо. ГIадамал унел рукIана хасалие нахърателалъе ролъ, нарт, цIам ва цогидаб хIажатаб жоялда хадур. Ана ЦIоралде цо Лъодок боялдаса (лъебелав) чиги, цадахъ кумекалъе чIужуги ячун. Цо кьерхараб

хасалихълъиялъул къоялъ, хадуй чIужуги гьаюн, Белоканалъул базаралде ана гьев цIоросаролъул ханжу босизе магIарухъе ине. Базаралда азул магIарухъе сапар бухьине бугеб нигат бичIчIарав цо ЧIарахъ росулъа херас бетIералъ ишан гьабуна бакътIерхьул рахъалдасан рачIунел накIкIазде:

– ГIазу базехъин буго… Нуж магIарухъе инеян къачIалел чагIи ратани, гьаб бураналъ нужеда дандчIвай гьабизе буго, ЖохIолъ мугIрул габурлъи нахъа телелде. ГIазу бан хадуб доб борхалъи лъиданиги босизе кIвечIо, – ян.

Белоканалдагун ЧIурмутIалда гьоркьоб буго КIудияб Кавказалъул мугIрузул бал, гьениб тIогьазда гIазу букIуна рии камилаб мехалдацин. Херас кьураб гIакълуялъухъ лъебелав гIенеккичIо. Къасд тIамуна магIарухъе ине, мугъзада гьиргун, хадуй чIужуги гьаюн. ИнчIого бегьулеб хIалги букIинчIо. МагIарухъ чияр цIобалда тун рукIана гIисинал лъимал, гьел ралагьун чIун рукIана ЦIоралдаса квен-тIехгун эбел-эмен руссиналъухъ. Рос-лъадул мугъзада рукIана бащдаздаса ханждал цIурал хъапал, цогидаб чIилда-гъилди ва лъималазе сайигъатал. Унел рукIана гьел хъван балеб гIазуда ва гIазул бураналда данде. Хьул букIана къалъуде гьури чучлъилин ва сухъмахънух тIубан къан батиларин. Амма, мугIрул балалъе гIагарлъанагIан, борхалъуда гьури ва гIазу тIадеги кутаклъулел рукIана. Щобазда ва кIкIалазда лъукъараб жанавараlъухъего рурудилеб гьорол ва бураналъул сас къотIулеб букIинчIо. Лъебелав лъадигун лахIзаталъ цо щобил руссен бугеб бакIалда лъалхъана. Халгьабуна нахъа тараб нухлул ва ахада тараб ЦIоралъул.

– Лъабго, ункъо сагIаталда жаниб кIудияб мугIрул балалъа доб рахъалде рорчIизе кIвани, добаса гъоркье нилъее нух бигьалъула, – ян абуна росас, чара къосун, тIадруссаян гьардолей гIадин, гьасухъ ялагьарай лъадудеги вуссун. Гьей гIодизе ва гьардезе лъугьана тIадруссине кколин, жиндилъ гьадаб борхалъи босизе кIолеб къуват гьечIин. Гьелда лъалаан жиндир росасул ракIалде ккараб жо гьабичIого толареб, тIирун чIолеб гIамал. Гьей бищунго хIинкъун йикIана гьаб гIазул бураналъулъ гьеб гIамалалъ гIажалалде цIазе гурин жалгоян.

– РачIа тIадруссине. Дир махIабазулъ рухI хутIун гьечIо. Эхеде магIардени киб гурин, тIадюссун инецин гIураб къуват хутIун батуларо дилъ, – ян гьардолей йикIана росасда. Гьеб накъиталда гьал рукIаго, цо щобдасан азда данде магIардаса гъоркье вачIунев рекIарасда бер чIвана. Гьев чияс росасда абуна мугIрул балалъа нухги тIубанго гIазуца бацун бугин, церехун ине бегьулеб хIал гьечIин, тIадруссаян.

– ЧIужугIадан доясан ине кинго рес гьечIо, тIадежоялъе, гьанийго хIалица яхъун чIун йихьула гьей, тIадрусса, – ян абуна цIоралъулас. ЧIужуялъги абуна, цебехун гали лъезе жиндир рухI гьечIин, тIадюссине йигин. Лъебелав лъадухъ рокьукъго валагьана ва абуна:

– Мун гьав падаравгун цадахъ ЦIоралде тIадюссине бокьун, гурищ? Гьелда бичIчIана росасул бадибчIвай ва, калам тун, росасда хадуй йилълъана. Гьазул гьурмазда квачараб гьуригун гIазул буран багъулеб букIана. ЦIоралде унев нухлулав лахIзаталъ лъалхъана ва , калам тун, валагьун чIун вукIана гIазул бураналъукье тIагIун унеб кIиго рагIад гIадаб къаркъалаялда хадув. Чара къосун, бетIерги гьанкIезабун, нух босана гьес эхебе ЦIоралде.

Хадусеб къоялъул рогьалилъ Белоканалъул къватIазда ва азбаркъоноялда метраялдасаги бахараб гIазу бан батана. Сонисев нухлулас гIазуца гургинлъизарурал тIогьазде бер рехана ва абуна, сон цо лъебелав

анин, хадуй лъадиги гьаюн, бураналда данде магIарухъе, щакаб жо бугин довехун щун вати. Гьезул къаркъалаби ракъарал бацIазе къадеквание щун ратичIонихаян. Гьезул къисмат ЦIоралда ругезда лъазе кинабгIаги рес букIинчIо.

МугIрузде бараб гIазуца нухал къаялъ, ихги щун, гIазуги биун, магIарухъа вачIарав чияс босун щвани гурони ругьел яги хабар щвезе ресго букIинчIо. МагIарухъе арал рос-лъадуде регIарал чагIи ЦIоралдаги рукIинчIо. Халатаб, кIудияб гIазу бараб хаселги сверун, рачIана ЦIоралде ва магIарухъе ихдалил гIаламатал. КIиго тIомурав, дир инсул имгIал, Салдаса Губур ГIалиги, гьесул гьудул Шамсудинги цудунаб ихдадаго рахъана магIарухъа ЦIоралде, гьора хасел тIамизе тарал жидерго чуязда хадур, гьел магIарухъе рачине. Къо бакьулъе щварабго, гьез нахъа тун букIана бащдаб нух. Нухда санагIатаб бакIги балагьун, хIухьбахъизе чIана гьел. Цадахъ букIараб къадеквенги къватIибе бахъун, гьебги кванан, дагьабго хIухьбахъизе гIурдада вегун вукIана кIияго. ГIали дагьавго макьиде гъапуллъун вукIана. Шамсудин, сунцаялиго рахIат хвезабурав гIадин лъугьун, надалда кверги чIван, сверухъ валагьулев, нахъеги вегун, жеги вахъун, хIалхьи хун лъугьана. Цо заманалдасан гьев тIуркIун вахъана ва ГIалидехун вуссана:

– Дуда рагIанищ?!

– Щиб?

– Цо батIияб гьаракь рагIулеб буго дида…

– Кисан рагIулеб бугеб?

– Кисанали лъаларо… дагьаб цебегIанги букIана… тIагIана…

– Мокъокъазул гьаракь гурищ гьеб? – ин гьикъана ГIалица, сверухъги валагьун.

– Лъаларо… Гуро…Гуро!!! – ян ахIдана Шамсудин ва тIаде вахъана. Гьесул гьурмал кьер тIун букIана. – Дида зикру рагIулеб буго…зикру буго!!!

Гьедин бицун буго ГIалица дир инсуе доба лъугьа-бахъаралъул, диеги инсуца бицана гьеб кинабго.

«Ахалъуда гIурччинлъи бугониги, сверухъ жеги гIазуца рацарал, гIунун чIарал тIогьалги, ахада гъулгъудулеб тIеренаб лъарал сасги гурониги букIинчIо гьеб рагIулеб ва тIагIунеб гьаркьил бицунев Шамсудинихъ гIенеккун дун вугеб мехалда. Цо заманалдасан дидагоги рагIизе лъугьана цо гъулгъудиялде бачIараб гьаракь. Гьеб ракьулъа жанисан бачIунеб бугин кколеб букIана. Гьеб бачIунеб рахъалде рекерана ниж, цебехун букIана биун бахъинчIеб гIазул гIансиялъул гьитIинабго гохIги гIурухъе араб лабаллъиги. Гьенире ниж гIагарлъидал, загьирго рагIизе лъугьана зикру бачунеб гIадаб гьаракь. Гьениб лабаллъуда бугеб гьитIинабго кьуру сверун жанире раккарабго, бихьана гIазул гIансиялда тIаса гъоркье араб чIегIераб каратI, гIазу биараб бакI. ХIинкъадго жанире ралагьана. Нижедехун мугъги реххун, хьолбода вегарав гIадин чIун вукIана цо хIалакъав херав чи ва, хьвагIелаго, хIалица щукIдуца ккураб гIадаб бетIерги гьанкIезабулаго, бачунеб букIана зикру. АскIовегIан къана.

– Ле-е!!! – ян ахIана дица. Херав нахъвуссинчIо, зикру бачунеб гьаракьги къотIичIо. Жеги тIадеги ун, гьажалда кIутIана дица. Гьев тIуркIун вачIана ва бигьа гьавун дидехун вуссун вачIана ва, тохлукьего бадиб речIчIун бачIараб канлъуца бецц гьавулес гIадин, берazда цере кверал ккуна ва дагь-дагь ккун гъоркье риччана. Гьесул гьурмал букIана гIазу хъахIаб лъалареб,

цIахIилккараб лъалареб гIадаб, хварав чиясул гIадаб кьер. Халатаб магжица бацараб хIалакъаб гьумеральги гьелда тIад цIакъго чIахIаго рихьулел цIахIилкьерал беразги валагьарав чи тIуркIизавулеб, хIинкъизавулеб гIадаб асар букIана. Гьев тIуртIудулев вукIана ва гьесда кIалъазе кIолеб букIинчIо. Дица гьев, къвалакьаги ккун, къватIиве цIана, гIансиялда тIасанги цIан, бакъалда гIодов чIезавуна.

– Гъолда щиб гьабилеб? – ин гьикъана вихха-хочарав Шамсудиница, дихъги валагьун.

– Лъида … «гъолда»? – ян гьикъана Шамсудинил суал бичIчIичIев дица.

– Дуда чIужугIадан йихьичIищ доя? Гьей хун йиго… жаназа бугоан… – ин абуна Шамсудиница. Дун векерана тIадвуссун дове. Гьеб мехалда гурони чIвачIо дида цо рокьукъаб гьуинлъи бугеб гIадаб жаназаялъул махI гIансиялда жаниса. Гьей егун йигоан гIазул нохъоялъул цо бокIнилъ. Гьелда аскIовегIан херав чи вегун вукIараб бакIалда батана чIобогояб ханждал хъап. Кодобе босарабго, цо бащдаб сахI гIанасеб ханжу щущан бачIана къватIибе. Балагьарб мехалда, гьес лъадуцагун, ресги къотIун, къоги бухIун, бухьун букIун буго гIазуда жаниб гьеб гьитIинаб нохъо, бураналдасаги цIунун, цебехун сапар бухьине. Амма буран лъугIаралдаса гьел тIаде рахараб мугIрул бал, я цебехун, я нахъехун гали босизе кIолареб хIалалъ, гIазул цIун батун буго. Нух батун гьечIо я цебехун МагIарухъе, я тIадруссун ЦIоралде. Цо моцIидасан чIужу хун йиго. Щуго моцI бан буго гьев чияс гIазул нохъода хварай чIужуялда аскIоб, цIоросаролъил ханжугун гIазуги кванан. Хун гьечIо. ВорчIун вуго хвалил квачIикьа.

– Дида ракIалда вуго гьев чи, живго хвасар гьавурав дир имгIал ГIалихъе вачIунев вукIарав, – ин абулеб буго дир инсуца. – ТIоцеве гьев вихьарабго, дида кколаан гьевункъквачIида хьвадулев вугин. Хадуб бичIчIана гьесул хIатIал гьечIолъи. Бохдул гьесул цIорон руго, дова гIазул къоринив хутIараб мехалда. Хадур, гангренаялъ чIегIерлъун, ракьандаса къотIизе ккун руго. «Хьвадулаан» гьев гьадин: церехун квералги риччан, квераца бехъерхъулаан къаркъала. Квераз къаркъалаялда гъоркь лъолеб цо хъорщол жоги букIана гьесул. 70 сон бан буго гьес.

Гьаб лъугьа-бахьин дица гIемер бицана ва гIемеразе бицана. Щивасда гьеб бичIчIула жиндирго къагIидаялъ. Цоязда ккола дица бицунеб бугин я гIазул буранazда, я ракьи-къечалда, я цIорой-квачалда векизавизе кIвечIев бахIарчияв магIаруласулин. Я согIаб тIабигIаталда, я гIалхул жанавараздa, я цогидаб балагьалда кIун гьечIо гьесухъа гIумру бахъизе. Гьеб нилъеда бихьулеб, загьираб хIакъикъат буго. Цогидазда ккола гьаб хабар бугин Аллагьасда божиялъ ва щулияб иманалъ чияс жиндир рухI хвасар гьабиялъул хIакъалъулъин абун. Лъабабилезда гьаниб бихьулеб буго асаралъул героясул хIамабагьадурлъи ва чIухIи. Гьелъ чIечIо гьев унге магIарухъеян ЦIоралда херас абуниги дова, гьеб ахIмакъаб чIухIиялъ къор гъуна тIадюссине бокьун гьардолей лъадуеги ва хIалица хвалил квачIикьа ворчIана живгоги. Руго гьаб хабар дица бицаразда ва цIаларазда гъорлъ цоги къокъа, гьез пикру гьабула тIаса-масаго ва гIадатго: «вахIин» абула гьез, цебе магIарухъ букIун бугеб захIматаб гIумру бихьулищан. ХутIанщинаб жоялъул хIисабцин гьабуларо. Гьел киналго чагIи, хабарги цIалун, ахIдола, къацандула, дагIбадула ва щивасда бихьула жиндираб хабаралъулъ. Гьаб хъварав дунгоги вуго дагIбадулав, къацандизе бокьулев чи. Амма гьаб нухалда цо магIаруласул

гьаб хIикматаб ва балагьаб къисматги нужее гьурщун, хIухьел кквела дица. ДагIбадизе гьечIо. Щай? Щайгурелъул гьел киналго суалазе битIараб жаваб кьезе рес букIана цохIо чияс. Живго гьеб балагьалъукье ккарав, жакъа нилъгун гьечIев магIарулас. Гьевги дов ЦIоралдаса магIарухъе, гIазул бураналъе керенги кьун, хIинкъичIого вачIунев, къуватав магIарулас гуребха. Гьеб жаваб кьезе букIана щибаб сордоялъ жиндир къаданибе къоял лъугIанин абураб ругьелгун бачIине кколеб хвалихъ валагьун чIарав, унтарав, бохдул гьечIев херас.

## ГЬАБИХЪ ДАНДЧIВАЙ

ГIемерал къисаби, харбал, маргьаби ва кици-биценал рукIуна магIарухъ. ГIумру доба буго мискинаб, тIабигIат ва гьава-бакъ буго хъачIаб. Гьелъ хIалтIизеги ккола тIубараб лъагIелалъ гьоркьоса къотIичIого, квен гьечIого хутIизе гурин. Макьилъ гIадин, цере паркъула дида жакъаги лъимерлъиялъул лахIзатал, магIарухъ лъимерлъи. ЦIакъ бокьулаан хаслихъе гьабихъ чIер барсизе унеб заман, бугIагун цIоросаролъ, цIадул корониса бахъун, цIулал рогIринибе балаан ва гьениса мугь-мугь ккун бортулаан тирулеб ганчIил гьабида жанибе. Гьенибго гьабихъ чIер барсизе бакараб цIадухъ бежулаан картошка. Гьуинал махIал, сверухъ ракI ва черх хинлъизарулеб ахIвал-хIал букIунаан гьел хасалихълъиялъул сордо-къоязда магIарухъ. Гьел ракIалдещвеял хутIана гIумруялъ цадахъ, жакъа гьанив гIодоблъиялда вукIагоги мех-мехалда гьоболлъи бала дида лъимерлъиялъ. Хаслихъе тIехгун гIатI гьабихъ ххенолеб мехалда ирга букIунаан росдал гIадамазул хасалие нахърателалъе гьеб ххенолел. Сардилъги гьобо хIатIизабизе рорчIухъанлъи гьабулаан, ххенараб гIатIалъ сверулеб гьабил гамачI чIезабичIого букIине хIажалъулаан гIатI яги тIех нахъе босун хъапинибе балев ворчIухъан.

Гьедин дунги чанги нухалда чIана хаслихъе гьабихъ сордо бан имгIалгун, кIудияв вацгун. Амма цо дир кIудияй яцгIалалъ цо нухалда бицараб ракI гьанцIизабулеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб дир гьабидехун букIараб хинлъи тIагIанин абизе бегьула. Гьале гьеб лъугьа-бахъин.

– Щибаб рукъалъул чагIи иргаялда унел рукIун руго хасалие нахърателалъе гьабихъе тIех ххине. БукIун буго кватIараб хасалихълъи, мугIрул тIогьазда тIоцебесеб гIазул тIагърал лъураб, гьутIби тIогьиллъараб, хасалица жиб бачIунеб букIин загьир гьабураб. ТIаде бачIараб квачIалъ ва гьитIинлъараб лъаралъ росдал гьобо хIалтIулеб букIун буго хIинцго ва гIадамал гIедегIун рукIана жиде-жидер гIат хун бахъинабизе. ГIатI ххине гьабихъе ирга щун буго цо рос гьечIей къоролалде, гьелъул рокъов ункъо сон барав вас гурони, тIокIал чагIиги рукIун гьечIо. Рос гьелъул гьеб соналъ ЦIоралда бакъул унтиги чIван, хун вукIун вуго, хутIун йиго жийго гьитIинаб лъимергун. ГIагарлъиялъул чагIиги гьечIей янгъизай къоролай, цадахъ васги вачун, йилълъун йиго гьабихъе, сордоги борчIун, жиндир гIатI ххине.

Замана гьеб букIараб хIинкъараб, рагъ-кьал гIемераб, ЦIоралъулгун лъебелазул рохьазда хъачагъаз нухлулазе гьоркьчIел гьабулеб, боцIи бахъулеб ва чIвай-хъвеял гIемераб. КигIан хIинкъараб мех бугониги, талихI къураб къисмат бугей къоролалъ базе ккун буго сордо цадахъ лъимергун гьабихъ, жиндир гIатIал хъап ххине. Бакун буго гьабихъ цIа, рекIинабун буго цо бокIнилъ хIедул чирахъ, вегизе лъун вуго, цIадухъ бакIги гьабун,

вас ва гIенеккун йикIуна сардил сихIкъотIиги биххизабун гьабица бачунеб накуялъухъ ва лъарал сасалъухъ. Макьиххун гьакIкIадилей йикIун йиго къоролай, амма дагьайго гъапуллъигун, цо хъващIти бахъарабго, тIуркIун йорчIулей йикIун йиго. Екерулаан гьабица гIатI реххулеб росохъе, гьелъ, тIадеги бахун, гьабил сверулеб гамачI чIезабилин хIинкъун. Гьаб нухалдаги тIаде бахун батула гьалда гIатIал гъуни, гьебги хъапинибе бан, бусаде гьай яхарабго, жаниса рахараб гьабил нуцIа лъицаялиго тIеркIезабизе лъугьана къватIиса. Къоролай сородилаго лъимада хурхана ва сверухъ лъугьана сихIкъотIи. Нахъеги лъилалиго къуватаб кквералъ туркIана нуцIа, нахъа къан букIараб хIосги гъоркье ботун, къирун бачIана. Жаниве вачIарав чияс кан бакана, жинда цеве ва сверухъ валагьулев вукIана. Къоролай сородилаго цо бокIнилъ къвалакь лъимергун тIепун чIун йикIана. Цойидасан гьасда халлъана цо бокIнилъа гIолохъанай, берцинай чIужугIаданалъул хIинкъараб балагьи ва сородулаго каранде къараб лъимер. Хъачагъ разиго гьимана:

– Къабул гьаве гьобол, – ин абуна рази-ракиго. – ГIатI буго, цIа буго, лъим буго, меседо йиго, кин рукIинарел гьанир хинкIалги, хинаб бусенги, – ян велъана хъачагъ ва валагьана къоролалъухъ. – Гьеб бацIил тIинчI дихъе кье, дуца хинкIал гьаре, – ян сородулей чIужугIаданалъул кодоса вас восана сардил гьоболас. Я гъажалдаса туманкI, я рачлихъа ханжар гьес бахъичIо. ГьитIинав вас вохун валагьун вукIана гьоболасухъ, гьесул чухъида бугеб рукъиялда квер бахана, хонжрохъ валагьун, тункIида квалун, велъа-воххун вукIана вас. Къоролалъ цо сахI гIатIал босана росониса ва бана гьабил бусада букIараб гIебаб ганчIида тIаде, гьенир хинкIал гьаризеян. Цинги тIаде яхъана лъарахъа лъим босизе ине.

– Вилъа, дир вас, эбелгун лъарахъе, дица лъим босизегIан кан ккезе вукIина, – ян юссана эбел васасде.

– Вилъинаро, дие дацигун вукIине бокьун буго, гьасул ханжар буго берцинаб,– ин тIирун чIана вас. Нахъеги гьардана эбел, вилълъинчIо вас. Эбелалъул гьурмада, васасде букIараб хинаб балагьи ва рокьи хисун, ццин бигъана. КигIан гьараниги, вилълъинчIо вас. Эбел партIан къватIие ана, дваргъиялда гьабил нуцIа къана ва къватIисахун къоно тIамулеб гьаракь бахъана. Гьеб рагIарав хъачагъ, тIадеги вахъун, нуцIихъе ана, рахан батана къватIисан нуцIа.

– Гьаруге гIантал жал, дур вас вуго дир кодов, – ин ахIдана хъачагъ, нуцIил картIиниса къватIивеги валагьун.

– Дир вас гуро гьев, дир вас вукIаравани, дида цадахъ вилълъунаан, – ин жаваб кьуна къоролалъ.

– Рагье хехго нуцIа, рагьичIони, дица вас чIвазе вуго, – ян хъирхъидана жанисан хъачагъ.

– Гьев дир вас гуро, гьес мун тIаса вищана, дур вас вугин, гьев мунгун чIана, – ян жаваб кьуна къоролалъ.

– Дица гьав духье лага-лага ккун реххизе вуго къватIиве, хадуй рекIекълъила мун, – ин ахIдана хъачагъ, къваридаб гьабил къаданиб тараб гордухъеги вачIун. Нахъеги лъугьана сихIкъотIи. Цо заманалдасан чIичIидулеб лъимадул гьаркьал рахъана ва къватIибе рехун бачIана бидул цIураб лъимадул квер. Эбелалъ нахъеги сородулеб гьаркьица жаваб кьуна:

– Гьев дур вас вуго, дир вукIаравани, дунгун вилълъунаан. Хъачагъас къотIун кIиабилеб квер рехун бачIана къватIибе:

– Жегийищ дуца рагьилареб нуцIа!!! – ян хъирхъидана жаниса.

Гьеб лахIзаталъ къоролай хIинкъана, гьев гьабихъа къватIивеги вачIун, жийго кквелин гьес. Яхана гьабил тIохде ва ялагьана кIкIуй бачIунеб бухалиялдаса жание. Гьелда бихьана бусаде рехараб бидул цIураб лъимадул къаркъалаги, гIодор ганчIал ва ролъул хъапал лъун тIаде харизе хIадурлъулев хъачагъги. Екерана гьабил азбаралъуе, добаса гIащтIиги босун, тIадюссана гьабил тIохде. Сверухъ букIана рещалъараб моцIроца битIахъе бакъуца гIадин гвангъизабураб хасалихълъиялъул сордо. Жеги рухI босун бахъинчIеб лъимадул гьаракьалъги, лъарал сасалъги, гьабил двариялъги тIохда дое-гьание екерахъдулей гьалъул хIатIил гьаракь рагIичIо хъачагъасда. Гьей сихIкъотIун бухалиялъул кIалтIе ялагьун чIун йикIана. РакI, битIахъе керенги бихъун, къватIибе кIанцIизе нух балагьулеб кинигин, хIалуцун кьабулеб букIана, кверал ва бохдул сородулел рукIана. Гьелда рагIулеб букIана кIкIуй ине тараб бухалиялъуса тIаде харулев чиясул гьаракь ва хIалуцун цIалеб хIухьел. Гьеб тIаде-тIаде гIагарлъулеб букIана. Цо заманалдасан бухалиялъуса къватIибе баккун бачIана кваранаб квер, хадуб бетIер. Къоролалъ, борхун, бугеб рухIалъ, кьабуна гIащтIи хъачагъасул гъванщидагун бетIералда…

Гьей росулъе гIадамаца ячун ячIараб мехалда, сородулей йикIана ва такрар гьарулел рукIана цоцада хадур цохIого рагIаби:

– Дир васас эбел жийго йиччаларо… дир васас эбел… дир вас… дир вас…

Гьеб ракI гъанцIизабулеб хабар хутIана дир гIаданиб рагIараб лахIзаталдаса нахъе. Гьелдаса нахъе, гьобо бихьанщинахъе, дида цере рачIуна гьадаб чIвараб лъимадул, хъачагъасул ва эбелалъул бидулал суратал. Гьобо тIокIалъ дие хинлъиги, тIагIамги, талихIал ракIалдещвеялги ругеб бакIлъун хутIичIо. Лъицаниги абичIо гьеб доб дие хинлъи ва тIагIам кьураб нижер росдал гьабихъ кканин, щаялиго дилъ гьабиде букIараб хинлъи чIвана, гьеб бидулаб лъугьа-бахъиналъул бицун хадуб.



### ГIИСА ШАРАПУДИНОВАСУЛ ШИГIРИЯБ НУХ

Расалъаби тIугьдуца цIурал, тIогьал гIаздал цIураб ихдалил къоялъ лъай-хъвай ккана ГIисалгун дир. Телевидениялъул журналистка Хатимат МухIамадовалъ гIуцIун букIана гIолохъанал шагIирзабазул данделъи Родопский бульваралда. ГIолохъанал гурел, цIакъ кIудиял шагIирзаби ниж ругел киниги чIухIун, рохун рукIана ниж доб къоялъ. ТIубараб дунялго цо нижеца бижарал киниги, кочIол улкаялъул ханлъуда ниж ругел гIадин ахIи-хIуралда рукIана. Нижеца цIалулел кучIдулги бицунеб хабарги кинабго камералда жанибе босизе тIад хIалтIулей Хатиматги йикIана.

- ГIисаги вачIунев вихьула, - ян Малачиева ГIайшатица абидал ниж киналго гьей юссараб рахъалде ралагьана. Гьурмада разияб гьимиги щущан, гъутIбузда нахъасан ваккун вачIана ГIиса. Хъатикь ккураб папкаги свериза-булаго гьев нижеда аскIове вачIана, цинги саламги кьун, нижеда нижер байрам баркана. Нижее гьитIинабго рецц-бакъги гьабун нахъе инехъин вукIарав гьев ГIайшатица чIезавуна.

- ГIиса, лъай-хъвай гьабизе бокьиларищ магIарул гIолохъанал шагIир-забазулгун?-ян. Гьев цо нечарав гIадин лъугьана, цинги рекIеда ватарав киниги, «Гьай- гьай бокьила»,-ян, аскIовегIан вачIана.

- Ясал, гьав вуго нилъер магIарулазул шагIир, Гумбет районалъул Игьали росулъа ГIиса Шарапудинов,-ян абуна ГIайшатица.

Нижер щиялъе бетIерги къулун, лъай-хъвай ккеялдаса рази вукIин бичIчIизабуна гьес. Намус гъорлъ жубараб гьесул гьимиялъ бицунеб букIана гьев цIакъ ракI бацIцIадав чи вукIин. Гьеб къоялъ нижгун цадахъ суратги бахъун ана гьев гьениса нахъе. КIиабилеб нухалда ГIиса данд чIвана мунагьал чураяв ГIабасил МухIамадил рокъов. ГIабасил МухIамадиеги гьесул лъади Савдатиеги кватIун щварав вас гIадин вукIана ГIиса. Гьесул кIудиял чагIаздехун бугеб рокьиги недегьаб бербалаги бихьулеб буго, ГIабасилав хведалги, гьесул лъади Савдатил адаб- тIалаб ГIисаца жегиги рехичIо. Ячун жиндирго лъади Чакаргун гьев Савдатиде ваккизе ЛъагIилухъе инчIого вукIунаро. Мунагьал чураяв ГIабасиласги гIемер абулаан: «ЖакъалъизегIан ГIиса лъачIого араб гIумру гIадада араблъун тезе бегьулилан, ГIиса, цохIо лъикIав шагIир гуревги, лъикIав инсанги вуго. ШагIирасул поэзия поэтасул гIамал-хасияталда релълъараб букIунилан абураб пикру щулалъизе лъарав шагIир вуго ГIиса» - ян. Гьеб, лъикIав инсанилан абураб цIар, бокьа-бокьарав чиясе щолеб цIар гуро. ЛъикIлъиялъулги яхIалъулги нухал гIатIидав ГIисалгун дандчIваял гIемерлъанагIан дирги ГIисадехун адаб цIикIана. Дир адабги борцун, гьесги вацлъи рагIизабуна. Дир тIулил щуго вац вугониги, гьезул кьерда тезе мустахIикъав, яхIги бугев, гIаданлъиги бугев, чIужугIаданалъул къадру-къиматги цIунулев чи ватана гьев.

Гьелъие мисалго буго ГIисаца чIужугIаданалъе хъвараб кечI.

**«ЧIужугIадан дица дур адабалъе,**
**Намусалъул хасаб си буго балеб.**
**Гьелъул тIадегIанаб гIаламат ккола**
**ГIумруялъ кидаго дур течIеб адаб».**

Гьеле гьедин, адаб течIеб вацлъиялъулаб бербалагьи кидаго лъугIичIо ГIисал шигIрияб сверуда ругел руччабаздехун. ГIиса вуго ватIан хирияв вас. Гьудулзаби гIемерав, гIадан хирияв, инсанасда гурхIел бугев херал чагIазул тIалаб тIаде босулев гIадан, квер гIатIидав, сахатав, садакъа гьарзаяв чи. Гьал берцинал гIамалал чорхолъ цIубарав инсан шагIир вахъинчIого чара букIинчIо. Гьелъие нугIлъиги гьабула гьал рагIабаз:

**«Дун кив вугониги, киве щваниги-**
**ВатIанияб тIалаб тIад бугев инсан.**
**ТIолабго гIумруги рекIел рокьиги,**
**Бокьулеб ракьалъе кьезе бугев чи».**

Бокьулеб ракьалъе хилиплъичIого, рекIел хинлъи тIаде гIолеб гIелалъеги бикьун, инсул гъасда цIаги ккун жакъаги росулъ вуго ГIиса. Гьев вуго пикру роцIцIарав, рагIи гъваридав шагIир, сабру борхатав, гIакълу камилав мугIалим, рекIел канлъи камилав, муъминав мурид, дунялалъулги ахираталъулги гIарщ мухIканго борцунев Аллагьасул лагъ. ГIисал тIехьалде жанире раккилелде, жилдазде тIаде къулидалго бичIчIула, щиб нилъеда гьениб батизе бугебали. Гьес жиндирго тIахьазе кьуна цIакъ берцинал, хIикматал цIарал: «Намусалъул ах», «ТIокIкIарал иццал», «Бисил тIинчI», «ТалихIалъул хIинчI», «Дир цIвабзазул Дагъистан»,-гIадал. Щибаб тIехьалда жаниб буго цIалдолесул рекIел беразда цебе лъолеб, хIикматаб, рагIабаздалъун бахъараб сурат. Гьелъ цIалдолесе асар гьабичIогоги толаро. Масала, босизин, «Рилълъа АхIулгохIде зияраталъе» абураб поэмаялдаса:

**«Гьаниб гохIда, щибаб галиялда гъоркь,**
**Гаргар буго жеги жаназабазул.**
**Жал хун гьечIин абун, чIаго ругилан,**
**ЧIчIела дуда цере гьенир муридал.**
**Гъоба гъоркьа Гъойсу, гъулгъулел кIкIалал,**
**КIкIуйдулъ босун унеб АхIулгохIда рагъ,**
**Имамасул чIварай лъадиялда тIад**
**Лъимадул эбелан ахIулеб гьаракь».**

Гьеб гьаракь жакъаги гIиналда рагIулеб киниги, рагIабазулъ лъун буго шагIирас. ЛъикIав суратчияс хъвараб кочIодасан сурат бахъула. Сурат рагIабаздалъун бахъун цебе лъола гьунар бугев шагIирас. Гьунар гьелъие букIин нилъеда бихьулеб буго гьаб микьго мухъ цIалидалцин.

КочIол каламалда жаниб загьирлъизе кколеб пикру гъваридго рагьун бажарула ГIисахъа.

Лъималазе хъварал, махсаро-хочIалъул, ВатIаналъул унти-тIалабалъул, гьобол-гьудуласе сайгъат гьарурал, жиндирго рекIел хIасрат рагьарал, чан батIияб накъищ бекьун бугеб гьес жиндирго асаразда жаниб, цIалдолесул рекIее унго-унгояб асар гьабулеб куцалъ. Гьез гIодизеги, релъизеги, рохизеги, хинлъизеги тIамула. Гьаб ахир заманалда тIехьалде раккулел чагIи къанагIат гурони гьечIо, хасго лъималазда гьардезе ккола цо кинаб бугониги тIехьалде къулеян. Амма хIикмалъизе бачIана МелъелтIа гIуцIараб ГIисал творчествоялъул вечер бихьидал. Гьениб бихьизабуна мугIалимзабацагун цIалдохъабаз магIарул мацI рехун тун гьечIеблъи. Гьираялда цIалулел рукIана рекIехъе ГIисал кIучIдул. Жидее асар гьабурал кочIол куплеталги рикIкIунаго, цере кIалъазе рахъана гIемерал гIадамал. ГIисал творчество жакъа къалмидеги босун метер тIанчида бегун хутIулареблъи бихьулеб букIана гьениб.

«Росабазул тарихги гIакълабазул квацIиги» гIун бачIунеб гIелалъе жакъа чара гьечIого хIажатаб буго. Гьеб хIажатаб хазина халкъалъе цIуниялда тIад цIакъ кIвар кьола ГIисаца. Бакълъулал росабазул тарих жаниб бачараб, жакъасебги сонисебги заманалъул сипат-сурат, гIадат-яшав, гIамал-хасият рагьараб ГIисал творчествоялдаса нилъер наслуялъ пайда босичIого телarилан ккола дида. Гьеб гьедин букIинги бихьулеб букIана гьесул творчествоялъул бицунеб вечералда.

ГIисал цоги гIемерал руго махсаро-хочIалъул кучIдул, гьел цIалулезухъ гIенеккаразе щола гIемераб кеп. Масала босизин «ХIамиде магIу» абураб кочIодасан цо куплет.

* * *

**Рихьун хIамул течIеб «Тулпар» букIанин,**
**Тарабищ, МухIамад, хIамица дунял?**
**Тохаб пиша ккечIеб чIухIи букIанин,**
**ЧIвандай хвана пакъир, хоб кибдай буго?**

* * *

**«Ахил гIарза буго ГIалибегиде,**
**ГIадамаца гIадин жиб хьихьейилан.**
**ГьотIол гьари буго мадугьаласде,**
**Жиб бакъун танани талихI къинилан».**

ГьотIол гьариялъул рагIухъ гIинги лъун, гIалахалдаго бащдаб гIумруги тIамула ГIисаца.

ГIисал куракалъул кеп босулареб сон шагIирзабазул къанагIатги букIунаро. Гьес цин цо хасаб юк союзалде щвезе гьабула. Цо-цо мехалъ хIикмалъизецин бачIуна, кин цо чиясухъа гьабгощинаб хIалтIи бажарулебилан. Хурах, боцIи-панз, наял, школа-шигIру, гьобол-гьудул, общественияб хIалтIи. Гьесие нижеца цо-цо махсароцин гьабула дуда цадахъ щайтIаби хIалтIулел ратилилан. «ЩайтIаби гуро, малаикзаби»,-ян, велъула ГIиса. Гьеб гьедин букIине ресги буго, хварал умумаз кьураб дарс рехичIого Аллагьасул нух-

да витӀун хьвадиялъул баракат батила гьеб гьесие. Гьев воржунел зобал рацӀцӀуней, гьев хьвадулеб нухда гӀурччинаб ихлъун тӀегьарай гӀумруялъул гьудул Чакарилги гьунар батила гьаниб. Гьеб гуребги, чиясе зарал гьечӀел, эбел-эмен разиял, магӀарул яхӀ-намус цӀунарал васазулги, Аллагь кӀочон толарел, адабалъул борхалъи борцине лъалел ясазулги дада вукӀиналъги, гӀумруялъул магӀна Аллагьасул нухдаса борцине лъалев вукӀиналъги ГӀиса талихӀавлъун лъугьана.

* * *

**«Жакъа гӀодовги чӀун гӀодана дихъго,**
**ГӀадан гьечӀеб бакӀихъ ракӀ жаниб бекун,**
**ГӀакълу гьечӀолъиялъ гьабунщиналъухъ,**
**ГьабичӀого тараб гӀибадаталъухъ.**

* * *

**«Кьеги, Аллагь, нижее, дуца диналъе къуват,**
**Къуръан-хӀадис хиралъун, хвезе рукӀин рекӀелъ чӀун.**
**Кьеги, Аллагь, нижее, дуца хӀалалаб боцӀи,**
**ХӀарамлъи гьоркьоб гьечӀеб, гьабулаго гӀетӀ балеб».**

Гьеле гьеб хӀарамлъи сундулъго бегьуларев шагӀир вуго ГӀиса, Инхоса ГӀалихӀажиго гӀадав -динги бугев, дунялги бугев, мугӀрузул тӀогьалги течӀев, тӀогьол ахалги рехичӀев. Рорхатал мугӀруздаса рецӀцӀарал иццал дандельун чвахулеб АваргӀурул чвахигун цадахъ цо-цо салам кьезе ралъдахъеги щолев, шагьаралъул гьудулзабахъеги щолев, щвараб бакӀалда жиндирго берцинаб гӀамалалъул гӀажаибаб лъалкӀги тун инеги лъалев. ШигӀрабазда жаниб кибего рагӀуледухъ рагӀи лъурав устар, гӀумруялъул аслияб щинаб рагӀадлъун тӀагӀине течӀого тӀехьалда бекьарав векьарухъан.

Къечарас хӀохь балеб зам-зам гӀадин халкъалда батизе хазиналъе асарал тарав шагӀир вуго ГӀиса Шарапудинов.

*Манарша ГӀИСАЕВА,*
*хъвадарухъан.*



## Проза

### КIИГО ХВЕЛ

1

Дун унтана… Унтизе бегьуларев чи дунан гуро. Цевегоги чанцIулго ккана дун больницаялде: унтунги, лъукъа-къотIунги, гьадинго сахлъи щула гьабизеги. ГIолохъанаб мехалъ (гьанжеги херав чи дун гуро) кигIан захIматго унтаниги, хвалил пикраби ботIролъе рачIунароан — гьезие гIадалъ бакI букIинчIого батилаха. ГIолохъанаб мехалъ хвалил пикраби лъилго ботIролъе рачIунелги ратиларо. Гьанже, бащдаб гIасруялде гIумруялъул сонал гIагарлъигун, гьебгощинаб заманалда рихьарал чIегIералги, хъахIалги, гьуиналги, кьогIалги дарсазул хIасил батилаха, чорхол гьанта дагьаб жагъаллъигун, гьел хIалихьатал пикраби рачIуна ботIролъе. Щайха дица «хIалихьаталин» абулел гьел пикрабазде? Щайгурелъул, ахирал соназда дида хвелал гIемер рихьиялъ, дун гьезде ругьунлъун вукIанин абизе бегьула… ГIадан сундего ругьунлъулеб, кинабго жо гIадлъун лъугьунеб рухIчIаголъи бугелъул. Дидаги гьеб хвел чанцIулго хъванги хъвачIогоги аскIосан ана: цин гьал, цин дол гьалмагъзабиги цадахъ хъамун, дир черхалда гIиси-бикъинал гIужалги лъун… ХIалтIи букIана гьединаб…

Больницалда вегараб палатаялъул гордухъан валагьарав дун гьаб нухалда гьединал пикраби гьаризе тIамуна дандбитIун борхатаб, тIогьиса бекараб бигьародул гьотIол гIаркьелалда кIусараб чIегIераб гьеду бихьидал. Бащдабниги сагIаталъ багъаричIого, чIагояб гуреб жо гIадин чIчIун букIана гьеб. МагIарул маргьабалъ чIегIераб гьеду сунда релъъинабулеб ва кинаб рухIчIаголъи рикIкIунебали лъалелъул дида... Абула щивав чиясухъе хвел бачIунин батIи-батIияб сураталдалъун ва гIемерисеб мехалъ гьеб ракIалдацин гьечIеб, нилъ тохаб заманалдайин. Гьединал пикрабазда вугев дида щаялиго ракIалде бачIана кIиго батIияб, кIиго батIияса бачIараб ва дун нугIлъунги гIахьалчилъунги ккарал хвелал….

…ГIагарав чиясе къадар щун росулъе щварав дида херай эбел сах гьечIого ятана.

– Лъабго къо буго гьай лъикIгьечIого лъугьун, – ан абуна вацасул лъадуца эбелалъда тIад тIамураб гIазухъахIаб юргъанги битIа-бищизабулаго. – Кванидасаги дагьай кьурун йиго.

– Эбел хIалхьихвараб, унтулеб бакI бугебищ, больницаялде ячинищ? – ян гьикъана дица гьелъул кверги кодобе босун. «Дагьалъ цереги гьадин тIадран рихьулароан гьалъул кверазда бидурихьал» абураб пикру гьабуна дица гьелъул кверал рихьигун.

– Щибниги гьечIо унтулеб бакI, дир вас…Больницаялде унаро хвезе заман щварал чагIи… Амма цо батIияб, цебехун дида халлъичIеб загIиплъи

лъугьун буго чорхолъе... Гьаб нухалда Аллагьасул амру щвезе батила дихъе, - ян абуна эбелалъ загIипаб гьаракьалъ. ХIухьладаги хехлъун лъугьана гьей.—Дун ункъойилъа сонал арай, хвезе заман щварай гIадан йиго, дир лъимал, нуж гьелде хIадурун рукIине ккела.

– Эбел, гьедин абуге. Щибго унтуларел чагIи хъваштIан рахъун холарелъул, – ин гьоркьов чIвана вацги.

– Дун гIадал херал чагIи цо къоялъ унтунги хола… Вореха, дир лъимал, аманат буго нужеде, гьай нужер унтарай яцалъул тIалаб гьабе, гьай къварид гьаюге, гьалъие хIалае рате… дун цееса индал, – ин абуна эбелалъ, жинда хьолбохъ тахида кIусарай нижер кIудияй яцалдехун бетIерги хьвагIун.

Гьей йикIана гIолохъанго бетIергьанчиги хун, цохIо вугев васги хьихьун гIумру тIамулей, захIматаб унтуцаги ккурай, нижер бищун кIудияй яц ХIабибат… Нахъеги хIухьлада хехлъун лъугьана эбел. ХIацIцIу къулчIизе гьелъие бугеб захIмат бихьун дирги рекIелъе къварилъиги гурхIелги рещтIана.

– Аллагьасе щукру буго киналъухъго. ГIураб ризкъиги, соналги, лъикIал лъималги кьуна дие, – ян абуна эбелалъ дир кверги жиндирго кIиябго хъатинибе бачун. – Дуе васги гьавуна, шагьаралда рукъги бана, МухIамадие бахIарайги гьарана…. Гьанже дун рахIаталда хвезе бегьила… ГIуна дие гьаб гIумруги… Аллагьасда гIемер гьардола хвалил бусен къокъ гьабеян… Радакье тIадеги лъикIгьечIого лъугьун, дицаго Ясинги цIалана…

– Щибаб хасало лъабцIул цIалун бахъунеб Къуръан исана цо нухалда гурони бажаричIин йикIана къварилъахъдилей, – йин абуна магIил цIурал бералгун, эбелалъул ботIрода кIаз рекъезабулей яцалъ.

– Кинаб квен гьабилеб къаси, бугебищ хьул лъураб жо? – ян гьикъана вацасул хъизамалъ, къварилъахъдилей гьелъие ракI-макI гьабизе гIадин…

– Кванде гъираги лъоларо… Цеехун, кигIан унтаниги, дица квен толароан…Гьаб нухалда батIияб загIиплъи буго чорхолъ бессун... Мунги дурго хIалтIуде шагьаралде а, дир вас… ккараб ккела, Аллагьасул хъваялдаса кьуризе бакI букIунаро, – ян абуна дир кверги лъухьулаго эбелалъ, – Как-кIалалда аскIоб тасамахIлъи биччаге, дир лъимал. Нуж ХIафиз-ГIумарил наслаби рукIин кIочон тоге… Рес рекъараз дидасаги инсудасаги ХIежги борхизе ккела..

…КIиго къойидаса вацас ахIун бачIана эбелалъе къадар щванилан.

– Нолъ батIаго рухI речIчIун, мадаралда йикIана. Цодагьаб жоги кванана…Метер рузманкъо букIин лъайдал, «Метер дир рухI бахъилеб батила» – ян йиго абулей. Къаде – рузманалъул какде витIана дун, жиндир мадар бугила, ургъел ккогеянги абун. Дун доваса вуссиналде, рухI бахъун батана, – ян абуна бортараб гьаракьалъ вацас…

***ГIали-хIажи МУХIАМАДОВ***

ХIайдар ХIАЖИЕВ

# КЪОКЪАЛ ХАРБАЛ

## КЬУРУЛЪ ХУТIАРАЛ ЦIЦIАНИ

1957 - абилеб соналъ руссана нижер росдал гIадамал Чачаналдаса магIарухъе. Гьеб букIана июль моцI. Дун вукIана анцIго класс лъугIарав чи. Ана хасалихълъи, хадуб хаселги. ТIаде щвана 1958 соналъул март моцI. Март моцIалъул къоло лъабабилелъ дир имгIаласул цIцIани къватIир хутIун руго Лъалгъади хьонлъи абулеб бакIалда. Хьонлъи буго махил рохьалъ ккураб, махил хъархъал жанир ругеб бакI. 1958- абилеб соналъул къоло ункъабилеб къоялъул радал дида бицана дир имгIаласул цIцIани бацIица гъурун ругила ва гьезда гьоркьоса лъабго кIудияб дегIен цо квешаб кьурулъе кIанцIун, къватIире рахине кIоларого ругилан. Дун вилълъана гьез бицараб кьурда аскIове. Рихьана дугIби. Дица гьезде гамчIал рехана, амма гьезда кьурулъа эхеде рахине кIвечIо. Вахана кьурда тIаде. ДугIбуздаги дидаги гьоркьоб букIана лъеберго метрагIанасеб манзил. Дун гьезде ахIтIана, нахъойги ганчIал рехана, амма гьезда кинго тIаде рахине кIвечIо. Рахъана тIаса хьитал, кьурул бакьулъан вилълъана дугIбузда аскIове. Дун гIагарлъидал, гьел дугIби кьурдаса тIаде рахана, дунги кьурун тIадвуссун, дица хьитал таралъуве вилълъана. РетIана тIад хьитал, вилълъана рокъове. КIиабилеб къоялъ тIибитIана хабар, ХIайдарица, гIасияб кьурулъеги лъугьун, жиндирго имгIаласул дугIби кьурлъа нахъе рачун ругилан. Дун кьурулъе унеб къоялъ дитIа тIад ретIун букIана хъахIаб гурде. Гьеб кьурда данд битIун Бакъда абулеб бакIалда букIана колхозалъул ферма, гьеб бакIалда цойги цIар буго ГIакъини. Гьенир рукIарал колхозалъул дояркабазда вихьун вуго дун кьурулъа дугIби къватIире рачине унев.

Гьеб хабар тIаде щведал, дун вилълъана гьеб кьуру бугеб бакIалде. Валагьана, гьеб батана цIудул малъ балареб чаран кьуру. Борхалъи - лъеберго метра, гъоркьан - рорхатал махил гъутIби. Валлагь, гьеб къоялъ дун гьеб кьуруялдаса хIинкъана. РакIалде ккана нусго дегIен кьелин абуниги, гьеб кьурулъе щивниги лъугьине гьечIилан. Гьениве лъугьун бажарулев чиги гьаб дунялалда тIад вукIине гьечIилан. Щун буго хабар дир имгIаластIе, гьев вачIана ва абуна: «Щай мун гьадаве лъугьарав? Кин дур ракI хIинкъичIеб, цIудул малъ балареб кьурулъе лъугьине?» - абун.

Гьеб соналъул кIиабилеб апрелалда дица ячана чIужу.

ТIоцебесеб сордоялъ гьелъ дида абуна: «Ниж ГIакънисан духъ ралагьун рукIана. Щай дуца гьадаб хIалтIи гьабураб?» Дица жаваб кьуна: «Дове лъугьунелъул дица сундулго хIисаб гьабулеб букIинчIо ва гьеб кьурул

квешлъиги бихьулеб букIинчIо. Дица дида цебе чIараб масъала тIубазабулеб букIана…»

Ана гIемерал сонал. Чвахана гIемераб лъим ралъдахъе. Гьеб кьуру дир берда цебеса унеб гьечIо. Дица жакъа, 2020 соналъул 11 сентябралъ абулеб буго: хIакълъунго дун Аллагьас кверги ккун вачанин гьеб кьурулъа нахъе сах-саламатго. Гьелъул хIисаб гьабун хадуб дир тIубанго ракIчIана ТIадегIанав Аллагь хIакъав вукIиналдаса.

## ЦОЙГИ КЬУРУ

Гьеб букIана дун медсинтитуталда цIалулеб заман. БукIана март моцI. Щвана рокъове. Дир якьадалъ абуна жиндица цо махил гъветI кьотIун букIанила Насибил рохьоб араб соналъ, гьеб бакъванги батилила гьеб кьурулъа гъоркье рехун лъикIин ва бичIун лъикIилан. Вилълъана гьеб бакIалде. Март моцIалъ гьеб бакIалда букIуна гIазу. Ракь букIуна гвар-гварун цIорон. Батана гьеб махил гъветI залимаб, биццатаб, жиб къвалакь свернулареб. Борхалъи гьелъул бук1ана къоло щуго-лъеберго метра. Гьелъул рохтиялда хурхараб жо букIана рокьогIан гIебаб ва кверг Iан биццатаб цIул. Дида ракIалде ккана: «Дица гьаб рохтиялдаса батIа гьабила ва гъветI хьвагIезабила. Цинги гьеб кьурулъа гъоркье хущтIун ина». Дица гъветI рохтиялдаса батIа гьабуна, хьвагIезе, гьанкIезе гьабуна, амма гъветI кибего кьуричIо. Балагьана, батана цо гIаркьел газаргъо гIадин гьетIун чIараб ва гIодоб къараб. Гьеб гIаркьел къотIизе дун лъугьине кколаан гъотIода гъоркье. Къасд букIана газаргъо гIадин чIараб гIаркьелалъул бищун загьирлъаралъуб гIаштIи кьабгIизе ва дунго хехго довегIан кIанцIизе. Лъугьана гъотIода гъоркье, кьабгIана гIаштIи. ГIаркьел, квешаб гьаракьги бахъун, бекана. ГъветI, циндаго, хъущтIизе лъугьана. гIаркьелалъ дун цадахъ цIана. Гьеб гъветI кьурулъа эхебе хъущтIи гуребги, кIанцIизе ккола ан анцIго метра бугеб кьурул борхалъиялдасан, сухъмахъ нухтIе.

ГъветI кьурдаса гъоркье ана, гьеб кьурул рагIалда ругел махил чIораца ккун дунги хутIана. Гьеб гъветIалда гъоркье дун ккаравани, гьеб гъветIалъ дир тIахьди ккезабулаан. Дица гьеб мехалъ абуна дицаго дидаго: «Аллагь хIакъав вукIиналда дир нахъойги ракIчIана. Аллагьас кумек гьабичIебани, жакъа гьаб бакIалда дир рухI бахъизе букIана…»

## КЪИСМАТ

Италиялъул цо пуланав чи поездалдаги рекIун унев вукIанила жиндирго къваригIелалъ.

Гьеб поезд ун буго кьурулъа гъоркье гебегун. Киналго поездалда рекIарал гIадамал хун руго, цо гьев чи хутIизегIан. Гьеб къоялъ чIаго хутIарав чи гьев вукIун вуго. Унев вукIанила машинаялдаги рекIун цоги къваригIелалъ. Цо пуланаб кьодухъе щолаго, гьеб машинаги ун буго кьурулъа гъоркье гIурулъе бортун. Гьев чи ватун вуго гьеб машина гъоркье араб кьурул хъинсалда тIад гIодов чIун, цогидал машинаялда рукIаралщинал хун руго.

Машина гъоркье бортун унаго, рагьизе ккола машинаялъул нуцIа ва кIанцIизе ккола нахъехун. Гьеб гьабун бажаризе гьечIо лъидаго, амма гьев кьурул хъинсида тIад гIодов чIун ватун вуго. Гьесда гьикъидал, гьес абуна буго, жинда щибго бичIчIулеб гьечIин, кин-щиб ккарабан. Заман арабго гьевго чи рекIун вуго самолеталда ва унев вукIун вуго цо жиндирго къваригIелалъ. Самолет зодоб кьвагьун буго ва гьеб самолеталда рукIарал киналго хун руго. Гьев ракьалде вортун унаго, авлахъалда букIараб ххарил гIарахъалде тIаде вортанила, ва щибго ккечIого, чIаго-сахго хутIанила.

Хванила гьев херлъун, жиндирго рокъов, жиндирго боснов, Аллагьасул хIукму щварабго.

ТIоцебе гIадамал гьаваялде рахине лъугьараб мехалъ, цояс гьабун буго самолет. Вахун вуго зодове. Борхалъи – 1500 метра бугеб зодоб гьеб самолет щущан буго. Гьев чи вортун вуго цо гIазул гIансиялде. ХутIун вуго чIаго. Аллагьасул къо тIаде гIунтIидал, жиндирго боснов унтун хванила гьев чи.

24 августалда 1981 соналъ цо гIадан, Лариса Савицкая абулей, яхун самолеталдегун уней йикIанила, 5220 метраялъул борхалъиялда гьей тIад йигеб самолет речIчIун буго гьебго борхалъиялдасан боржунеб букIараб цойги самолетгун. Самолет щущан ун буго, тIад рукIарал гIадамалги хун руго. Амма Лариса Савицкая абулей гIолохъанай яс чIаго хутIун йиго. Гьей гIадан хун йиго 2013- абилеб соналъ, 52 сонги гьаб дунялалда тIад бан, Аллагьас рикIкIун кьурал къоял лъугIун хадуса.

1971- абилеб соналъ цо гIолохъанай яс самолеталда рекIун уней йикIанила. ЦIар гьелда Джулиана Маргарет Кепке букIанила. ХIукумат – Перу. Самолет гьаваялда бихханила. Гьеб самолеталда тIад рукIарал 92 чи хванила. Амма гьей яс чIаго хутIанила. Аллагьасул къо тIаде гIунтIидал гьейги хванила жиндирго бусада. Гьалдаго релълъараб иш ккун букIун буго Болгариялда. Самолет кьвагьун буго зодоб, гьелда тIад йикIарай яс чIаго хутIун йиго, цогидал абуни хун руго. Аллагьасул къо тIаде гIунтIидал, заман арабго, гьей хун йиго.

Киналго нилъ руго Аллагьасул лагъзал. Нилъее щивасе рикIкIун кьурал къоялги руго. Гьел къоял лъихъаго рахъизе кIолев чиги гьечIо. Буго Аллагьасул хIукму, гьелда рекъон уна гIадамасул гIумруги.

1968- абилеб соналъ дир эмен захIматго унтун вугилан, дун рокъове ахIана. Гьеб мехалда дун вукIана гIолохъанав тохтур. Дир инсуда аскIов гIодов чIун ватана дир инсул вацгIал, кIудияв гIалимчи. Дица инсуда уколал гьаруна. Цо къоялъ гьаруна, кIиго къоялъ, лъабго къоялъ. Дир инсул вацгIалас дида абуна: «ХIайдар, Аллагьасул хIукму буго къадалъ чIвараб магI гIадаб жо. Гьеб гьаниса бахъун добегIан чIван бажаруларо…» - ян.

Дир эмен хвана. Буго Аллагьасул хIукму. Гьеб лъиданиги хисизабизе кIвечIо.

Дида кIвелаан гьанир рачине гIемерал мисалал, амма дица гьеб гьабулеб гьечIо. БичIчIулесе гьал мисалал гIола. БичIчIуларесда гьеб бичIчIизабизе захIматаб жо буго.

**Муса МУХIАМАДОВ**



## ГIУРЧЧИНАБ КВЕРБАЦIЦI

Тамахаб къаданиб лъелалда тIад хъувухъун гIодов чIун, гьасда беролеб цIадудехун вуссун Гьудайнатги вуго, столалда нахъаги кIусун, гьенир рукIарал ШугIайнатил тIахьазухъ, тIахьаздаго аскIор тIиритIарал батIи-батIиял ганчIазухъ валагьулев цо гIолохъанчиги вуго. Гьесда дандйитIун гIодойги чIун, жиндирго гIанчIлъи гьав къасиго-къаси вачIарав гьоболасда бихьизабун, елъа-йохун, жийго геолог яхъине йикIиналъул хабар бицуней, гьесие магIарухъ ругел магIданал рехсолей ШугIайнатги йиго.

- Ассаламу гIалайкум! – ан абуна Къасумица, цин Гьудайнатихъе, цинги гIолохъанчиясухъе кверги кьолаго. «Кверни гIезегIан къвакIараб бихьула. Живгоги багъилав жо вуго, нухазул ишазул чидай, гьадигIан гьитIинав? Гьанже гьитIинасухъан гьечIищха рагIи», - абун пикру гьабуна гьас гьеб параялъго.

- Вай дир гьудул Къасум, къасиго ЩайтIан кьуругун кьалдайищ вукIарав, кьерхадго вихьулин? – абун вачIинахъего махсаро-хочI гьабуна Гьудайнатица.

- Гьале дие гIанкIу белъуней Сиядатги йиго, сабру хун гьелъухъги валагьун дунги вуго. Дуца нодоялъул нахъеги аргъан гьабуге, - ахирияб гIанкIу кваналеб бугин къаси дица гьаниб. Жакъа къоялдаса нахъе Гьудайнат щив? Пенсионер. Персональный пенсионер. Гьадале цIияв начальник, цIарги МахIмуд, - абун гIолохъанчиясде квер битIана гьес.

- ИяхI! КингIаги виччарав, Гьудайнат, мун управлениялъул начальникас пенсиялде? – ян цо рахъалъ Гьудайнат нахъе иналдаса вохун, цоги рахъалъ гIолохъанчиясухъги валагьун, «гьавни жеги гIурччинго вихьула, гIамал-хасият кинаб бугебалиха?» - ян ургъел гьабизе бачIун, гьавугьин, гьасда аскIов гIодов чIана Къасумги.

- Виччан вихьуларищха, - ян жаваб кьуна Гьудайнатица. – Цо моцIалъ ЧIегIераб ралъдал рагIалде курорталдеги витIана, кеп боседила дурго, Гьудайнат, гьалгощинал соназ хIалтIаниги хIухьбахъизеги щвечIила дуеян. Дурго маргъалул чорхол щиб хIал бугеб, Къасум?

- Дирни квешаб хIал гьечIо, гьагъаб цо ЩайтIан кьуру…

- КигІан гІасияб кьуругІаги гьеб бугеб ЩайтІан кьуруго ЩайтІан кьуруян щивасул мацІалда бугин гьелъул цІар. Гьаниве вачІиналдего чІвазабуна дида гьелъул ургъел цо-цояз? – абун гьезде гІагардегІан къазабуна МахІмудица бакІ. – ТІадгьавагицин квегъараб гьаб нилъер заманалда, гьаб нилъер техникаялда къуркьизабизе кІолареб жо щиб букІунеб? – абун гьимизеги гьимана гьев.

«Ниж жойидего гьаричІо гьас. Гьадин, хІелкал гІадин, рукІуна цІалун рачІунел гІолохъаби, - абун ккана Къасумида. Ва гьебсагІат гьасул рекІелъе кІанцІун бачІана: гьанже гьадинав гІолохъанчи гІун вукІинаан дир васасулги, эбелалъул ургьивго хвечІевани…», - ян абураб пикру. ГІолохъанчиясе абуни гьас жаваб кьуна:

- ЩайтІабакьа хІинкъун гуро нижеца кьуру тараб, гьалмагъ: хІинкъулел рукІаралани босун газагун гьелда кІалгьикъизе инароан дун, къо гьоркьоб бахъун вукІарав:

- Цинги, щайха гьеб гьобогьун бачІеб?

- Гьобогьун базе жеги къуватги регІелги букІинчІогоха, гьалмагъ. Гурищха, Гьудайнат?

- Уха, - ян абуна Гьудайнатица, къотІ-къотІун цебе лъураб, жеги хІохьлахунеб гІанкІудал бохги кодобе босулаго. – Щибаб жоялъе жиндир заман букІуна. Дудаго бихьана гурищ гІоралда цебе сангарги гьабун Суласан нижеца бахъараб нух? ЩайтІан кьуру абуни, кьвагьулеб жоялъул хІал гучлъизегІанилан тун букІана.

- ГІажаиблъи! – ян абуна МахІмудица. – Кьвагьулеб жоялъухъ балагьунищ гьеб хутІараб?

- КигІан хІалтІаниги, хІал хьоларо умумуздаса лъималазул, - ян абуна Гьудайнатица, гІолохъанчиясул рагІиги хІунсун. – Кинабго жо: нухалги, кьоялги, ригьзалги нилъеца гьарун кьезе къваригІун буго гьазие – гьале, гІолохъаби, нужее коммунизмалде шагьранух, гьелда тІасан гІебеде рекерун а нужан. Жидедаго тІаде щибниги захІматго босизе бокьулеб гьечІо гьазие.

- Гьеб битІун гьечІо, - ян гьоркьой чІвана ШугІайнатги. – Нужеца лъураб кьучІда нижецаго бала нижеего жеги гьайбатаб дунял.

- Гьайбатаб дуниялищ дуца балеб? – ан къавукъана Къасум ясалде. – Дудаго долъул гьурмада гьечІеб нич! Умумузда данде гаргадизе кІал бижун буго азда! КІиго-лъабго рагьулъанги ун, гъуждузда гьаб бакІлъиги баччун, нужее гІолойин нижеца гІумру цІигьабун гІуцІараб! ГІадада рижун гьечІо нижеда гьал хъахІал расал!

- Нужер хъахІал расазул хІурмат гьабизе, узухъда, нижеда тІадаб буго. Нужеца биги тІуна, гІетІги тІуна нижее гІоло. Амма нижехъан щибго жо бажаруларин, нужеца гьабуралда гІейги гьабун, гІадада чІелин цІияб гІелан ккей – нужерги мекъаб буго, - ян абуна МахІмудицаги. – Цо-цо мехалъ нужерго пикру басралъун букІин, нужерго хІаракат ссун букІин бихьизе бокьуларого, нижеца щиб абуниги, гьитІинабго бадибчІвай гьабуниги, «гьеб чІахІиязул адаб тей бугилан» ахІдола нуж. БахІараб мехалъ нужерго ракІазулъ букІараб бухІиги, хІасратги, цІи-цІиял гьунараздe, цІиял ишазде букІараб анищги кІочон тун. Чан сон барав чи, Гьудайнат, мун вукІарав ГьерекІдерил къварилъухъ вагъулеб мехалъ?

- Къого сон гургинлъичІев чи вукІана.

- Гьелеха: гьанже къого сон барав техникас, тохтурас яги инженерас цІияб жо гьабулеб бугони, гьев басриялде данде гьужумалде унев вугони, жеги гьитІинго вугоян ахІдола нуж. Нижееги бокьиларищ нижерго хІаракатги бахІараб рекІел цІаги цІикІкІарал ишазе кьезе? Нужее абуни, хІалал буго хІухьбахъиги пенсияги.

- Кьеха, - ян абуна Къасумица. – Гьеле дуцаги тIоцебе ЩайтIан кьуруялда квербай. Гьелдаса кIудияб иш дуе гьечIо, гьал нижер нухазда. Щиб лъалеб, херал нижедаса бергьараб гьеб, бахIараб дур рекIел цIедаса къезеги бегьула.

- Балаха, - ян таваккалго жаваб кьуна МахIмудица.

«Бихьилин цо гьав гьударухъанасул хIал», - ян абулеб гIадин, Гьудайнатица Къасумиде бер къинкIана. Къасумил ботIролъ абуни, къадалъ кьватIалида жаниб бусен гьабулел наял гIадин, зузудулел рукIана МахIмудил «нужее абуни хIалал буго хIухьбахъиги», - ян абурал рагIаби. «Цосинав дунги, Гьудайнатидаго хадув гъезавун, пенсиялде витIизедай гьазда ракIалда бугеб? Гьелъул бицен ккун букIун батизе буго доб нухазул отделалда? Гуребани, гьав техникас гьедин абилароан букIараб». Радалго вахъун ЩайтIан кьурулъе щвана Къасум. Гьениб сон маркIачIул бер рукIкIинегIан гьабураб жиндирго хIалтIухъ валагьана ва кьурдаса тIун рачIарал моччлол гIеркъал белалъ хъващтIун гIурулъе рехана. Мехго балелде, рахъ-рахъалда нухда ратарал ччукIалабиги ритIизарулаго, тIадвуссунги ана. ТIадеги рахъун гьумер-кIал чурулел ратана гьалбал. Гьезул квераздe лъим тIолей йигоан ШугIайнат. Щибалиго бицун, хIанчIил тIинчI гIадин, чIирчIидкн чIолейги гьечIоан гьей.

ТIаса бахъун гурдеги добехун рехун, гIицIго, толо-хIоч гьабураб керен-бетIер чурулев МахIмудги вугоан. Ясалъухъги гьесухъги хъачIго валагьана Къасум: «Намус гьечIо гурищ гьаб цIияб гIелалда; бахъун гурдегун вуго гIолохъанай ясалда цеве чIун. Гьев гьедин нич бахъун лъугьиндал, нахъе унарей ясгIаги кинай?»

- Йорта, яс, ахикье чияр цIцIе кIанцIун бугин ккколин, бачахъизе а! – абун ахIана Къасумица гьелде.

- Огь, лазат! Дуда гьаниб гьаваялъул бацIцIалъи! – ян абуна МахIмудица, гъваридго хIухьелги цIалаго.

- Гьедин гурищха гьаниса Къасум росулъе инчIев! Асде гIабдал вугилан гаргадулаан гъонолъел; бакъги ккун хвелила Къасум гьаб хьиндал расалъудаян зигардулаан гIага-божарал. Ав абуни, гьале гьаб расалъуда тIадеялдаса тIаде бахIарлъана, - ян абуна Гьудайнатица.

- Диегоги райцентралдаса гьаниб бокьила. Гьагъаб цо аххада рокъоб щиб бугеб, Къасум, дур? – абун чIилди-гъилди жанибе бакIарараб кIудияб рокъове ваккана МахIмуд.

- Гьаниб ярагьунеб бакI гьечIо, - ян абуна Къасумица. – Цоги рукъ кьуни гурони. Амма гIолохъанчиясе ракIгьей гьечIебха гьаниб.

- Шагьаралъул хьуди чIалгIун буго дида, гьадинаб гIодобе биччараб бакIалъухъ гIащикълъун вукIана дун…

Цинги, моторги хун, хIалтIуларого азбаралде рехун бугеб бульдозералда квалквадизе МахIмуд лъугьаравго, «дорегIан рильлъа» - ян ишанги гьабун, Гьудайнат ахикьехун вачана Къасумица.

- Рукъалъ гьанив чIезейищ техникасул къасд бугеб?

- Уха, - ян жаваб кьуна Гьудайнатица. Гьеcда бичIчIана Къасумил рахIат хвараблъи ва тIадеги гьеб хвезабизе лъугьана Гьудайнат. Жив пенсиялде витIунан ракIхун вугев гьесул, гьанже Къасумилги къаданир ганчIал лъезе гьира ккана. – Радал гьаб минаялъухъги ахалъухъги валагьана гьав. Жиндие гIадаб багъилаб бакI бугилан вуго абулев.

- ИяхI! – абун угьун биччана Къасумица. – Жиндие гIадаб багъилаб бакIдайха бугеб?

- Уха, гьалщинал соназ гIетIги тIун, тIадеги викIарун, чIунтун букIараб гьаб бокIон дуца гаьсие чIаго гьабун рагIула, - ян жеги-жеги хIенсана Гьудайнат. – Бищунго захIматал соназ, согIал хаселаз ясбер гIадин цIунани гьес нухал. Гьанже гъажилдаса хIалги, хIатIазулъа жанги унилан, эв нахъе щай витIизе кколеван.

- ИяхI! Дици гьаб магIишат, Гъудайнат, лъихъаниги бахъичIо, гьале гьал дирго квераз гьабуна, - ан абуна Къасумица, щаялиго жиндирго ракьул кьер чIварал, болол гIоркь ккун цIвакарал, биццатаб хъалалъул квеpазда тIадеги валагьун. Диего магIишат гьабунилан гьал нухалги чIунтизе течIо.

- ТечIилан гурищха дицаги абулеб бугеб.

- Эдин батани, сундул дагIба дидехун букIунеб?

- Кин букIаниги, мина пачалихъалъул бугелъулха, цIияв техникасе гьенив чIезе бокьани, рес щиб дуе нахъе инчIого?

- Инаро! – ян кьварун ана Къасумил гьаракь. – Гьаниб ана дир бахIарлъиги, гьаниб кьуна дица захIматги. Гьаний юкъана дица дирго Билкъисги. Дунги вукъе абе гьелдаго аскIов, гьаб гIурул рагIалда, - янги абун, вукIаралъув ахбазаналъул гъотIода гъоркь Гъудайнатги тун, гьавугьин Къасум гIоралде тIаде балагьараб гьитIинаб гохIда гьабураб хобалда аскIове ана. Хобалда сверун бекIкIараб гьецIоялъул къед гьабун букIана, къаданиб абуни, гьедигIанго чIурхIараб гьечIеб заниги букIана. Зонодаги гьасул жиндирго квераз Билкъисил цIарги, гьаюрабги хварабги соназул тарихги бикIун букIана. Гьес гьел тарихазул халгьабуна. Гьезда гьоркьоб цIараб гьитIинабго хIуччалъул 27 сон жанибе бачараб гIумру букIана. Гьел соназ босун бачIунеб чанги рохелги ва гьел рохелал чурараб пашманлъиги гьанже Къасумида цебе тIамулеб букIана.

* * *

Къойилго гьалбадерил цIун рукIунаан Къасумил рукъзал. Хасго хасало гIазул гьуралги рахъун нухал къотIарал къояз гьасие жиндиего вегизе бусенцин щолароан. Нухаздаса гIазу-цIер хъващтIулев, шоферазе кумек гьабун, гьезул машинабазул цIорорал моторал хинлъизаризе лъим бухIизабулев вукIунаан Къасум.

- Мунго цохIо вукIин талихI буго нухлулазул, гьобол вачIарабго нодо букIкIуней лъади дур йигейани, щиб гьабизе букIараб нижеца? – ян абун махсаро-хочIги гьабулаан гьез.

- Гьелъин дун жеги лъади гьечIого вугев, - абун махсароялдалъун жаваб кьолаан Къасумица.

ХIакъикъаталда абуни, росулъ йикIарай абурай ясги, бандаз гьасул ригьзал рухIун хадуб, росдал мажгиталда будунлъун вукIарав гьелъул инсуца цойгиясе кьун, гьелда ццин бахъарав Къасум цойги гьей рекIелъа кIоченаюлей гIадан дандчIвазегIанилан ялгъузго хутIана.

Ахирги лъебералда щуйилъе сон бегараб мехалъ Къасумида дандчIвана Билкъис. Гьейги эбелги цо цIадалаб сордоялъ базаралдаса лъаларо, батIияб росулъа гIагарал чагIазул берталъа лъаларо, руссун рачIунел рукIун почалъул рокъор рещтIана. Гьокочияс рачун рачIана гьел. ЦIалтараб шаликьан ралагьун рачIарал зодил ккьерал беразул чIораз, цо гIажаибаб бухIиги рехун, хIалакине гьабуна гьасул би.

Нахъисеб къоялъ радалго вахъун нухлухъ валагьизе къватIиве лъугьарав гьоболалъул чараб гурде гъутIбузда гьоркьосан гIебеде паркъун унеб бихьана. «Кие дой?» абун гьав, сихIирав чанахъан гIадин, вахчарилаго, ясалда хадув ана. Кодоб парчи бихьидал, бичIчIана дой кие уней йигеяли. Амма лъадал цIезе гIедегIичIо яс. Доле, долъ гъабудул чIор гIадаб чIурканаб черхги цIабуцIинабун, гъотIодаса гIеч тIезе квер бегьана. Амма гIеч щвечIо долъухъе. Гьебги жибго тун, гьобол, мокъокъилаб гочинги гьабун, гьаюгьинан гIурул рагIалде къокъана. Лъадаца мацI бахъун ханал гIадин цIвакизарурал ганчIазда тIадеги яхун, рицIигъотIол кар гIадин, гьалгъадизе гъалалги риччан, цIаюцIдана. Боржине хIадураб миккиян кколаан гьеб лахIзаталъ яс… Цинги гьей гьаюгьинан гIорде тIаде къулун ана.

Цинги, лъел парччиги цIун, тIаде яхъана.

Къасум гьеб параялъе доб ясалъе гIеч тIезе бокьун букIараб гъотIода тIаде вахана ва битIун гьей гъоркье щолаго, тIад хIетIеги ун, гIаркьел гьелда цебе гьетIизабуна. Яс, цин хIинкъун нахъе къана, цинги гъотIода гьавги вихьун гьимана. Гьеб гьимиялъ тIадеги нур тIураб гIадин тIегьазабуна ясалъул гьумер. Гьелда гIеч тIеянги абун бажаричIо виххун хутIарав Къасумихъа. Гьес абичIониги, тIуна гьелъ гIеч ва «баркала, нухазул мастIер» янги абун, гьебсагIат цеесан паркъун ана. Гьелда хадув воржине жиндие куркьбал ругел анищ, щущан арал рекIел хиялалги ракIаризе кIоларого, Къасум гъотIол гIаркьелазда гьоркьов эхетун хутIана. Гьаб бугин доб талихIалъул хIинчIан бухIараб хIухьлал карачел ана гьас карандасан угьун.

* * *

Гьелдаса нахъе тIокIаб гIурул хъудиялъ бачунеб аххалда Къасум кьижизавизе кIвечIо. Мех-мехалъ гъутIбузул тIанхазги, тIаде балагьун сардилъ кенчIолел цIвабзазги «баркала, нухазул мастIеран» дой Кьурухъа ясалъул рагIаби такрар гьарулел ругилан кколаан гьасда. Къасум чанцIулго щвана Кьурухъе ва чанго чи витIана Билкъис жиндие абизе. Гьелъул эмен хун вукIана. Эбелалъги гьелъие рослъун кьибилги лъикIав, лъайги тIокIав, рес-рукъги бугев вас валагьулев вукIана. Росулъ гьединав чи гьелъ хIисабалдеги восун вукIана – советалъул секретарь Мала-МухIама. Билкъисие абуни, соназ жиндасаго цIикIкIарав вукIаниги, доб къоялъ почалда вихьарав Къасум рекIее гIун вукIана. Чияхъе кьун ритIун рачIунел гьесул кучIдузги ясалъе кепаб асар гьабулеб букIана. Цо нухалъ магъилъа юссун гъой ячIинегIан росу рагIалда хъаравуллъи ккун ватарав Къасумица намусго гьелдехун гьадин абуна:

- Щибха, Билкъис, дица дица гьабилеб? Гьадин вакъван холевищ дун телев?

- Вакъвазе гъветI-ххер гурелъулха мун…

- ГъветIлъунго бокьилаан дие, дуде рагIадги гьабун нухлул рагIалда эхетизе, - ян абуна гьас, - йохъ, гурхIел батиларо дур каранда дир гIазизаб рекIеда гьадин кIал гьикъулеб.

- ГурхIел букIин бихьизабизе, дур рекIее бокьарабги гьабун почалде цадахъ ячIина гурищ дун, дур хъамизе бихьинчилъиги гIолеб гьечIелъул, - ан жаваб кьуна гьелъ таваккалго…

Гьабизеги гьедин гьабуна гьелъ. Гьудулалъул дое цIияб гурде букъизе уней йигилан эбелалдаги абун, квербацIцIалда тIад лъун жиндирго ретIел-кунгун сардилъ Къасумида цадахъ почалде ячIана гьей, рехун инсул росуги тун, росулъ жиян инагьдулев Мала-МухIамадги тун. Гьеб сордоялдаса талихIаб сордо Къасумил гIумруялъул букIинчIо. Гьев Билкъис кьижараб рукъалъул горда гъоркь эхетун чIана хъатикь ханжарги ккун, сордоялда жанив, жиндихъа гьей яхъизе вачIарав чи чIвалилан. Гьелъие гIоло хвезе щвейги талихIлъун букIана Къасумие.

Гьезул рохел гьарза гьабуна лъабго моцI иналдего Билкъисица лъимер гьабизе йигин жийан лъазабураб мехалъ.

- Гьале доб рицIцIил гъотIода гъоркь кварил киниги гьабун хьихьила дица гьев. Гьаб минаги, ахги. Гьал нухалги гьесухъе кьела дица, - ян абулаан талихIалъул цIурав Къасумица.

- Вас гурев, яс гьаюни?

- Яс гьаюниги тела нухазул матIерлъун. Гьелда хадувгIаги васги гьавиларищ дуца дие? Нилъ жеги бахIарго руго гурищ?

Гьанже почалдаса рикIкIада нухда гIемер мехалъ чIезе кIолароан гьасда; хъващтIулаго ракьгун, циндаго кьурун нахъвуссун почалдехун гIедегIулаан.

Цосинай гIурухъе лълъел цIезе уней йикIун, хъущтIун гIурул ханаздаса хIетIегун, гIодой кканадай яги гъотIоде яхунаго гъоркье реханадай, дир гIанчIай, чIезе лъаларей Билкъисан хIалакарал пикрабиги гьарун. Гьанде гьелда гьури хъваладаян хIинкъизе бачIунаан. Жиндиего гIатIидаб гурдеги гьабун, эбелалъухъеги щун, Кьурукь кIиго-лъабго къоги бан ячIинин Билкъисица цо нухалъ абидал, «унгеян» абизе кIвечIо Къасумида, гьелъулги росуги гIагарлъиги бугелъул, цо-цоники гьезухъеги щвезе йиччан тана.

- Воре цIодорго йикIа, - ян росулъе унеб машинаялда, шоферасда хьолбохъги чIезаюн Билкъисги тIойитIун, тIадвуссиндал, босун белгун ЩайтIан кьурухъе къокъана гьав. Бухъана кьуру, хъвана миччил гIурулъе – гьедин хIалтIулаго сордоги щун батун, жиндирго божараб гьудул – гьебго нухлудехун хиялазулъ ургъелги бикьулаго, нахъги вуссана. Кинавго чи гьанже машинаялда вуссунев вуго, - ян чиякъго гIадин лъугьана азбаралде. Билкъис гьечIеб мехалъ чIобоголъун бихьана мина-къайиго.

* * *

Сунде вуссун сордо инабиладаян вукIаго, цебе-хадуб бачIун райпоялъул кIиго машина чIана Къасумил минаялда цебе. Къаси гьездаса гьав вохараб куц! Амма гьалбадерие гьасулгун накъит хIажат гьечIоан, гьезие кьижизе бокьун бугоан. Радакье рахъун ЛъебелатIехун унел гьезул цоясда – ХIайбулагьида, гьарана Къасумица нахъвуссутIа Кьурукь росулъеги ун, гьениса жиндир лъади рокъое ячеян. Гьеб къоялъ, щаялиго, батIаго цIакъ урхъун лъугьана гьелъухъ. Цебесаго унеб букIинчIо лъимаде йикIиналъ чарлъи рехараб гьелъул гьумер. Щивдай гьалъ гьасие гьавила? Узухъда, вас гьавила. Гьев нухазул инженерлъунги вахъина…

Гъапуллъун вукIарав Къасум, рогьалил хъахIлъи лъалеб мехалъ рагьдухъ бугеб гIадамазул гаргаралъ ворчIизавуна. ХIинкъана гьав. – Щаялиго, «Билъкъис» абун ахIизе бачIунеб букIанал мацIалде. Рагьдехун ваккарав Кьурукьезул чанго гIолохъанчи вихьана азбаралде лъугьинеги кIоларого, гурии гьабун чIун. Дагьаб добегIан бугоан тIаде буртинаги рехараб жаназа. ГьебсагIаталда бичIчIана Къасумида чIегIераб балагь бачIараблъи. Гьелегьараб цIадул цунтур ана гьесул ургьибе рехун. ГIодов ккечIого вукIине гIоло гьас цIорораб къадада чIвана кверал. Гьаругьин рахъулаго хIатIалгун Къасум жаназаялда аскIове ана. Буртина тIаде борхизабуна. Ва гьасул, мугIрулги гIоралги гIодулеб гIадаб, гIасияб угьди бахъана.

Росулъе йосинчIого теларила ясан гIодулей эбелги мукIур гьаюн, гьаниб ахикь юкъана Къасумица Билкъис. Машинаги гъоркье рехун хварал ва лъукъ-лъукъарал анкьгоял сардилъ тIаде щвараб цойги машинаялде районалде больницаялде хъамун руго. Живго шофер – ХIайбулагьги хвалда вугин абуна. Билкъис абуни больницаялде рачаразда гьоркьой ятун гьечIо. Гьелда хадуб ахIи бахъун буго. Ва гьале машина гъоркье рехараб бакIалда нухлул рагIалда хъархъилъ ккун хун ятун йиго. ТIаде рехун чияр шалги батун буго. Гьелъул букIана ганчIида тункун бекун. ТIоцеве буртинаги борхун тIаде ваккарав гурев, тIокIав Къасумида гьелъухъ валагьизе кIвечIо. Гьав риччалъ вукIана. ГIиссинккун сородилевги вукIана…

Гьелдаса нахъе гьоболлъухъ щварал гIага-божаразда Билкъисил хабада тIад гьабураб ракьул гохIда цеве гIодовги чIун гаргадулев ватулаан гьав. Цо-цояз гIадаллъулев вугила Къасумцин абулеб букIана. «Инсанасул яхIалда къуркьизе кIолареб къварилъи гьечIилан» гIадада гуреб абулеб. Къасумилги рекIеда лъураб рухIалил ругънал бакIалда дагь-дагьккун согI лъугьунеб букIана. Гьоболлъухъ рачIараз жинди-жиндир ургъалаби чучулаан гьасдехун ва гьез цо-цо кесек ккун цадахъ босун унаан Къасумил пашманлъи. Бакъ бухIидал хIуртIа рокъун, цIадал райдал машинабазалгун гьаказул бурдуз тIасан мухъалги цIан даим мерхьунел ва, кигIан мерхьаниги, зигардичIого,

свакачIого жидерго иш тIубалел, тIасан уневщинав мурадалде вачунел нухаз жидедего цIанги, бигьа гьабуна Къасумил рекIел унти. Билкъис юкъулеб къоялъ тIокIай лъади ячинарин гьедараб гьасул рекIеда къороллъун лъабабилеб соналъ дандчIвана, росги хун, живго гIадин къварилъиялда хутIарай Сиядат. Гьудайнатица жигар бахъана гьеб кIиябго пашманаб ракI гIагар гьабизе; гьеб кIиго батIа-батIаго чвахулеб гIумру гьоркьоб кьоги лъун цоцада бухьине. КигIанго Билкъис кIоченарилан тIирун чIун вукIаниги, къоял рахъанагIан ялгъузлъиги чIалгIун, чIобогоб руссенги рихун, чIужугIаданалъул хинал кверазухъги, хIалтIудаса вуссиналде хIадурун батулеб кванихъги, къаси ворчIидал аскIоб рагIулеб хIухьлахъги урхъун лъугьарав Къасумие гIемерго хабар къваригIинчIо. КватIичIого данделъана гьел. Амма ракI хва, хоге – батIалъи букIинчIо Къасумие, данделъун къоял араб мехалъги Сиядатида рагьун абулаан гьес, мун лъикIай гIадан йигин, лъадилъунги батIияй хIажат гьечIин, амма доб тIоцебесеб рокьул асаралъ ракI жеги-харги бухIулин цо-цоян. Сиядатицаги ракьулъ йигей Билкъисилгун къец гьабулароан; хIалкIун Къасумилги жиндиргоги къварилъи къинабизе жигар бахъулаан. Узухъда, Сиядатидаги кIвелаан букIараб, гьадин хехго хвалица вахъарав тIоцевесев росасухъ гьабсагIатги угьдулеб чIоларин жиндирги ракIан жаваб кьезе. Амма щай гIадада гьанжего-гьанже кьодухъе буссунеб гIор гьалаг гьабизе? Гьединлъидал, росасул калам, кигIан хъачIаб букIаниги, тамахаб жавабги кьун, гьуинаб накъиталде бачунаан гьелъ.

Гьал данделъун лъагIелгун бащдаб араб мехалъ Сиядатица яс гьаюна. Гьелъ къинабун ана Билкъисил ургьиб, гьинал рекIеда гъоркь хутIараб лъимадухъ букIараб Къасумил гIащикълъиги. Гьеб рохел бикьизе тIоцеве гьав Билкъисил хабатIе ана.

ГьитIинго бесдаллъарай Сиядат ракьалдехун ва боцIудехун рокьуца юхьарай йикIана. Гьей ячIун моцIал рахьилалде Къасумил азбаралда гIанкIуялъ тIанчIал риччана, Сиядатица цадахъ бачун бачIараб гIачIар-гIакаялъ бечеги гьабуна. Рос нухда хIалтIизе аравго, газа-раханги босун, гьелъ минаялда нахъехун бугеб гIурукъаб ракьги гьанкIун, бахчаги гьабуна. Гьазул рагьидул хIобода даларал порол багIарал гъалал рихьидал, Гьудайнат гьимулаан:

- «ЧIужу лъикIав – лъикI вуго, чIужу квешав – квеш вугин» жаваб кьун бугоха гьидалъес, хундерил ханас халкъ кин бугебан цIехараб мехалъ. Гьанже, Къасум, дуца харж свебркассаялде буссинабизе бегьула. Квана-гьекъолеб жоялъухъ гьеб кьезе ккеларо.

Абухъего, кваналеб гуреб, гьекъолебги камун толароан Сиядатица рокъоса. Риидалил бакIалдаги бан, гьабихъги сандукIалъубги тIупун тIиги тIехги букIунаан. Цинги гьелъул гьабун хаслихълъиялдаса нахъе дунял хинлъизегIан гьекъезе Къасумиеги гьалбадериеги чIагIаги чIезабулаан.

Нахърател цIикIкIанагIан ва ретIунебги кваналебги гьарзалъанагIан, дагъав къарумлъулев вукIана Къасум.

Цindаго доба минаялъул азбаралда бахъараб кьвахх-кьваххиялъ гьасул пикру жиндего буссинабуна. «ХIалтIизабуна гурищ гьадаб «къвалиялъ» къуватаб бульдозер! ЧанцIул сверун лъугьаниги бульдозерист ГIуманида кIун букIинчIо гьелъул унти батизе. Хун бугила, басрияб, гIодобе рехиялде ккараб техника бачIунила нилъее битIун азан, квер хьвагIун гьебги тун, ана дов гьаниса нахъе. Гьале бащдаб лъагIел бана бащдаб азбарги ккун, тIад кьавуги чIван, цIадакье рехун гьадаб кIодочалъ…».

ХIакъикъаталдаги, чанцIулха Къасумица Гьудайнатида гьарараб къачIазе кIолареб батани, гьаб бульдозер, дагIагьун, нахъегIаги босеян, «Дир бетIералда тIад буго гьелъул жавабчилъи. Акт гьабизе чи вачIинегIан

цIуне гьеб», - ан лъазабуна гьесги. ВачIа-вачIарав шоферасдаги гьарулаан Къасумица, дудагIаги лъаларищ гьалъие гьабулеб дарманан. Гьелъул ургьимес батIияб бугила, жидер машинабаздасаги абун, квер хьвагIулаан, бульдозералда квалквадун заман хвезабизе бокьичIого гьезги.

Жакъа гIолохъанав техник МахIмуд майкаялда гъорлъго гьелда квалквадизе лъугьиндал, «кинабго жо жиндаго лъалевлъун хIалев вуго, хIелеко. Нухал рорцунев, мастIеразда малъарулев вукIинчIого, гьасие гьабгIаги щай? Виччанте хъахIал кверал чIегIер гьаризе», - ян ккана Къасумида доб мехалъ. Гьале гьанже бульдозералъул моторалъул ругьунаб «кьвахх-кьваххи» бахъиндал, «унго, къачIазе кIванадай?» абун гIажаиблъана гьав.

МахIмудица бульдозер азбаралда цебе-нахъе бачана, цинги моторалъул гьаракьги къотIизабун, рацIцIунаго квералгун, кабинаялъуса гъоркье кIанцIун вачIана.

- Лебалаб машина буго, Къасум-даци, гьаб. Нусго чиясул бакIалда хIалтIула хIалчIахъад, - ан абуна гьес.

- Нижецани гьаб хун бугилан бахъ-бахъун, дагIагьун базе дагьалъ хутIана, - ян абуна Къасумица. ГIолохъанав техникасул «Къасум-даци» ян адабалда гьабураб каламалъ бича-бигьинабун ана гьасул ццин. – Басрияб жо бугила, жидее хIажат гьечIилан тана бульдозеристасги.

- Цойгидал машинабазе гIадин, басралъи букIунаро, Къасум-даци, гьалъие. Нилъ херлъаниги, херлъуларо гьаб, - абун велъана МахIмуд.

ГьебсагIат хиса-басана Къасум. Гъоб циндаго бича-бигьун араб ургъел нахъойги гъугъана рекIелъе. «Гьадабги дида тункулеб каламха досул. Дир херлъи бадиб къан буго азда», - ян жиндагоги абун, инехъин вукIарав гьав лъалхъана, гулгунги босун МахIмудил кверазде лъим тIезе йортун ячIуней ШугIайнатги йихьун. «Гьалдаги аварагилан ккун вуго ав. Гьимгьимдулев куцги, кигIан хекко ругьунлъарав асде, вацасул гIадаб тIалаб-агъазалда йигин?» абун ккана Къасумида.

- Мун жеги школалде унарого щибулей, яс? – ахIун ахIдана гьав.

- Почалъул машина бачIинегIан те яс. Лъелго анцIго версталъ гьей кин гурин дое уней? – абун гьоркьой чIвана Сиядатги. Гьейги пана гьаюн йигоан гIолохъанчиясул квераз гьадигIан хехго гьаб гучаб машинаялда рухI лъураб куцалъ.

- Дуда гьикъулеб жо гьечIо, - ян лъадулги гьумер бухIана Къасумица. – Дур эбел-эмен рекIун хьвадун ратила гьал нухаздасан? – абун тIадеги жубана гьес.

* * *

Нахъисеб къоялъ нухдасан свакан вачIунев Къасумида къвалакь ккун багIарал кирпичалгун ахада рокъоса къватIиве вачIунев дандчIвана МахIмуд. Рагьде бахъун, бакI-бакIалде бан бугоан гьеб гьоралъе тараб рокъобе буссинабун букIараб херав мастIерасул басриял булдулги, гузбиги, машинадул ва гьаказул бурдулги, тIохдаса рахъарал басралъарал маххул тIамчалги.

«Жиндирго эбел-инсул минаялда гIадин вуго. Гьасда расги къобихьун данде гьарун рукIинчIо дица гьал гузбиги. Балагье рехун бугеб бакI, - ан хIисаб гьабуна хIалуцун вачIун Къасумица. – Кинго чIечIоха гьав гьаниве вахъинчIого».

- Гьалеха, эмен, диего руссун хIадурулев вуго, - ян абуна, гьасул хIал хисараб куцги бихьичIого МахIмудица.

«РагIарабищ? Сон «Къасум-даци» вукIана, жакъаялде «эмен» лъугьана

гьасие дун. Щиб гьабунги дун кверде восизе, дир ургьиве лъугьине къваригIун буго гьасие, къадалъе борохь гIадин. Жакъа ахада рокъове вахъина, метер тIадехун рокъоб кансилар лъезе кколеб бугин абила, цинги Къасумие бетIер бегьизе бакI теларо. Бокьани росулъе гоча, бокьани гьанивго чIаян, чIунтараб цо рукъги кьун, хIажат гьечIеб тIагIел гIадин яги, машинаби раккидал къадру хвараб чу гIадин, нахъей цвила Къасум. Гьеле дуе «эмен».

Къасумица бел къедехун базабун лъуна. Цинги МахIмудида гIагардегIан ана.

- Гьел кирпичал дица хIажалъун данде гьарун рукIана. Печалъур лъагIалидаса лъагIалиде хисизе ккола гьел, - ян абуна гьес.

- Дида рихьула гьал цIадуца кьватIуларел къвакIарал тайпаялъул рукIин, - абун жаваб кьуна МахIмудица.

«Гьел къвакIарал тайпаби рукIинги лъалеб буго асда. Гьанже гьаб гIелалда лъалареб жо цохIо цIикIкIарал чагIазул адаб цIуни буго».

- Щибулев валагьун чIаравали, МахIмудие кумек гьабичIогоха Къасум, - абун, босун цIилицIгун, рокъоса хьанхьра бахъизе лъугьана Сиядатги.

- Дица дирго хириял гамчIал гьансинир лъела. Инсудаги рихьизе бегьуларо гьел рокъор, - абун, хазина гIадин, кодор ккун бакI-бакIалда кьурабалъан ралагьарал багIарал, чIегIерал, гIурччинал ганчIалгун ячIун, цояб рокъовехун ШугIайнатги тIерхьана.

«Эбелги ясги тирилъун ругел куц! Гьав катIари берцинихъ урхъундай гьал рукIана? Дир каранда болъонал рухъардулел рукIин лъалеб гьечIоха гьазда? Гьаниса нахъе гочине ккараб къоялъ бичIчIилин, риччанте», - ян абун МахIмудица азбаралде бахъараб жиндирго басрияб къайи-къоно хасалоде тIурччи базе гьабураб гьитIинаб цIулал рокъобе баччизе лъугьана Къасум.

- Гьал гьакил бурдулги дуе щай, гьакалги тIагIанин, гьал нилъер нухазда машинаби гIемерлъаралдаса? – абун гьикъана МахIмудица гьасда.

- Гьазул къиркъириялъухъ урхъун рукIунаан цере росаби…

- Гьакал рачIунел росаби гIемерищ рукIарал магIарухъ?

- РукIинчIониги щиб… Гьанже гьакалги гьуризе ккела яги нуж херлъанин, хIажат гьечIин абун, хараби гIадин, рачун гьелги пенсиялде ритIизе ккела. Гурищ?

- Пенсияги гьезие хIажалъиларо, гьура-чункун цIадар лъезе ккела, гурого цIунун гьел бурдул щай? Цо-кIиго гьоко тезе бегьила щибаб росулъ музеялда лъезе нахъа, вертолеталдагун самолетазда гурони халкъ хьвадулареб мехалъ, цIияб гIелалда рихьизе, гьале гьал цIулал машинабаздаги рекIун унаанин цере умумул шагьараздe бицине, - ян жаваб кьуна МахIмудица.

- Музеялги гьечIелани, нужеца щибдай гьабилаан букIараб? Нахъаялде херал чагIи жанире кьезеги гьаризе ккела музеял. Гьезда щиб гьабилебали лъаларого ругин нуж. Цереги гьагьинирги лъун херал умумул кьурса гъоркье ралел рукIун руго лъималаз.

- Херал чагIазул къимат лъайдал, гьалги тун руго, - ян гьимана МахIмуд. – Цояс жиндирго эмен кьурса гъоркьеги рехичIого вахчун вуго, гьев чIаго ватани ханас живго чIвалев вукIиналдеги вачIинчIого. Гьебги Гьидалъ лъугьанила хьван тIехьалда. Гьидерицаги хундерицаги Хучадисезул хан къезавураб мехалъ, ханасул давла ва ракь гьоркьоб бикьулеб букIун буго. ГIолохъабаз цого цо вугев херав чиясда гьикъун буго щибдай гьабилаян. Гьес гьидерил гIолохъабазе гIакълу кьун буго, боцIи нилъеего те, ракь жидеего босеян абе хундерида. Щай бугони, ракь нилъеда аскIоб буго, хунз рикIкIада руго, гьеб ракь хIалтIизабизе гьел гьанире рачIинаро. РачIаниги нахъе гьезеги бигьа букIина… Гьаб гIакълуялъул гIакъиллъи бихьидал, хундерица

херав чиясул батилин гьебан абун буго… Гьелдаса нахъе магIарухъ хараби гъоркье рехун гьечIо. Гьанже абуни, гьел гьабун хIурматгун, кьун пенсиягун, хIалхьуда руго.

- ХIалхьи! Пенсияги кьун, бокьулеб хIалтIудаса нахъеги гъун, рокъоре ритIана мехалъ хIалхьиялда ритIанилан реццардула цо-цоял. ТIокIалъ хIажат гьечIев, херав чи вугин мунилан абиялдаса кIудияб балагь гьесие букIинебали хIисабцин гьабуларо.

- Кинавго чиясда гуроха, Къасум-даци, гьеб балагьилан кколеб: чангиял заманго щвелалде херлъиялъул справкаби ралагьулел рукIуна. Унтизеги унтичIониги, унтун ругилан зигардула, пенсия щвезе хьулалъ.

«Гьебни битIараб буго, - ян ккана Къасумида. – Гьасда берцинго гьарани, мун гIолохъанчиги вугин, дуе бокьараб бакIалда хъулухъги рукъзалги щвелин, гьанисан нахъе аян – щибдай ккела?» - ан хIисаб гьабуна гьакил бурдулги дорегIан раччулаго. Ва гьебсагIатго тана гьеб пикру. «Дудаго гьаниб бугеб гьаваялъул цIакълъи», - ян рицIил гьотIол гIаркьалида кверялги ран, турникалда гIадин, гьунарал гьаризе лъугьана МахIмуд. «Йохъ, гьаниса нахъе ине ракIалда гьечIо гьасда. Гьав гIолохъанчиясда хIалги лъазабун, хIелиларо дун, - абун, хIалтIиги рехун тун, гIурул рагIалдехун валагьун ана Къасум. Гьенив, жиндирго ругьунаб бакIалда, гIурул ханида гIодов чIана. рахъун аскIор хьиталги лъун, махIаби цIорораб лъадалъе риччана. Гьелъ свакги бахъулаан, махIабазул цIуниги къотIизабулаан. Гьелъул карачелаздехун каранда хьухь лъурал ургъелалги рикьун, гьале гьадин минутаз, сагIтаз хиялалда вукIунаан Къасум. ГIурул гьаракьалъ, гьаб чIечIого чвахун унеб лъадаца бахъулаан гьесул рекIелъа бакIаб асарги.

«Гьаб гIурулго гIадаб къотIулареб чвахи букIунебани чиясул гIумруялъулги! Гьай, гIумруя: балагьараб бер къанцилалде къалъудаса ун батана мун, гьабан абун гьабураб жоги гьечIого», - ян нахъехун тIерхьарал соназул хIисабаздеги валаан цо-цо.

Жакъаги гьединго гIурул рагIалда кIусун, ракIалдещвеязда вугев Къасумида, кIичIараб сверудасан баккун бачIунеб гьитIинаб машина бихьана. ГьебсагIат лъана гьасда гьеб райкомалъул тIоцевесев секретарь ХIайбулагьил машина букIин. Анкьица цеве ун вукIана дов МахIачхъалаялде. ТIадвуссутIа рещтIинила нухазул бицине, гьанже гIедегIун вугилан, нухдаго къо-лъикI гьабун букIана Къасумиеги. Гьале гьанже гьеседа дандчIвазе гIоло гIедегIун хьитал ретIана гьас. Цинги гьав тIаде щвелалде щиб, кинали нухазул хIакъикъат МахIмудида цIехолев ватана.

- ЛъикI гьечIо нухазул иш, - ян рагIула МахIмудги, расги нечечIого. – Чаралъараца рачIарал ганчIалги жанир чIун, ЧIанда кIкIалахъан машинабазе кидаго квалквал буго. Гьениб кьо лъезе ккола – Палил бакълъазул ахадасанги иххал рахъунел руго. Гьел гъоркьан ине кIамурабиги сверизе лъикIан.

- Добеяли гIатIидаб нух гьабуна Гьудайнатица, - ян абуна ХIайбулагьица.

- Нух гIатIид гьабун буго, амма цIадал хIалаканщинахъе иххал рахъунел рукIин хIисабалде босун гьечIо. Кьерхарал къояз гьел къачIазе цохIо мастIерасул къуват гIезе гьечIо. Цинги ЩайтIан кьуругиха…

- Щиб, мунги хIинкъизе гьавунищ долъ? – абун гьикъана ХIайбулагьица.

- ХIинкъизе гIадаб кIодочго букIун гьечIо доб: кIиго анкьие хIалтIи буго; кьвагьдохъаби ругони, кIиго анкьие хIалтIи буго, - абун, жиндирго гIолиласдехун гIадин гара-чIварулев вуго гIолохъанчи райкомалъул секретарьгун. ХIайбулагьги, гьеб гьедин букIине кколеб гIадин, расги ракIги хвечIого кIалъалев вуго гьевгун.

- ЦIакъ вуго дудасан гьеб рагIизе. Квербайха ЩайтIан кьуруялда, бихьилин чан анкь дуца долда тIад балищали, - ян гьимана гьев.

- Дица абуна гурищ; кIиго анкь! Къуру хъвалхъун босун нахъе босизе кIола.

- Гъа-гъа-гъа! РагIулищ, Къасум, цIияв техникасул кутак! Носоца хIан гIадин, бигьаго къотIана къуру вачIун вахъиналде гIолохъанчияс, - абун херав мастIерасдехун вуссана райкомалъул секретарь.

Гьел рагIабалъги, тамаша, гьав техникасдаса бугеб разилъи букIанин ккола. Мун жеги лъимер вугин, дуда лъалебги, дуда кIолебги жо щиб букIунеб, цIикIкIараз малъарабги гьабун, гьал нухазда хьваде цин, цинги квербай ЩайтIан кьуруялдаян щай гъос абичIеб?

- КIалалъ бокьараб бицунаха, - ян жаваб кьуна Къасумица, сабурго вукIине жигарги бахъулаго. «КидалгIаги кибего бер щвезабун нухазул хIал гьаб хIелеко-техникас гьадигIан мухIканго лъазабураб?»

Сон вачIана, гьале жакъаялде жиб-жиб сверелалъул, жиб-жиб кесекалъул камилаб хIисаб кьолев вуго райкомасе. Кьолеб куцги бихьуларищ; я хIели гуро, я хIинкъи гуро, битIахъе бадивеги валагьун кьвагьун биччалеб буго ракIалде ккараб жо, - ян жахIдаги ккараб гьасул техникасдехун.

- Дица ХIайбулагьил хIурмат цIунулаан, гьесдаги ургъел чIвазабун щаян, бащдабги къварилъи бицунароан, «кинабго лъикI бугиланги» бицун берцинго тIовитIулаан ва тIадежоялъе, гьес дида гурони, дица гьесда нухазда гьабизе кколеб жоги малъулароан. МахIмудин абуни райкомасда малъарулев вуго; кьо лъезе кколила, ЩайтIан кьуру кьвагьизе кколила! КIиго анкьидеяли киса гурин, кIиго лъагIалидеги кIвелареб залим къуркьизабизе…

- РагIабаздаса, абухъего, ишалде рачIине мех щун буго, - ян Къасумил каламалда дандеги МахIмуд вахъулев, - ЩайтIан кьуру сабаблъун моцIида жаниб, гьоркьохъеб хIисабалда, нусго сагIаталъ чIун хутIулеб буго щибаб гьаб нухдасан унеб машина? Чан машина эбги? Гьелъул бугеб зарал хIисабалде босани, битIахъегояб такъсир буго гьанжелъизегIанги кьуру кьвагьичIого тей. Гьелда тIад унеб харжин абуни, кIиго моцIалъ гьелъ кьолеб заралалдаса тIокIлъизе гьечIо. ГIицIго кьвагьдохъабиги, херги, кIиго бульдозерги – гьеле хIажатаб жо.

- ТIалаб гьабеха, гьалмагъ техник. – Гьелъие гурищ нухазул управление бугеб, - ан абуна ХIайбулагьица гьадабго хIеренлъиялда.

- Дица тIалаб гьабураб гIоларо, дуцаги ахIе, ХIайбула Мансурович, Министерзабазул советалде. Биччанте гъобасанги абизе нижер начальникасда.

- ЛъикI буго, - ян ине къачIана ХIайбулагь, - мун рукъалъги гьанивгойищ парахалъулев вугев? Гьеб лъикI буго. Вехь гIияда аскIов вукIине ккола… Цойги щиб дуе хIажатаб бугеб? – абун нахъойги МахIмудидехун вуссана гьев.

- Чара гьечIого телефон къваригIун буго гьаниб, дудеги цогидаздеги дирго хIажат бицун кIалъазе. Дица почалъул начальникасухъ заявка тана. Амма гьев гIедегIунев тайпаялъул чи гьечIоан. Дир абуни гIедегIараб иш гIемер букIана.

- ЛъикI буго, дица кIалъай гьабила досда. Къо-лъикI. Дуца къварид гьавугеха, Къасум, - ан гьесулги босана квер.

«… Дицаяли къварид гьавилароан, дун къварид гьавизехъин гьечIони, - ян ХIайбулагьидаги ракI хварав гIадин лъугьана Къасум. – Щиб жо техникас абуниги, «лъикI буго» - ян къабул гьавулев вуго. Цо къвакIараб рагIи абизе ккеларищ гьагъав гIурччинав, гIатIгояв гIолохъанчиясда, гьодин нич бахъун лъугьунев! Мун, хIалчIахъад, хIелеко гIадин вукIунге, гьаб нухда гIумру арав, гIемерго дудасаги кIудияв Къасумилгун дандбай щибаб жо, гьесул хIалбихьи босе хIажаталъуб батизе. Адабги гьабе гьесулан… Уха, досда

бадивеги валагьун гьебги добги хIажатаб бугилан лъазабулев ав! Телефонги къваригIун рагIула? Гьалщинал соназ дица абичIо гьеб лъеян, гьале вачIун вахъинелде секретарь райкомасде гIарз бахъулев. Гьелдаса хадубги щиб-щиб жодай гьасие къваригIина?..»

* * *

Нахъисеб къоялъ, вачIун монтергун, чIван азбаралъул тIарада хIубигун, МахIмудил рокъобе телефон бачана. «Гьабни цIакъ бигьаго гьабулеб иш буго. Гьаниб аскIосан районалде цIарал телалъул кварал рукIаниги, гьелда диеги телефон рекIинабеян абизе кIвечIо дида, - ян нахъойги ракIунтун хIисаб гьабуна Къасумица. – Хехаб къваригIел ккарабго, дун анцIго версталъул манзилалъ райцентралде лъазабизе лъелго унаан, гIемерисеб мехалъ. Гьав хIелекоясин абуни, хIажат телефоналъ тIубазехъин буго гьанже».

ХIакъикъаталдаги, районалде щиб, управлениялде щиб ахIдолев, семулев, гьардолев – гьоркьоса чIараб сагIат гьечIого телефоналда рекIун вукIунаан нухаздаги сверун вуссун хадув МахIмуд. Нухаздеги гьев хьолбода расаги бугеб жиндирго мотоциклетги рекIун унаан. Гьесда цадахъ рекIун хьвадизе инкар гьабурав Къасум, къад нухдаса цо-цо рокъове щвезе вачIунаан, щиб гьабулевдай техник вугевали халкквезе гIоло. Техникас абуни, тIалаб гьабулареб жого букIинчIо, къед гьабизе цементги, нухде базе чабахги ва гьеб баччизе машинабиги. Телефоналъул кваразгIаги киндай гьеб гьаракь хIехьолаян кколаан Къасумида.

* * *

МахIмуд вачIиналде анкьица цере Камалудинасул эбел ячIана гьазухъе; Сиядатгун щурщудана ва яхъун унелъул ШугIайнатил столалда тIад гIурччинаб квербацIцIги лъуна. Кьурукьезул гIадаталда рекъон, васасул эбелалъ абизе йокьарай ясалъул рокъобе шал щвезабулаан! Ихдал абулей йигони гIурччинаб, риидал – хъахIилаб, хаслихъе – тIогьилаб, хасалоян абуни – гIазугIан хъахIаб. Ясалъул гIагарлъиялъе гьеб суал дандбазе моцIгIанасеб мех кьолаан ва, гьел рази ругони. ТIад чIван абун бачIараб шалгун яс лълъел гIеретIги цIун васасул бакIалде ине кколаан. Гьеб мехалъ байбихьулаан абиялъул цогидал тадбиразде – абуралъе кьолел сайгъатал, бертаде гьабулеб хIадурлъи ва цогидабги. Гьанжеги гьеб гIадат кьурукьез хвезе тун гьечIо. Амма гьениб шалазул бакIалда косынкаби, ай квербацIцI кьола, гьелъулго квегIенлъи букIиналъ ва гьанжесел ясазе шалаздасаги гьел рокьулел рукIиналъ…

Гьале ШугIайнатиеги бачIана гIурччинаб квербацIцI. Гьеб бихьидал цIорон хутIана Къасум. «Гьале инехьин йиго цохIо йигей яс. Нижго хутIила гьанже почихъ. Гьале гьадин чидае гIезарулел жал рукIун руго ясал. Вас вукIаравани, гьес дир рокъое ячун ячIинаан бахIарай. Цойги чияс бечелъилаан дир мина. Яс абуни, вачIун цо къоялъ чияр чигун, ячун инехьин йиго. ГIадада гьарулеб букIун гьечIо магIарулаз кьибил кIодо гьабизе вас гьавегиян», - абун кьогIаб пикру гьабуна гьас ва кидалдай Сиядатица жиндиехун гьелъул бицен гьабила абун халккун вукIана. Узухьда, цин гьелъ гьеб ясалъулгун дандбала. Гьанже тIоцебесеб рагIи гьезухъан бугелъул; жидеего бокьичIев чиясул бакIалде хваниги унаро гьел квербацIцIги чIван. Цере гьезда унев чиясул вокьи-вокьунгутIи цIехолароан, инсуца рагIи кьуралъуре кьолаан. ШугIайнатица Камалудинасе ине инкар кквеларин ккола: квербацIцI бачIараб къоялъ гIурухъе лъадае унаго ахIулеб кечIалъго бицунеб букIана гьелъул ракI рази букIин. Амма МахIмуд вачIараб мехалъ хиса-басичIейищха гьей? Сонги Камалудинасул кагъат бачIиндал цIализе

ахикье йортун ана ва гьенисан гьурмада гьимиги бахчун ячIана. ГьебсагIат МахIмудиде шахматал хIазе вачIадила, къоларев ватаниян махсараби гьаризеги лъугьана. КIийиде бан бугилан ккола гьанже гьелъул ракI. Ахирги Камалудинасул квербацIцI нахъе рехичIониха гьелъ. Рехани, батIаго щибха гьабилеб, МахIмудги гIелаан Къасумие дурцлъун. Гьединисан иш ккани, Къасумица малъилаан гIолохъанав техникасда жиндирго бахIараб жанги лъайги хIалтIизабизе кколеб куц! Гьеб мехалъ гьаб почихъа нахъе инеги ккелароан; ясги дурцги жиндаго аскIорги хутIилаан рукIарал.

Гьеб букIана ахириял къояз Къасумилъ лъугьараб хиса-баси. ТIадехун баян гьабухъего, гьеб жиндиегоги тIубан тIатана жакъа ракIалдаго гьечIого МахIмуд мотоциклалдаги рекIун шагьаралдехун валагьун араб мехалъ. «Гьедин лъикI дие! Досие кумек гьабизе кколеб бакIалда, квалквал гьабуна; дов ццидаханагIан вохана, жеги бищунго рихараб ЩайтIан кьуруялъецин кьварун чIа досда дандеян тIагъур бахъана. Гьа, гьанже досул бакIалда кинав техник вачIинев ва кинаб хасият гьесул букIинебали щиб лъалеб? Дун додин къварилъахьдизе, дида рагьун пенсиялде ине ккелилан абичIогури дос? Ине бокьани, жиндица кумек гьабила, Къасум-дациян, абун гурони. Пенсиялде аниги, рукъзабахъа нахъе ине ккеялъулги цIар бахъичIо. Гьаб ругьунаб бакI тезе захIмат букIинила, Къасум-даци, дуе ва гьалдаса гьава лъикIаб бакI батиларила дудаянцин абуна. – Дун инадаян хIинкъун вукIун ватизеги бегьула дов ШугIайнатилги рекIелъ восун вугоан дов…».

Гьанже Къасумие МахIмудил цересел квешлъаби лъикIлъабазде сверулел рукIана. Гьедин букIуна аскIорги ругьунлъун рукъалъул гIадамал ратIалъулеб яги унтун гьел больницаялде рачун унеб мехалъ. Гьединго ккана Къасумиеги. Рокъове гIагарлъанагIан МахIмуд тIурун иналъул гIайиб гьас жиндего гIунтIизабулеб букIана: «АскIов гIодовги чIун цогIаги нухалъ ракI-ракIалъ накъитцин гьабичIо дица досулгун; дурги рокъов щив вугев, щиб дуе хIажат бугебан? Гьаб дирго гIадалаб ццидаца кинабго хвезабуна, -ян хиялги гьабулаго, хехдарилаго лъугьана гьав азбаралде ва циндаго вохана рицIил гьотIодехун базабун МахIмудил мотоциклет бихьараб мехалъ. – ДодигIан гьасулалда релълъараб лъилгIагидайха доб мотоцикл букIараб?»

ГьебсагIат телефоналъ кIалъалев МахIмудил гьаракьги рагIун гьавугьин Къасум гьотIода гьоркь лъураб бакIида гIодов чIана. ЦIакъ хIеренго гаргалев рагIула жакъа, лъидагIаги гьав кIалъалев вугев?

МахIмудица абуни, рагьараб горда нахъаги чIун ахIулеб бугоан: «Гьаниб бугеб алжанаб бакI дуда щибха, хирияй, лъалеб? Динара, дида битIун бице, кида, хирияй, гьаниве ячIуней?.. ЧIалгIун холей ятани, сунцаха мун ккун йигей…

«Динара! Дудаго цIаралъулги цIекIлъи! Щий гьайго гьадигIан гIемер гьас «хирияйго хирияй» абун ахIулей Динараго? – абун нахъойги рахIат хвана Къасумил, МахIмудида букIараб ццинги, жахIдаги гьанжеги цIидасан багъарана рекIелъ. – БитIарабги букIун буго ГьудайнатIил калам, хъизанги бачун миркалъго гьаниве вахъунев вугила гIолохъанав техникан абураб. Хъизанин абидал, дица эбелги кIодоги ятилин тун букIана, гьасул лъади йикIунеб жойилан ракIалдего ккечIо. Лъадул гьасги бицен гьабулебго рагIичIо, бацIцIун эбелалъул цIар рехсолев, кIодол бицунев вукIунаан. Хъизанги бугев чидайха ав ШугIайнатида сверун лъугьун вукIарав? Вай гIабдал дун, гIадамазда божулев хекко. Гьав хъурумсахъил дурц гьавизе гьесардулев вукIана. Бода сурилаан гурищ, МахIачхъалаялда хъизанги бугев гьас махсародеги ккун, дир яс ячун йикIарайани!» - абун хатIилан тIаде вахъана Къасум.

- Сиядат! Ва Сиядат! – абунги ахIдолаго, жиндирго рокъове кIанцIун ана гьев.

- Вуя! ЩибчIо лъугьараб жо, Къасум? – абун гьикъана гьелъ йихха-хочун, гьалараб щарида тIаса бахъун бачIунеб нисул цIураб хинкIбахъги кодоб кковухъе яхъун чIунги хутIун.

- Щибха букIунеб, гьадае хъурумсахъас телефоналъ ахIулеб жо рагIизе яхъа. Динараго Динараян доя МахIачхъалаялда йигей бахIаралъе хIелхIелев вуго, гьаниве жинда аскIое ячIадила абун.

- Гьебгия щиб рагIичIо, Къасум¸ дидаяли цо балагь бачIун батилин кканин? Жиндирго абурай ясалда гьев кIалъанилан, гъоркьедайха нилъ кIанцIилел? ГIажаибав чи вуго мун, чияр хъизан дуе щай?

- Дун гуро гIажаибав чи, мун йиго гIабдал! Досул абурайги йикIин лъалаго, щайха дуца яс довгун гогьдаризе толей? «Эбелан», дос абураб мехалъ, ращалъараб моцI гIадин роцIун унаанин дур гьумер. Дурцлъун гьавизехъин ватилин дуца дован вукIанин дун…

- Хекко вуцIцIа, Къасум, гIадалал жал рицинчIого. Яцалдехун гIадин гIаданлъигун нилъер ясалда кIалъалев чиясда гьеб бугьтан лъолебдай?

- Яц йикIунаро цохIо эбелалъе яги цохIо инсуе гьаричIел лъимал! Гьеб лъала гурищ дуда? Доле чияр мотоциклалда рекIиналде щвана ирга. Щибиландай гIадамаз абуна, гьел цадахъ унел рихьидал?

- Мотоциклалда рекIунилан ясалъе расги лъугьинаро, Къасум. Гьелъ нилъер намус басра гьабиларо, МахIмудидаги гьединаб къадараб пикру киданиги ракIалде ккеларо. Гьев ярагьунев вас вуго.

- Ярагьунев вас! Гьединал гьоцIо кIалаз гурищ цIа гъолеб, Сиядат? Цересан гьуинго ругелгIан гIасиял ратула гьел гIолохъаби. «Эменилан» вуго угъраш дида. Дов гьаниве вачIараб къо бухIагиха!

- Дуца дурго рекIее гIадада гIазаб кьоге. ЛъикIал гIадамазулъги квешлъи балагьичIого, квешазулъцин лъикIаб рахъ хъирщизе ккола.

- Хъиршизе ккола? ГIанкIу ватила дун хъирщадизе? Дида гьадингоги вихьула вачIуневги вачIунаревги чи! Чухьаби рокьуларо дие! Кий йигей яс?

- Къулараб гIусихъе ана алмаз балагьизе! ХIай, мун лъугьун вугев чи ахираб заманалда!

- Алмаз гIадаб магIу кIанцIизабила дица долъул бадиса! ТIокIай къаларо дой мугIруздеги гIурулъеги! – ян, ахIдолаго, рагьде кIанцIун ана Къасум. ГьабсагIат Сиядатидаги букIана гьесул ццин. Унго, хIайванмахIлъи дир лъадул! Дунгияли гIакъил вукIун гьечIо, вачIинахъего чIолеб бакI бихьизабичIо дица МахIмудида, цо гъасда кванан, цо тохикь вегун, рукъалъул чи гIадин тана… Вахъун райком ХIайбулагьихъе ина гIарзалъ, цойгидаб участкаялде витIе гьав чалухан гьаризе; гьанив кватIизегIан тани, Гьудайнатица абухъе, гьаб минаялдасаги гочине ккола дун. Уха, херлъараб къоялъ асухъе кьезе букIун батила бакъул унтуцаги соролаго, хьуцIцIалги ракъвазарун гьаб расалъуда дица ах гьабураб, гьаб мина-къайги къачIараб? Бугебдай гIолохъанав техникасул дихъан гьаб бахъизе ихтияр? Динараги авги теларищха дица анир ахикь свердулел, гIурулъ чвердолел – Алжаналда. Эбги бихьаги, эбго рагIагиян гурищ дун вукIарав», - абун расги лъачIого Билкъисил хабаде цеве щун ватана Къасумида живго. Гьелдехун ургъел бикьизе бокьарав гIадин, гIодовеги къулун, хабада цебе лъураб цIвакараб тIалуялда тIад чIана.

*(Хадусеб букIине буго)*


РЕСПУБЛИКАНСКИЙ ФЕСТИВАЛЬ „МОРЕ МУДРОСТИ"



Индекс годовой - 63333
Индекс полугодовой - 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

